

M ap li nèt ale

2^e A.F.

Gid Mèt la Dezyèm Ane Fondamantal Tòm 3



Kreyòl

Leson 88 a 135

M ap li nèt ale

Gid Mèt la, 2^è A.F.

2018

Kreyòl

M ap li nèt ale

Dezyèm Ane Fondamantal (2^e A.F.)

Gid Mèt la

Tòm III

Leson 88 a 135



2018

Materyèl pou eksperimantasyon



Prezantasyon

Paj prezantasyon sa a se pou tout pwofesè ak lòt moun ki pral sèvi ak materyèl : « **M ap li nèt ale** » yo.

Metòd « **M ap li nèt ale** » a fonksyone ak twa materyèl : **Gid mèt la, liv elèv la ak kaye egzèsis elèv la**. Materyèl sa yo fèt nan lide pou ede ak fasilite pwofesè yo nan ansèyman ak aprantisaj kreyòl la ki se lang tout ayisyen. Aprè plizyè remak ak kòmantè ki te fèt sou metòd « **M ap li nèt ale** » lekòl yo t ap itilize nan ane anvan yo, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), atravè Inite Devlopman Konpetans Lektè Ekriti ak Matematik (IDKLEM), deside pote kèk chanjman enpòtan nan **leson ki nan gid mèt la**.

Chanjman ki fèt nan gid mèt la pral rann pwofesè yo pi efikas nan ansèyman lang kreyòl la. Sa ap pèmèt elèv yo aprann pi byen tou. Nan revizyon ki fèt yo, nou fè anpil efò pou nou konsidere tout remak pwofesè yo, direktè yo ak tout lòt aktè k ap itilize materyèl yo, yon fason pou nou amelyore kalite yo.

Modifikasyon ki fèt nan gid mèt la, konsène : **estrikti aktivite ki nan leson yo, konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj yo, epi kantite tan pou pwofesè a fè leson yo**.

Tan leson an

Pou chak leson ki genyen nan gid la, nou endike ki kantite tan yon pwofesè dwe pran lè l ap fè aktivite yo. Sa ap pèmèt pwofesè a adapte leson yo selon klas li gen devan li a epi respekte orè ak objektif li gen pou l suiv yo. Nan chanjman ki fèt yo, kèk fwa, pwofesè a gen plis posibilite pou li chwazi aktivite li plis bezwen nan leson li ap travay ak elèv yo. Gen plis aktivite ekriti nou ajoute nan leson yo, yon fason pou devlope konpetans elèv yo nan ekriti.

Estrikti leson an

Chak leson yo gen plizyè aktivite ladan yo, tankou :

1- Mizantren

2- Kominikasyon oral

3- Konsyans fonemik (aprann son lèt)

4- Konsyans fonetik (lèt , silab, mo ak fraz)

5- Konprann istwa (vokabilè, fè ak verifye prediksyon, li, koute epi reponn kesyon sou istwa)

6- Ekriti ak pwodiksyon (lèt, mo fraz ak tèks) sou tablo ak nan kaye egzèsis

7- Evalyasyon ak yon blòk aktivite pratik oubyen ekriti ki nan fen plizyè leson.

Sa pèmèt yon pi bon pwogresyon nan leson yo. Sa pèmèt tou elèv yo patisipe plis nan travay k ap fèt nan klas la. Sa fè aktivite yo vin plis santre sou elèv yo. Pou fasilite koreksyon egzèsis yo, nou bay plis posibilite pou elèv yo pale, poze kesyon, bay opinyon yo sou travay lòt elèv anvan pwofesè a fè entèvansyon pa li. Sa fasilite elèv yo dekouvri pi vit ak pi fasil erè yo fè nan yon egzèsis, epi korije yo ansanm. Pou nou fini, nou ajoute kèk repons posib ki ap sèvi kòm modèl pou pwofesè a ede elèv yo lè y ap reponn yon kesyon. Sa ede elèv yo fòme bon fraz lè y ap reponn kesyon epi bay repons ki pi konplèks menm jan ak modèl repons posib yo.

Konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj

Gen chanjman ki fèt nan konsiy ikòn bouch ak nyaj yo. Nou bay anpil priyorite ak konsiy ikòn bouch yo, epi nou diminye konsiy ikòn nyaj ki repete anpil yo pou pwofesè yo pa twouble. Chanjman ki fèt nan konsiy yo vin pi senp, pi klè, pi fasil pou elèv yo konprann ak aplike.

Fason pou pwofesè fè tèl oubyen evalye elèv yo

Li enpòtan pou pwofesè yo konnen kijan pou yo evalye elèv yo. Nan fason sa a, nou pwopoze kijan pou evalyasyon an fèt. Pou evalye elèv yo, pwofesè a ap suiv modèl sa a : chwazi kèk lèt, silab, mo ak fraz pou fè chak elèv li; bay elèv yo dikte lèt, silab, mo ak fraz nan kaye yo ; chwazi youn oubyen plizyè istwa nan liv la pou elèv yo li pou kont yo, epi poze yo kesyon sou istwa sa yo. Pwofesè a ka li yon istwa pou elèv yo koute, epi reponn kesyon sou li; oswa fè elèv yo ekri pwòp istwa yo sou yon imaj yo dekri. Apre sa, Pwofesè a ka fè yo ekri sa yo panse sou yon sijè.

Kantite tan pou pwofesè a pran nan leson yo

Pou nou fasilite elèv yo aprann pi byen, **nou bay posibilite pou pwofesè a fè leson yo an 2 pati pandan jounen an.** Pwofesè a ka fè yon premye pati anvan rekreyasyon, epi fè dezyèm pati a aprè rekreyasyon. Pou sa rive posib, nou ajoute yon aktivite revèy pou separe 2 pati yo.

- **Premye pati a ap soti nan mizantren an pou l rive nan aktivite ki anvan revèy la.**
- **Dezyèm pati a ap kòmanse nan aktivite revèy la pou l rive nan fen leson an.**

Tablo leson

MYDOKAFIK

Paj

6	Leson 88
12	Leson 89
18	Leson 90
25	Leson 91
31	Leson 92 Revizyon
37	Leson 93
43	Leson 94
49	Leson 95
55	Leson 96
61	Leson 97 Revizyon
66	Leson 98
72	Leson 99
79	Leson 100
85	Leson 101
91	Leson 102 Revizyon
96	Leson 103
102	Leson 104
108	Leson 105
114	Leson 106
120	Leson 107 Revizyon
125	Leson 108
131	Leson 109
137	Leson 110
143	Leson 111
149	Leson 112 Revizyon

Paj

154	Leson 113
160	Leson 114
166	Leson 115
173	Leson 116
179	Leson 117 Revizyon
184	Leson 118
190	Leson 119
196	Leson 120
203	Leson 121
209	Leson 122 Revizyon
214	Leson 123
220	Leson 124
226	Leson 125
232	Leson 126
238	Leson 127 Revizyon
243	Leson 128
249	Leson 129
255	Leson 130
261	Leson 131
267	Leson 132 Revizyon
272	Leson 133 Revizyon
278	Leson 134 Revizyon
284	Leson 135 Revizyon

Leson 88

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòmè fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:

Liv lekti, leson 88, paj 198 - 199
Kaye egzèsis, leson 88, paj 167 - 168
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Konsiy pou pwofesè a respekte nan dewoulman leson yo


- Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo:
 - Mande elèv yo leve men yo pou pran lapawòl.
 - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
 - Ankouraje elèv yo fè fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
 - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
 - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
 - Ankouraje, felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
 - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesèsè.
 - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis byen kòm modèl lè w ap fè koreksyon yo.
 - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou yo fòmè oubyen li yon silab ak yon mo.
 - Fè elèv yo idantifye imaj ki nan paj liv lekti a pou yo ka jwenn paj la pi vit.
 - Lektè 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans.

Premye pati leson an (39 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)

Leson 88

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.


1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

M ap li nèk ale - 2 AF 187

1. Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)


- Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 167. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.
- Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 167. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.
- Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.
- Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa. Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Ki jan timoun yo ye? Ki bò yo ye? Kisa ki rive timoun yo? Ki jan yo santi yo? Kisa ki pase apre?

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

- Nan maten – 2 elèv lekòl – Yo abiye ak inifòm, valiz yo sou do yo, bwat yo nan men yo – Yo sou wout lekòl la – Yon gwo chen vin bare yo – Yo pè. Kè yo ap kase – Youn nan elèv yo bay chen an yon moso pate. Pandan chen an ap manje, yo kouri pou yo rive lekòl la.

 **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:


Yon maten, de (2) elèv prale lekòl. Pandan yo sou wout la, yon gwo chen vin bare yo. Yo pè. Kè yo ap kase. Youn nan elèv yo bay chen an yon moso pate. Pandan chen an ap manje, yo kouri pou yo rive lekòl la ak kè kontan.

 Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

 **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 198.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 198 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 10 elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv la toujou gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a. Fè l li chak silab yo, apre sa fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 198.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**


 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Leson 88



▲ timoun - paran - Emil - Katya - mache - samdi - maten - rivyè - mayi - grangou - anpil - moman - Alina - zanmi - ansanm

🍌 bouyi - kite - mete - dwe - manje - pataje - vini - santi - remèsye

👤 Emil mete mayi yo sou dife, yo kòmanse bouyi. Katya etone epi li di : "Emil, ba yo chak yon mayi".


198 Map li nè ale 2 A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit



Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 167 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 167 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo : kòmanse, manje, mayi, remèsye, bouyi.**

☁ Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

☁ Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (40 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pataje ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « pataje »?

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Pataje vle di: Separe sa ou genyen oubyen sa ou konnen ak yon lòt moun.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « pataje » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « pataje » nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☛ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « pataje » a ?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « pataje » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☛ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 198. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☛ Ki bò timoun yo ye ? Kisa nou wè nan kuizin nan ? Ak ki koulè kuizin pentire ? Kisa ki sou recho a ? Konbyen timoun ki nan kuizin nan ? Ki koulè rad ki sou timoun yo ?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui mo dapre desen

Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.

☛ Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 167 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? **Kòmanse !**

Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

☛ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre imaj la ?

Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mòdèl elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.

☛ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò ?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)


☛ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☛ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

Leson 88



timoun - poran - Emil - Katya - mache - samdi - meten - rivyè - mayi - grangou - anpil - moman - Alina - zanmi - ansanm

bouyi - kite - mete - dwe - manje - pataje - vini - santi - remèsye

Emil mete mayi yo sou dife, yo kòmanse bouyi.
Katya etone epi li di : "Emil, ba yo chak yon mayi".

198 M ap li nèt ale - 2 A.F.

Leson 88

Rakonte istwa dapre imaj



• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè tandan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tandé yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

M ap li nèt ale - 2 A.F. 167

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa (10 mn)


 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 199 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

De (2) timoun saj

Samdi maten, paran Emil ak Katya ale nan mache bò rivyè a. Yo kite mayi pou yo bouyi. Emil mete mayi yo sou dife, yo kòmanse bouyi. Apre yon ti moman, Eli ak Alina vin jwe ak Emil. Mayi yo santi bon. Zanmi yo di: "Ban nou kèk mayi pou nou manje. Nou grangou anpil".

Katya etone epi li di: "Emil, ba yo chak yon mayi. Paske fòk nou manje epi nou dwe kite pou paran nou". Konsa, Emil pataje kèk mayi ak zanmi li yo. Yo manje ansanm epi yo kite pou paran yo. Lè paran yo vini, yo manje, mayi yo te byen gou. Yo remèsye timoun yo. Timoun yo kontan pou souri yo wè nan vizaj paran yo.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki bò manman ak papa Katya te ale ?
3. Kisa yo te kite pou timoun yo fè ?
4. Ki moun ki te vin jwe ak timoun yo ?
5. Kisa yo te mande Emil ? Poukisa ?
6. Poukisa Katya te etone ?
7. Èske paran timoun yo te jwenn nan mayi a ? Poukisa ?
8. Èske Katya ak Emil se timoun saj ? Poukisa ?
9. Èske ou t ap fè menm jan ak Katya ? Poukisa ?

Leson 88


W ap li mèt ale 2 A.F. 199

De (2) Timoun Saj


Samdi maten, paran Emil ak Katya ale nan mache bò rivyè a. Yo kite mayi pou yo bouyi. Emil mete mayi yo sou dife, yo kòmanse bouyi. Apre yon ti moman, Eli ak Alina vin jwe ak Emil. Mayi yo santi bon. Zanmi yo di: "Ban nou kèk mayi pou nou manje. Nou grangou anpil".

Katya etone epi li di: "Emil, ba yo chak yon mayi. Paske fòk nou manje epi nou dwe kite pou paran nou". Konsa, Emil pataje kèk mayi ak zanmi li yo. Yo manje ansanm epi yo kite pou paran yo. Lè paran yo vini, yo manje, mayi yo te byen gou. Yo remèsye timoun yo. Timoun yo kontan pou souri yo wè nan vizaj paran yo.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a?
2. Ki bò manman ak papa Katya te ale?
3. Kisa yo te kite pou timoun yo fè?
4. Ki moun ki te vin jwe ak timoun yo?
5. Kisa yo te mande Emil? Poukisa?
6. Poukisa Katya te etone?
7. Èske paran timoun yo te jwenn nan mayi a? Poukisa?
8. Èske Katya ak Emil se timoun saj? Poukisa?
9. Èske ou t ap fè menm jan ak Katya? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (4 mn)

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki tit istwa a?


2-Ki bò manman ak papa Katya te ale?

3-Kisa yo te mande Emil? Poukisa?


Leson 88

108 Kaye egzèsis


Egzèsis # 3

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 168 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 168 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.

 Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan lesan an, bay sans li epi eple mo a.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 89

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 89, paj 200 - 201
- Kaye egzèsis, leson 89, paj 169 - 170
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Mwen pral lekòl ak kè kontan.
M ap etidye leson m ak fè devwa m.
M ap rete lekòl pou m ede peyi m.
Lekòl se lavni tout timoun.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 200.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 200 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 200.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 169 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Samson ak Sam se de pechè pwason.
- Yon jou, yo ale peche byen bonè nan lanmè.

Leson 89



▲ pechè - pwason - bonè - lanmè - filè - anpil - kontan - bokit - mache - zanmi - fanmi - Samson

🍌 peche - rive - voye - rale - louvri - triye - mete - lage - manje - vann - sale - antann

🍌 Yon jou, yo ale peche byen bonè nan lanmè. Samson ak Sam se de (2) bon zanmi ki antann yo byen.


200 M ap li nètt ale 2 A.F.

Leson 89

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



M ap li nètt ale - 2 AF 169

☁ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (39 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « filè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « filè » ?**

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Filè se materyèl ki fèt ak fisèl, bwa ak plon pou peche pwason.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « filè » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « filè » nan kaye bouyon li.**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « filè » a ?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « filè » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 200. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki bò kannòt la ye ? Kisa nou wè nan kannòt la ? Kisa ki nan men pechè yo ? Ki jan pechè yo abiye ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa nou wè nan imaj la ankò ?**

Leson 89



▲ pechè - pwason - bonè - lanmè - filè - anpil - kontan - bokit - mache - zanmi - fanmi - Samson

🍷 peche - rive - voye - rale - louvri - triye - mete - lage - manje - vann - sale - antann

👤 Yon jou, yo ale peche byen bonè nan lanmè. Samson ak Sam se de (2) bon zanmi ki antann yo byen.

200 Map li mèl ale 2 A.F.

- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.

- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 169 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?

- ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.

- ☞ Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

- ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa


- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 201 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.



De (2) pechè pwason


Samson ak Sam se de (2) pechè pwason. Yon jou, yo ale peche byen bonè nan lanmè. Lè yo rive, yo voye filè a. Apre yon ti tan, yo rale filè a. Yo pran anpil bèl pwason. Pechè yo kontan anpil! Jou sa a te bon pou yo.

Dabò, yo louvri filè a. Ansuit, yo triye tout gwo pwason yo mete nan bokit. Apre sa, yo lage tipiti yo nan lanmè. Alafen, yo vann dis (10) pwason pou de san (200) goud nan mache a.

Chak zanmi yo manje twa (3) pwason ak fanmi yo. Yo sale twa (3) lòt pou yo vann. Samson ak Sam se de (2) bon zanmi ki antann yo byen.

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Kisa Samson ak Sam renmen fè?
3. Poukisa pechè yo te kontan?
4. Kisa pechè yo te fè ak pwason yo: dabò, ansuit, apre sa, epi alafen?
5. Kisa ki fè ou wè pechè yo se de (2) bon zanmi?

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


De (2) pechè pwason

Samson ak Sam se de (2) pechè pwason. Yon jou, yo ale peche byen bonè nan lanmè. Lè yo rive, yo voye filè a. Apre yon ti tan, yo rale filè a. Yo pran anpil bèl pwason. Pechè yo kontan anpil! Jou sa a te bon pou yo.


Dabò, yo louvri filè a. Ansuit, yo triye tout gwo pwason yo mete nan bokit. Apre sa, yo lage tipiti yo nan lanmè. Alafen, yo vann dis (10) pwason pou de san (200) goud nan mache a.

Chak zanmi yo manje twa (3) pwason ak fanmi yo. Yo sale twa (3) lòt pou yo vann. Samson ak Sam se de (2) bon zanmi ki antann yo byen.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (5 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a?
 2. Kisa Samson ak Sam renmen fè?
 3. Poukisa pechè yo te kontan?
 4. Kisa pechè yo te fè ak pwason yo: dabò, ansuit, apre sa, epi alafen?
 5. Kisa ki fè ou wè pechè yo se de (2) bon zanmi?


Aktivite 4 Pwodiksyon (7 mn)

Leson 89

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekrì nan liv lekli a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



M ap li nèt ale - 2 AF 168

Leson 89

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki tit istwa a?

2- Kisa Samson ak Sam renmen fè?

3- Poukisa pechè yo te kontan?

170 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (4 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 169 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 169 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?**
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.*

Egzèsis # 4 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 170 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 170 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 90

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòmè fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 90, paj 202 - 203
- Kaye egzèsis, leson 90, paj 171 - 172
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)




Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

Pwezi (6 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Lekti

Lekti fè n vwayaje
Menm si n pa deplase.
Fòk timoun aprann li
Pou nou bati lavni.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**
 -  *Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 202.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 202 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 202.

☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)


Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 171 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 171 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis #1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: pwofite, savann, makout, milèt, kouri.

Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?

Lesson 90



▲ kous - cheval - milèt - savann - samdi - maten - tètman - rapid - anè - kòman - dimanch - makout - wèch - dèyè - konplo

🍌 pale - kouri - mande - genyen - konstwi - leve - reflechi - pote - kòmanse - pwofite - kite - reponn

🐎 Cheval ak milèt ap pale nan yon savann yon samdi maten.
Milèt pwofite kite cheval dèyè pou li genyen.

202 M ap li mèl ale 2 A.F.

Lesson 90

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.


2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki kote cheval ak milèt t ap pale?

2- Kiyès ki genyen premye kous la?


3- Kisa cheval te fè lè li fin genyen kous la?

M ap li mèl ale - 2 A.F. 171

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.






Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)




 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « konstwi ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « konstwi » ?**
 -  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
- ☞ **Konstwi vle di : Bati yon objè tankou kay.**
 -  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « konstwi » nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « konstwi » nan kaye bouyon li.**
 -  Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « konstwi » a ?**
 -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « konstwi » a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (6 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.**
 -  Ekri 2 mo yo sou tablo a : konstwi – bati.
- ☞ **Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : konstwi ak bati, epi n ap di sa nou panse sou yo.**
 -  Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo konstwi ak mo bati. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : konstwi ak bati ?**
 -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :
- ☞ **Mo konstwi vle di : bati yon objè tankou kay.**
Mo bati vle di : konstwi yon objè tankou kay.

Sa vle di mo konstwi ak mo bati genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.

Egzanp :

Jak konstwi yon bèl kay pou manman l nan katye a.

Jak bati yon bèl kay pou manman l nan katye a.

Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.


☞ **Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la.**

Aprè sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande chak elèv ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : Konstwi ak bati.

☞ **Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « Konstwi » epi « Bati » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a ?**

Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Aprè sa, mande tout klas la pou li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesesè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

Leson 90



kous - cheval - milèt - savann - samdi - maten - tèlman - rapid - anè - kòman - dimanch - makout - wòch - dèyè - konplo
 pale - kouri - mande - genyen - konstwi - leve - reflechi - pote - kòmanse - pwofite - kite - reponn
 Cheval ak milèt ap pale nan yon savann yon samdi maten.
 Milèt pwofite kite cheval dèyè pou li genyen.

202 M ap li nèt ale 2 A.F.

3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 202. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifie si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki bò cheval la ak milèt la ye ? Ki koulè cheval la ye ? Ki koulè milèt la ye ? Kisa nou wè nan savann nan ? Kòman savann nan ye ? Kiyès nou wè devan nan wout la ?**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifie prediksyon (8 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 203 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

Kous cheval ak milèt

Cheval ak milèt ap pale nan yon savann yon samdi maten. Cheval di li konn kouri anpil. Milèt mande l fè yon kous. Lè kous la fini, cheval afòs li rapid. Li genyen. Li leve de (2) pye devan l yo anè tèlman li kontan. Milèt vin ap reflechi kòman pou li genyen cheval.


Nan dimanch maten, milèt mande l fè yon lòt kous. Milèt di : "Nan kous sa a nou chak ap pote yon makout wòch". Kous la vin kòmanse. Cheval pa ka kouri rapid. Milèt pwofite kite cheval dèyè pou li genyen. Cheval di : "Se yon konplo". Milèt reponn : "Nou chak fò yon kote".

Kesyon

1. Ki kote cheval ak milèt t ap pale ?
2. Ki jou yo t ap pale a ?
3. Kisa yo te vle fè ?
4. Kiyès ki genyen premye kous la ?
5. Kisa cheval te fè lè l fin genyen kous la ?
6. Ki jou lòt kous la te fèt ?
7. Kisa milèt te fè ?
8. Èske milèt te gen yon bon plan ? Poukisa ?

Leson 90

M ap li nèt ale 2 A.F. 203


 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Kous cheval ak milèt


Cheval ak milèt ap pale nan yon savann yon samdi maten. Cheval di li konn kouri anpil. Milèt mande l fè yon kous. Lè kous la fini, cheval afòs li rapid, li genyen. Li leve de (2) pye devan l yo anlè tèlman li kontan. Milèt vin ap reflechi kòman pou li genyen cheval.

Nan dimanch maten, milèt mande l fè yon lòt kous. Milèt di : «Nan kous sa a nou chak ap pote yon makout wòch». Kous la vin kòmanse. Cheval pa ka kouri rapid. Milèt pwofite kite cheval dèyè pou li genyen. Cheval di : «Se yon konplo». Milèt reponn : «Nou chak fò yon kote».

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki kote cheval ak milèt t ap pale ?
 2. Ki jou yo t ap pale a ?
 3. Kisa yo te vle fè ?
 4. Kiyès ki genyen premye kous la ?
 5. Kisa cheval te fè lè l fin genyen kous la ?
 6. Ki jou lòt kous la te fèt ?
 7. Kisa milèt te fè ?
 8. Èske milèt te gen yon bon plan ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 90

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki kote cheval ak milèt t ap pale?

2- Kiyès ki genyen premye kous la?

3- Kisa cheval te fè lè l fin genyen kous la?

M ap li nèl ale - 2 AF 171

Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 171 pou fè egzèsis # 2 a Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 171 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

3- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

remèsye - konstwi - mango

1) Jak **bati** yon bèl kay sou mòn nan.

2) Jak yon bèl kay sou mòn nan.



Leson 89

172 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 172 pou fè egzèsis # 3 a.*
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 172 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la) Nou konprann? Kòmanse!**
 - Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa li chwazi.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la? Poukisa se mo sa ou chwazi?**
 - Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Mande elèv ki fè erè yo fè koreksyon nan kaye yo. Felisite, ankouraje tout elèv yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 91

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 91, paj 204 - 205
- Kaye egzèsis, leson 91, paj 173 - 174
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pale sou enpòtans fè manje.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans fè manje. N ap di manje nou konn fè. Ak ki sa nou konn fè manje? Èske nou renmen fè manje? Poukisa? Èske li enpòtan pou moun fè manje? Poukisa?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

Leson 91







wanganngs - zwazo - galeri - lakay - Ayiti - maten
- koulè - vèt - mawon - anpil - malen - fasil -
poutèt - peyi

kouri - rele - gade - rive - renmen - vole - manje -
kite - kenbe - jwenn - pwoteje


Yon madi maten, Emil chita sou galeri lakay li a.
Li wè yon zwazo nan yon fi nan lakou a.

204 M ap li nè ale 2 A.F.

1. Lekt mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 204.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 204 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 91



▲ wanganègès - zwazo - galeri - lakay - Ayiti - maten
 - koulè - vèt - mawon - anpil - maten - fasil -
 poutèt - peyi
● kouri - rele - gade - rive - renmen - vale - manje -
 kite - kenbe - jwenn - pwoteje
● Yon madi maten, Emil chito sou galeri lakay li a.
 Li wè yon zwazo nan yon flè nan lakou a.

204 Man li nèt ale 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekti

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 204.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1(dikte fraz) (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 173 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
- ☞ **Men fraz yo:**
 - Zwazo sa a, moun renmen l anpil.
 - An nou pwoteje tout zwazo nan peyi Ayiti.
- ☁ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri a. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)


- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (41 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « malen ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « malen »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Malen vle di: Difisil pou kenbe, difisil pou pran nan pyèj.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « Malen » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « malen » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « malen » an?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « malen » an. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 91



▲ wanganègès - zwazo - galeri - lakay - Ayiti - maten - koulè - vèt - mawon - anpil - malen - fasil - poutèt - peyi
 ● kouri - rele - gade - rive - renmen - vole - manje - kite - kenbe - jwenn - pwoteje
 ☹️ Yon madi maten, Emil chita sou galeri lakay li a. Li wè yon zwazo nan yon flè nan lakou a.

204 M ap li nèk ale - 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 204. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè nan desen an? Kisa nou wè ti fi a ak ti gason an ap fè? Kisa nou wè zwazo a ap fè? Kisa nou wè nan lakou a? Ki jan ti fi a ak ti gason an abiye? Ki koulè rad ki sou yo?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo. t

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen


- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 173 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre imaj la?

Leson 91


1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.


3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen sa yo. Yon fraz pou chak desen.



M ap li nèk ale - 2 A.F. 173


 *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòmè yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifiye prediksyon (8 mn)

Li istwa


 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 205 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou yo li istwa a. Pase verifiye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2, fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Wanganègès

Yon madi maten, Emil chita sou galeri lakay li a. Li wè yon zwazo nan yon flè nan lakou a. Li kouri al rele Katya vin gade. Lè Katya rive, li sezi, li di: «Waw! Se yon wanganègès». Zwazo a gen yon koulè vèt ak mawon nan tèt li. Li piti anpil. Li bat zèl li vit. Wanganègès renmen bat lòt zwazo. Li toujou ap fè bak lè l ap vole. Zèl wanganègès la bat pi vit lè li ap manje nan flè. Se yon zwazo ki malen anpil. Li pa kite moun kenbe l fasil. Wanganègès renmen flè anpil paske se nan yo li jwenn manje. Zwazo sa a, moun renmen l anpil. An nou pwoteje tout zwazo nan peyi Ayiti.

Kesyon

1. Ki jou istwa a pase ?
2. Ki kote Emil te wè zwazo a ?
3. Kiyès Emil te kouri al rele ?
4. Kòman zwazo a rele ?
5. Kòman wanganègès la ye ?
6. Kisa wanganègès la renmen ? Poukisa ?
7. Kisa wanganègès fè, lòt zwazo pa ka fè ?
8. Èske nou renmen zwazo ? Poukisa ?


M ap li nèt ale 2 A.F.

205


Wanganègès

Yon madi maten, Emil chita sou galeri lakay li a. Li wè yon zwazo nan yon flè nan lakou a. Li kouri al rele Katya vin gade. Lè Katya rive, li sezi, li di: «Waw! Se yon wanganègès». Zwazo a gen yon koulè vèt ak mawon nan tèt li. Li piti anpil. Li bat zèl li vit. Wanganègès renmen bat lòt zwazo. Li toujou ap fè bak lè l ap vole. Zèl wanganègès la bat pi vit lè li ap manje nan flè. Se yon zwazo ki malen anpil. Li pa kite moun kenbe l fasil. Wanganègès renmen flè anpil paske se nan yo li jwenn manje. Zwazo sa a, moun renmen l anpil. An nou pwoteje tout zwazo nan peyi Ayiti.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki jou istwa a pase?
 2. Ki kote Emil te wè zwazo a?
 3. Kiyès Emil te kouri al rele?
 4. Kòman zwazo a rele?
 5. Kòman wanganègès la ye?
 6. Kisa wanganègès la renmen? Poukisa?
 7. Kisa wanganègès fè, lòt zwazo pa ka fè?
 8. Èske nou renmen zwazo? Poukisa?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 91

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen sa yo. Yon fraz pou chak desen.



Leson 91

M ap li nèk ale - 2 AF 173

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 173 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 173 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen sa yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann? Kòmanse!

Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.*

4-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou istwa a pase?





2-Kòman wanganègès la ye?

3-Kisa wanganègès la renmen? Poukisa?



Leson 91

174 Kaye egzèsis

Egzèsis # 4 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 174 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 174 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 92 Revizyon

Objektif:

- Aprann tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 92, paj 206 - 207
- Kaye egzèsis, leson 92, paj 175 - 176
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)




1. Devinèt (3 mn)

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
-  **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se dlo sale
Mwen genyen anpil pwason.
Mwen se wout pou bato pase.
Tout rivyè desann nan mwen.
Kisa mwen ye? (Repons : lanmè)


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
-  **Bravo! Nou te byen travay!**

2. Rapèl (3mn)


-  *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson anvan an ak pwòp mo pa yo.*
-  **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li nan leson anvan an pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (12 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 206.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 206 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka san pale, 2 pa 2 epi 1 pa 1 epi ansanm nan liv lekti yo nan paj 206 la.


 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 206 la pou nou ka li fraz ki nan liy zaboka san pale.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo san pale.

 **Kounye a, nou pral li menm liy zaboka a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn (1) pa youn (1).**

 Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo pou touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, suiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an

Tranzisyon (1 mn)



 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.



Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (40 mn)



1. Vokabilè (4 mn)

Revizyon mo vokabilè



-  Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo?**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 206. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
-  Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Ki kote mesye a ak ti gason an ye? Ki bò bisiklèt la ye? Ki kote ti gason an kanpe? Ki jan bisiklèt la ye? Ki jan mesye a abiye? Ki jan ti gason an abiye? Ak ki koulè yo pentire salon an? Ki koulè bisiklèt la ye?**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
-  Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)


Li istwa (8 mn)

-  Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
 - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 207 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**
-  Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Leson 92 Revizyon



▲ bisiklèt - Emil - sipriz - lavil - pedal - koulè - gidon - wouj - mwayèn - kanè - kontan

● vle - achte - sere - rele - gade - souri - reponn - pwomèt

● Twazyèm trimès rive, papa Emil vle fè l yon sipriz. Li al achte yon bèl bisiklèt lavil la.

206 M ap li mèl ak 2 A.F.

Bisiklèt Emil lan

Twazyèm trimès rive, papa Emil vle fè l yon sipriz. Li al achte yon bèl bisiklèt lavil la. Pedal yo wouj. Gidon an gen koulè ble. Papa Emil sere bisiklèt la nan kay la. Li rele Emil. Li di: "Emil mwon gen yon gwo sipriz pou ou". Emil gade papa l, li di: "Kisa li ye Papi?" Papa Emil souri. Li di: "M ap ba ou li si ou fè mwayèn uit (8)". Emil reponn: "Oke Papi". Lè yo bay kanè, papa Emil kontan. Li di Emil: "Bravo! Men sipriz la". Lè Emil gade li wè yon bèl bisiklèt. Li di: "Wawww! Mesi Papi". Depi lè sa a, Emil pwomèt l ap toujou fè bèl mwayèn.

Kesyon



1. Ki tit istwa a?
2. Ki jou istwa sa a pase?
3. Kisa papa Emil te achte pou li?
4. Kòman bisiklèt la te ye?
5. Kisa papa Emil mande li fè pou li genyen bisiklèt la?
6. Kòman papa Emil te santi l lè Emil te pran kanè a?
7. Kisa li te bay Emil?
8. Èske Emil te kontan? Poukisa?
9. Kisa Emil te pwomèt papa l? Poukisa?

M ap li mèl ak 2 A.F. 207



Bisiklèt Emil lan

Twazyèm trimès rive, papa Emil vle fè l yon sipriz. Li al achte yon bèl bisiklèt lavil la. Pedal yo wouj. Gidon an gen koulè ble. Papa Emil sere bisiklèt la nan kay la. Li rele Emil. Li di: «Emil mwen gen yon gwo sipriz pou ou». Emil gade papa l, li di: «Kisa li ye Papi?» Papa Emil souri. Li di: «M ap ba ou li si ou fè mwayèn uit (8)». Emil reponn: «Oke Papi». Lè yo bay kanè, papa Emil kontan. Li di Emil: «Bravo! Men sipriz la». Lè Emil gade li wè yon bèl bisiklèt. Li di: «Wawww! Mèsi Papi». Depi lè sa a, Emil pwomèt l ap toujou fè bèl mwayèn.


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.



Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa:
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la?**
-  Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.


Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
-  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki jou istwa sa a pase?
 3. Kisa papa Emil te achte pou li?
 4. Kòman bisiklèt la te ye?
 5. Kisa papa Emil mande li fè pou li genyen bisiklèt la?
 6. Kòman papa Emil te santi lè Emil te pran kanè a?
 7. Kisa li te bay Emil?
 8. Èske Emil te kontan? Poukisa?
 9. Kisa Emil te pwomèt papa l? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (8 mn)


Leson 92 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Pandan chen an ap manje, elèv yo kouri.

Chen an bare elèv yo sou wout pandan yo pral lekòl.





Elèv yo prale lekòl nan matèn.



Leson 92

M ap li mèt ale - 2 AF 175

Egzèsis # 1 (4 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 175 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 175 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a) Nou konprann? Kòmanse!
 -  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
 - ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy epi gade si yo fè egzèsis la byen.
 - ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la?
 -  Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki tit istwa a?



2- Kisa papa Emil te achte pou li?

3- Kòman bisiklèt la te ye?


Leson 92

176 Kaye egzèsis


Egzèsis # 2 (4 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 176 pou fè egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 176 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.
 -  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 93

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:


Liv lekti, leson 93, paj 177 - 178
Kaye egzèsis, leson 93, paj 208 - 209
Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)

Leson 93

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki gen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

Ni ep li nèk ale - 2 AF 177

1. Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)

- ☞ Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 177. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.
- ☞ Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 177. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.
- ☞ Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa.
Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Ki bò yo prale? Sou ki sa moun yo prale nan mache a? Ki jan nou wè bourik la? Ki jan bourik la santi l? Kisa bourik la fè? Kisa manman an ak pitit la fè? Kisa bourik la fè apre sa? Kisa moun yo fè apre sa?
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

- Yon maten - Yon manman ak pitit li - Yo prale nan mache - Sou yon bourik - Bourik la gen anpil chay sou do l - li fatige - li kouche nan wout la, li pa vle ale.
- Manman an ak pitit la manyen tèt bourik la. Yo desann bourik la epi yo retire nan chay ki sou do l yo.
- Bourik la leve - Moun yo pote enpe nan chay yo epi yo kontinye nan wout la a pye.

- ☞ Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:

Yon maten, yon manman ak pitit li prale nan mache sou yon bourik. Bourik la gen anpil chay sou do l, li fatige. Li kouche nan wout la, li pa vle ale. Manman an ak pitit la manyen tèt bourik la. Yo desann epi yo

retire nan chay ki sou do l yo. Bourik la leve. Moun yo pote enpe nan chay yo. Epi yo kontinye wout la a pye.

Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede li, oubyen ede li ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

☺ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 208.

☺ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 208 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☺ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 208.

☺ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**


Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)


Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 177 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☺ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 177 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri yo sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen**



Leson 93

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki gen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

M ap li mèl ale - 2 AF 177

pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse. Men mo yo : ranmase, ansuit, lakay, manje, keyi.

Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la ?**

Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (33 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (28 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « gòl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « gòl » ?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Gòl se yon materyèl long ke yo itilize pou keyi yon fwi sou yon pyebwa ki wo.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « gòl » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « gòl » nan kaye bouyon li.**


Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « gòl » la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « gòl » la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 93



Andre - mango - lakou - lakay - dous - maten - zanmi - dabò - ansuit - Fara - alafen - ansanm - kontan

manje - keyi - ranmase - lave - chita - kouri - gade - tonbe - ale

Lè yo fin manje, Andre bay chak zanmi mango pou lakay yo.
Timoun yo ale lakay yo ak kè kontan.

208 M ap li nèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 208. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Ki kote nou wè pye mango a? Kisa nou wè sou pye mango a? Kisa nou wè nan men ti gason ki bò pyebwa a? Kisa nou wè chak timoun yo ap fè? Kisa nou wè nan lakou a?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodi mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodi mo dapre desen

- ☞ Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri li nan paj 177 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple 3 mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
 - ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.


3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 209 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye

Leson 93

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki gen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

M ap li nèl ale - 2 A.F. 177

Bèl pye mango kòn


Andre gen yon bèl pye mango kòn nan lakou lakay li. Mango yo bèl, yo dous epi yo gen bon fil. Chak maten, zanmi Andre yo vin manje mango nan lakou a. Dabò, Jak pran yon gòl pou li keyi mango yo. Ansuit, Pyè ak Fara ranmase mango yo, epi yo lave yo. Apre sa, yo lave men yo. Alafen, yo chita ansanm pou yo manje. Fara kouri pran yon mango. Li fè yon bèl kout dan epi li di: "Mmmm! Mango a dous". Tout zanmi yo gade li epi yo tonbe ri. Lè yo fin manje, Andre bay chak zanmi mango pou lakay yo. Timoun yo ale lakay yo ak kè kontan.

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Ki bèl pye mango a ye?
3. Pou kiyès pye mango a ye?
4. Kòman mango yo ye?
5. Chak kilè zanmi Andre yo vin manje mango nan lakou a?
6. Kisa zanmi yo te fè anvan yo te manje mango yo ansanm?
7. Kisa Andre bay chak zanmi li yo, lè yo fini manje?
8. Poukisa timoun yo kontan?
9. Èske Andre janti?

M ap li nèl ale 2 A.F. 209


elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Bèl Pye Mango Kòn

Andre gen yon bèl pye mango kòn nan lakou lakay li. Mango yo bèl, yo dous epi yo gen bon fil. Chak maten, zanmi Andre yo vin manje mango nan lakou a. Dabò, Jak pran yon gòl pou li keyi mango yo. Ansuit, Pyè ak Fara ranmase mango yo, epi yo lave yo. Apre sa, yo lave men yo. Alafen, yo chita ansanm pou yo manje. Fara kouri pran yon mango. Li fè yon bèl kout dan epi li di: «Mmmm! Mango a dous». Tout zanmi yo gade li epi yo tonbe ri. Lè yo fin manje, Andre bay chak zanmi mango pou lakay yo. Timoun yo ale lakay yo ak kè kontan.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a?
2. Ki bèl pye mango a ye?
3. Pou kiyès pye mango a ye?
4. Kòman mango yo ye?
5. Chak kilè zanmi Andre yo vin manje mango nan lakou a?
6. Kisa zanmi yo te fè anvan yo te manje mango yo ansanm?
7. Kisa Andre bay chak zanmi li yo, lè yo fini manje?
8. Poukisa timoun yo kontan?
9. Èske Andre janti?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki bò pye mango a ye?





2-Kòmman mango yo ye?

3-Chak kilè zanmi Andre yo vin manje mango nan lakou a?



Leson 93

178 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 178 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 178 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmmanse.**
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 94

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 94, paj 179 - 180
- Kaye egzèsis, leson 94, paj 210 - 211
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kontin (3 mn)





-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Ala yon bèl bagay se lasante !




Toupatou y ap chèche.

Fò n toujou fè pwòpte

Pou n ka viv an sante.


-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)


-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
-  **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 210.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 210 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 210.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 179 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Yon dimanch maten, Ana leve byen bonè.
- Li al wè grann li nan vilaj la.

Leson 94



▲ Ana - grann - dimanch - maten - bonè - vilaj - dlo - machwè - sèch - anndan - pwòp - kontan - toujou

👉 leve - rive - anvayi - kouri - anbrase - reflechi - netwaye - lave - mete - renmen - ede

👉 Grann nan kontan, li di : "Mèsi pitiit mwen".
Ana di : "Mwen renmen w, m ap toujou ede w".


210 Map 8 nèt ale 2 A.F.

Leson 94

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



M ap li nèt ale - 2 AF 179

Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « mèb ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « mèb » ?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Mèb vle di: Founiti ki nan yon kay tankou tab, chèz, salon, kabann.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « mèb » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « mèb » nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « mèb » la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « mèb » la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)


Deskripsyon desen (3 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 210. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki bò nou wè grann nan chita ? Ki koulè rad ti fi a mete ? Kisa nou wè ti fi a ap fè ? Ki koulè rad Grann lan mete ? Kisa nou wè Grann lan ap fè ?**

Leson 94





▲ Ana - grann - dimanch - maten - bonè - vilaj - dlo - machwè - sèch - anndan - pwèp - kontan - toujou

💡 leve - rive - anvayi - kouri - anbrase - reflechi - netwaye - lave - mete - renmen - ede

👂 Grann nan kontan, li di : "Mési pitit mwen". Ana di : "Mwen renmen w, m ap toujou ede w".

210 Map li mèt ale 2 A.F.



☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

- ☁ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 179 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.
- ☁ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la 2 fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
- ☁ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- ☁ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)


Li istwa (8 mn)

- ☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 211 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
- ☁ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Ana ak Grann li

Yon dimanch maten, Ana leve byen bonè. Li al wè grann li nan vilaj la. Lè Ana rive, li di : «Oooo ! Gade kòman tout kay nan vilaj la anvayi ak dlo». Ana kouri al wè kote grann li ye. Lè li rive, li wè grann li men nan machwè. Epi l ap reflechi. Ana anbrase Grann, li di : «Grann, ki sa n ap fè ?» Grann nan gade li epi li di : «N ap netwaye». Ana lave mèb yo ak grann li. Apre sa yo lave kay la. Yo mete mèb yo sèch nan lakou a. Anndan kay la vin byen pwòp. Grann nan kontan, li di : «Mèsi pitit mwen». Ana di : «Mwen renmen w, m ap toujou ede w».

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*


5. Reponn kesyon (8 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*


- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kiyès Ana te al wè ?
 3. Ki jou Ana te al wè grann li ?
 4. Ki kote Ana te al wè grann li ?
 5. Poukisa grann Ana te chita men nan machwè ?
 6. Kisa Ana te ede grann li fè ?
 7. Poukisa grann Ana te kontan apre sa ?
 8. Èske Ana renmen grann li ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 179 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.


- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis ouvri l nan paj 179 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann? Kòmanse!**

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?**


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

Leson 94

1- Ekri fraz nou tandye yo sou liy ki anba yo.


2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.




M ap li nèt ale - 2 AF 179


Egzèsis # 4 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 180 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 180 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki jou Ana te al wè grann li ?

2- Ki kote Ana te al wè grann li ?

3- Kisa Ana te ede Grann li fè ?

180 Kaye egzèsis

Leson 95

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòmè fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 95, paj 212 - 213
- Kaye egzèsis, leson 95, paj 181
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)







Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi (6 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, chwazi kèk elèv pou repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a.*
-  **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*


Lekti

Lekti fè n vwayaje
Menm si n pa deplase.
Fòk timoun aprann li
Pou nou bati lavni.


-  **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou repete pwezi a pou kont yo byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral idantifye silab ki fini chak fraz.**
 -  *Fè elèv yo idantifye silab ki fini premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.*
-  **Kounye a, nou pral fòmè yon fraz ki tèmine ak menm son ak fraz ki nan pwezi a.**
 -  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou pwodui 4 fraz ki fini menm jan ak fraz ki nan pwezi a. Ekri fraz yo youn apre lòt sou tablo a apre sa fè elèv yo li yo.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 212.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 212 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 212.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**


 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 181 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 181 an. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo : travèse, peyizan, bravo, rakonte, konbit.**

 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li**

Leson 95



konbit - premye - jaden - tèlman - grenn - mayi - twou - peyizan - gason - janti - lakay - bravo - pitit

vizite - tande - travay - renmen - travèse - plante - pwoche - fouye - mete - souri - rakonte

Yon premye me, Emil al vizite jaden papa li a. Pandan li nan jaden an, li tande : "Travay ! N ap travay, oooo !"

212 Map li nèt ale 2 A.F.

Leson 95

1-Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2-Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

desann - kòve - plante

1) Gen yon bèl konbit k ap fèt nan jaden Pòl la.

2) Gen yon bèl _____ k ap fèt nan jaden Pòl la.

Leson 95

Map li nèt ale - 2 AF 181

sot ekri yo pou klas la ?

- ☞ Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « konbit ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « konbit » ?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Konbit vle di : Lè moun reyini ansanm pou fè yon travay.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « konbit » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « konbit » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « konbit » la ?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « konbit » la.
Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (6 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.
 - ☞ Ekri 2 mo yo sou tablo a: konbit – kòve.
- ☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo: konbit ak kòve, epi n ap di sa nou panse sou yo.
 - ☞ Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo konbit ak mo kòve. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo: konbit ak kòve ?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo:

Mo Konbit vle di : Lè yon gwoup moun reyini ansanm pou fè yon travay.
Mo kòve vle di : Lè yon gwoup moun reyini ansanm pou fè yon travay.
Sa vle di mo konbit ak mo kòve genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.


Egzanp :

Pyè al patisipe nan konbit bò lakay li.

Pyè al patisipe nan kòve bò lakay li.

- ☞ *Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la.**
 - ☞ *Aprè sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande chak elèv ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : konbit ak kòve*
- ☞ **Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « Konbit » epi « Kòve » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a ?**
 - ☞ *Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Aprè sa, mande tout klas la pou li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.*

Leson 95



konbit - premye - jaden - tèlman - grenn - mayi - twou - peyizan - gason - janti - lakay - bravo - pittit

vizite - tandè - travay - renmen - travèse - plante - pwòche - fouye - mete - souri - rakonte

Yon premye me, Emil al vizite jaden papa li a. Pandan li nan jaden an, li tande : "Travay ! N ap travay, oooo !"

Pandan li nan jaden an, li tande : "Travay ! N ap travay, oooo !"

212 M ap li nèt ale 2 A.F.

3. Vizyalizasyon (5 mn)

Deskripsyon desen (3 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 212. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
 - ☞ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*
- ☞ **Kisa nou wè nan jaden an ? Kisa nou wè moun yo ap fè ? Kisa nou wè ti gason an ap fè ? Kisa nou wè nan men travayè yo ?**
 - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
 - ☞ *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 213 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**
 - ☞ *Fè yon modèl pou tout klas la. Aprè sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Konbit

Yon premye me, Emil al vizite jaden papa li a. Pandan li nan jaden an, li tande : "Travay ! N ap travay, oooo !" Li tèlman renmen chante a, li travèse al gade. Li wè yon bann moun k ap plante. Li di : "Oooo ! Gade moun, gen lè se yon konbit". Emil pwòche bò kote moun yo. Li di : "Mwen ka ede nou plante ?" Yon peyizan gade li, li ba l twa (3) grenn mayi. Emil, fouye yon twou, li mete mayi yo. Peyizan an di : "Ala yon gason janti". Emil souri, li kontan. Lè Emil rive lakay li, li rakonte papa l tout sa li te wè. Papa li kontan, li di : "Bravo pittit mwen !"

Kesyon


1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou Emil te al vizite jaden papa li a ?
3. Kisa Emil te tandè pandan li nan jaden an ?
4. Kisa Emil te wè ?
5. Kisa peyizan an te di Emil ?
6. Kòman Emil te santi lè peyizan an fin pale avè l ?
7. Èske Emil se yon timoun ki renmen plante ? Kisa li montre sa ?

213 M ap li nèt ale 2 A.F.


Konbit

Yon premye me, Emil al vizite jaden papa li a. Pandan li nan jaden an, li tande : «Travay! N ap travay, oooo !» Li tèlman renmen chante a, li travèse al gade. Li wè yon bann moun k ap plante. Li di : «Oooo ! Gade moun, gen lè se yon konbit». Emil pwoche bò kote moun yo. Li di : «Mwen ka ede nou plante ?» Yon peyizan gade li, li ba l twa (3) grenn mayi. Emil, fouye yon twou, li mete mayi yo. Peyizan an di: «Ala yon gason janti». Emil souri, li kontan. Lè Emil rive lakay li, li rakonte papa l tout sa li te wè. Papa li kontan, li di: «Bravo pitit mwen!»

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*


6. Reponn kesyon (10 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki jou Emil te al vizite jaden papa li a?
 3. Kisa Emil te tande pandan li nan jaden an?
 4. Kisa Emil te wè?
 5. Kisa peyizan an te di Emil?
 6. Kòman Emil te santi l lè peyizan an fin pale avè l?
 7. Èske Emil se yon timoun ki renmen plante? Kisa ki montre sa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)



- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 181 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 181 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la) Nou konprann? Kòmanse!**
- Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa li chwazi.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la? Poukisa se mo sa ou chwazi?**
- Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Mande elèv ki fè erè yo fè koreksyon nan kaye yo. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 96

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 96, paj 214 - 215
- Kaye egzèsis, leson 96, paj 182 - 183
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pale sou enpòtans lave men anvan yo manje ak lè yo sòti nan twalèt.
- ☞ Kounye nou pral pale sou enpòtans lave men anvan nou manje ak lè nou sòti nan twalèt. N ap di kòman yo lave men. Epi n ap di èske nou renmen lave men nou lè nou sòti nan twalèt ak anvan nou manje. Èske li enpòtan pou nou fè sa? Poukisa?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

Leson 96



▲ Gaston - grann - timoun - anpil - maten - kontan - ansanm - mèsi - dabò - ansuit - pandan - tèlman - lakay




🍌 renmen - rete - vini - kouri - rankontre - anbrase - antre - lave - kòmase - manje - pote

🍌 Pandan Gaston ap manje, li di: "Mmmm! Fig la dous".


🍌 Grann nan tèlman kontan, li bay Gaston fig pote lakay li.

214 Map II nèt ale 2 A.F.

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 214.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 214 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Leson 96



▲ Gaston - grann - limoun - anpil - maten - kontan - ansanm - mèsi - dabò - ansuit - pandan - tèlman - lakay
● renmen - rete - vini - kouri - rankontre - anbrase - antre - lave - kòmanse - manje - pote
● Pandan Gaston ap manje, li di : "Mimmm! Fig lo dous".
● Grann nan tèlman kontan, li bay Gaston fig pote lakay li.

214 M ap li nèt ale 2 A.F.

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 214.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
 - ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
 - ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Leson 96

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekti nan liv lekti a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



182 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1(dikte fraz) (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 182 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
 - Men fraz yo:**
 - Yon madi maten, li al wè grann li ki rete bò plas la.
 - Pandan grann nan gade lòt bò, li wè Gaston ap vini.
 - ☁ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri a. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
 - ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)


- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « plas ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « plas »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Plas vle di: yon kote piblik moun vin repoze yo, se kote timoun renmen al jwe.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « plas » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « plas » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « plas » la?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « plas » la. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 96



▲ Gaston - grann - timoun - anpil - maten - kontan - ansanm - mèsi - dabò - ansuit - pandan - tèlman - lakay

☺ renmen - rete - vini - kouri - rankontre - anbrase - antre - lave - komanse - manje - pote

☺ Pandan Gaston ap manje, li di: "Mmmm! Fig la dous". Grann nan tèlman kontan, li bay Gaston fig pote lakay li.


214 Map II nèt ale 2 A.F.

Leson 96

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



182 Kaye egzèsis

2. Vizyalizasyon (10 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 214. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè nan kay la? Ki jan nou wè ti gason an abiye? Ki koulè rad ki sou li? Ki koulè rad ki sou grann nan? Kisa nou wè nan men grann nan? Kisa nou wè sou tab la?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (4 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen (4 mn)

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 182 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?


 *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (6 mn)

Li istwa


 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 215 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Gaston ak grann li

Gaston se yon timoun dizan. Li renmen grann li anpil. Yon madi maten, li al wè grann li ki rete bò plas la. Pandan grann nan gade lòt bò, li wè Gaston ap vini. Li kouri al rankontre Gaston, li anbrase l. Li di: «Mwen kontan wè w, pitit mwen». Li pran men Gaston, yo antre nan kay la ansanm. Li bay Gaston yon bèl grenn fig. Gaston pran fig la epi li di: «Mèsi Grann». Dabò, Gaston lave men li. Ansuit, li lave fig la, li kale l. Finalman, li kòmanse manje. Pandan Gaston ap manje, li di: «Mmmm! Fig la dous». Grann nan tèlman kontan, li bay Gaston fig pote lakay li.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki laj Gaston genyen ?
3. Ki jou Gaston te al wè grann li ?
4. Ki kote grann Gaston rete ?
5. Kòman grann nan te santi l lè li wè Gaston ap vini ?
6. Kisa grann nan te bay Gaston ?
7. Kisa Gaston fè anvan li manje fig la ?
8. Kòman Gaston te wè fig la ?
9. Kisa grann Gaston te ba l pote lakay li ?
10. Èske Gaston se yon timoun kisaj ? Poukisa ?


M ap li mèl ak 2 A.F.

215


Gaston ak Grann li

Gaston se yon timoun dizan. Li renmen grann li anpil. Yon madi maten, li al wè grann li ki rete bò plas la. Pandan grann nan gade lòt bò, li wè Gaston ap vini. Li kouri al rankontre Gaston, li anbrase l. Li di: «Mwen kontan wè w, pitit mwen». Li pran men Gaston, yo antre nan kay la ansanm. Li bay Gaston yon bèl grenn fig. Gaston pran fig la epi li di: «Mèsi Grann». Dabò, Gaston lave men li. Ansuit, li lave fig la, li kale l. Finalman, li kòmanse manje. Pandan Gaston ap manje, li di: «Mmmm! Fig la dous». Grann nan tèlman kontan, li bay Gaston fig pote lakay li.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki laj Gaston genyen?
 3. Ki jou Gaston te al wè grann li?
 4. Ki kote grann Gaston rete?
 5. Kòman grann nan te santi lè li wè Gaston ap vini?
 6. Kisa grann nan te bay Gaston?
 7. Kisa Gaston fè anvan li manje fig la?
 8. Kòman Gaston te wè fig la?
 9. Kisa grann Gaston te ba l pote lakay li?
 10. Èske Gaston se yon timoun ki saj? Poukisa?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 96

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lektri a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



182 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 182 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 182 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann? Kòmanse!

☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki tit istwa a?

2-Ki laj Gaston genyen?

3-Kòmman Grann nan te santi l lè li wè Gaston ap vini?

Leson 96

M ap li mèl m - 2 A.F. 183

Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 183 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 183 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
 - ☞ *Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Koulye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
 - ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
 - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 97 Revizyon

Objektif:

- Aprann tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 97, paj 216 - 217
- Kaye egzèsis, leson 97, paj 184 - 185
- Kaye bouyon, kreyon, gòm






Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin


-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou*


An nou plante pyebwa
Pou nou pwoteje peyi nou.
An n plante pyebwa
Pou n pwoteje vi nou.
Pyebwa se lavi.


-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Bravo! Nou te byen travay.**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)


1. Lekti mo nan liv (8 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 216.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 216 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 216.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.



Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo ?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 184 pou fè egzèsis #1 an.
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 184 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a) Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
- ☞ Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 216. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Kisa ti gason an gen nan men li? Ki koulè rad ti gason an mete? Ki koulè bèf la? Ki koulè lekòl la pentire? Kisa nou wè nan desen an ankò ?**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.


Leson 97 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Pòl ap mennen bourik la, pandan manman l ap pote chay yo.


Pòl ak manman l ap retire chay sou bourik la ki kouche nan wout la.

Pòl ak manman l prale nan mache sou bourik la.



184 Kaye egzèsis

Leson 97 Revizyon



☑ bèf - nevan - madi - lekòl - zèb - ginen - devan - kontan - zanmi - depi - toujou - wout

☑ kanpe - rele - grate - souke - tranble - manje - rache - voye - gade

☑ Ali wè bèf la grate tè avèk pye l. Depi jou sa a, Ali ak bèf la vin bon zanmi.

216 M ap li mèl ale 2 A.F.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa



Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 217 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**



Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Ali ak yon bèf

Ali se yon timoun nevan. Yon madi maten, Ali prale lekòl. Pandan li sou wout la, yon gwo bèf vin kanpe devan l. Ali sezi, bèf la rele : «Mmmm !» Ali wè bèf la grate tè avèk pye l. Apre sa, bèf la souke tèt li. De pye Ali pran tranble. Ali pa konn kisa pou li fè. Li wè yon touf zèb ginen nan zòn nan. Li rache touf zèb la, li voye l devan bèf la. Bèf la manje, li kontan. Li gade Ali, li di : «Mmmm !» Depi jou sa a, Ali ak bèf la vin bon zanmi. Depi Ali pral lekòl, li toujou pote zèb pou zanmi l lan.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a te pase ?
3. Ki kote Ali t ap prale ?
4. Kisa li te rankontre sou wout la ?
5. Kisa Ali te fè pou bèf la pa atake l ?
6. Kisa bèf la te fè lè Ali pote zèb ginen an ba li ?
7. Kisa Ali fè pou li rete zanmi bèf la ?
8. Koman zèb Ali te bay bèf la rele ?

Leson 97

Map li mèl ale 2 A.F. 217

Ali ak yon Bèf

Ali se yon timoun nevan. Yon madi maten, Ali prale lekòl. Pandan li sou wout la, yon gwo bèf vin kanpe devan l. Ali sezi, bèf la rele : «Mmmm !» Ali wè bèf la grate tè avèk pye l. Apre sa, bèf la souke tèt li. De pye Ali pran tranble. Ali pa konn ki sa pou li fè. Li wè yon touf zèb ginen nan zòn nan. Li rache touf zèb la, li voye l devan bèf la. Bèf la manje, li kontan. Li gade Ali, li di : «Mmmm !» Depi jou sa a, Ali ak bèf la vin bon zanmi. Depi Ali pral lekòl, li toujou pote zèb pou zanmi l lan.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn



Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**



Ankouraje epi felisite elèv yo.


Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)



Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :


- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**

 Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a?
2. Ki jou istwa a te pase?
3. Ki kote Ali t ap prale?
4. Kisa li te rankontre sou wout la?
5. Kisa Ali te fè pou bèf la pa atake l'?
6. Kisa bèf la te fè lè Ali pote zèb la ba li?
7. Kisa Ali fè pou li rete zanmi bèf la?
8. Kòman zèb Ali te bay bèf la rele?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki tit istwa a?
.....

2-Ki kote Ali t ap prale?
.....

3-Kisa Ali fè pou li rete zanmi bèf la?
.....

Lesson 97

M ap li mèt ale - 2 AF 185

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

☞ Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 185 la nan egzèsis # 2 a.

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

☞ Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 98

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòm fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral


Materyèl:


Liv lekti, leson 98, paj 218 - 219
 Kaye egzèsis, leson 98, paj 186 - 187
 Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (27 mn)


Aktivite 1 Mizantren (10 mn)


1. Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)

 Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 186. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.

 **Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 186. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.**

 Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.


 **Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa. Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Ki jan timoun yo ye? Ki bò yo ye? Kisa ki vin rive? Ki jan yo santi yo? Poukisa? Kiyès ki ede yo? Kisa madam nan fè? Kisa elèv yo fè apre sa?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:


- Yon apremidi apre lekòl – twa (3) elèv – Yo abiye ak inifòm, valiz yo sou do yo – Yo nan bibliyotèk lekòl la – Yon gwo lapli vin tonbe – Yo pè – Paske yo pa wè ki jan pou y al lakay yo – Madam nan – Li lonje yon parapli bay elèv yo – Yo di mèsè epi yo pran wout la pou yo ale lakay yo.

 **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:

Yon apremidi apre lekòl, twa (3) elèv abiye ak inifòm, valiz yo sou do yo. Yo nan bibliyotèk lekòl la. Yon gwo lapli vin tonbe. Yo pè. Yo pa wè ki jan pou y al lakay yo. Madam nan lonje yon parapli bay elèv yo. Yo di mèsè epi yo pran wout la pou yo ale lakay yo. Yo rive lakay yo san yo pa mouye.



☁ Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 218.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 218 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 218.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 186 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 186 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: rasanble, mèvèy, mizisyen, apremidi, chante.**

Leson 98




▲ mizisyen - gita - anpil - Okta - dimanch - plezi - apremidi - kalite - kontan - mèvèy - manman - katye
● jwe - chita - rasanble - gade - chante - renmen - kòmanse - tande - anime
● Okta se yon bon mizisyen. Li konn anime anpil. Tout moun renmen tande l ap chante sou katye a.

218 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 98

Rakonte istwa dapre imaj




• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.


1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki gen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

186 Kaye egzèsis


 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (37 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « anime ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « anime »?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


☞ **Anime vle di: Fè kè yon gwoup moun kontan nan jès ak nan pawòl.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « anime » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « anime » nan kaye bouyon li.**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « anime » a?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « anime » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 98



mizisyen - gita - anpil - Okta - dimanch - plezi - apre midi - kalite - kontan - mèvyè - manman - kotye
 jwe - chita - rasanble - gade - chante - renmen - kòmpanse - tande - anime
 Okta se yon bon mizisyen. Li konn anime anpil.
 Tout moun renmen tande li l ap chante sou katye a.

218 M ap li nèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 218. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Ki kote nou wè ti gason an? Kisa nou wè l ap fè? Kisa nou wè sou plas la? Kisa nou wè moun yo ap fè? Ki jan nou wè ti gason abiye?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui mo dapre desen

- ☞ Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 186 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
 - ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.


3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 219 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmpanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

Leson 98

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

Leson 98

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki gen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

186 Kaye egzèsis

Yon bon mizisyen


Okta se yon bon mizisyen. Li konn jwe gita anpil. Chak dimanch apre midi, li toujou chita ap jwe gita sou plas la. Depi Okta fè: "Blenn! Blenn!" Tout moun rasanble sou plas la pou yo gade l. Se yon plezi lè Okta ap jwe epi l ap chante. Li chante tout kalite chante. Chante ki fè kè moun kontan. Chante ki fè moun tris. Lè li ap chante "Manman, mwen renmen ou", se mèvyè. Kou li kòmpanse, tout moun sou plas la pran chante. Okta se yon bon mizisyen. Li konn anime anpil. Tout moun renmen tande li l ap chante sou katye a.

Leson 98

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Kiyès ki se yon bon mizisyen?
3. Ki enstriman Okta konn jwe?
4. Ki kote Okta chita ap jwe gita?
5. Ki jou Okta toujou chita ap jwe gita sou plas la?
6. Ki chante Okta konn chante?
7. Poukisa tout moun renmen tande Okta?
8. Èske ou renmen tande mizik? Poukisa?


M ap li nèt ale 2 A.F. 219

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Yon Bon Mizisyen

Okta se yon bon mizisyen. Li konn jwe gita anpil. Chak dimanch apremidi, li toujou chita ap jwe gita sou plas la. Depi Okta fè : «Blennng ! Blennng !» Tout moun rasanble sou plas la pou yo gade l. Se yon plezi lè Okta ap jwe epi l ap chante. Li chante tout kalite chante. Chante ki fè kè moun kontan. Chante ki fè moun tris. Lè li ap chante «Manman, mwen renmen ou», se mèvèy. Kou li kòmanse, tout moun sou plas la pran chante. Okta se yon bon mizisyen, li konn anime anpil. Tout moun renmen tande lè l ap chante sou katye a.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kiyès ki se yon bon mizisyen ?
 3. Ki enstriman Okta konn jwe ?
 4. Ki kote Okta chita ap jwe gita ?
 5. Ki jou Okta toujou chita ap jwe gita sou plas la ?
 6. Ki chante Okta konn chante ?
 7. Poukisa tout moun renmen tande Okta ?
 8. Èske ou renmen tande mizik ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki enstriman Okta konn jwe?





2-Ki kote Okta chita ap jwe gita?

3-Ki jou Okta toujou chita ap jwe gita sou plas la?



Leson 98

M ap li nèk ale - 2 AF 187

Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 187 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 187 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.**
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l ?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 99

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 99, paj 220 - 221
- Kaye egzèsis, leson 99, paj 188 - 189
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Mwen souri toutan
Paske mwen gen bon jan.
Souri se pa yon don.
Ala bon sa bon !!!


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 220.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 220 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 220.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 188 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo:

- Tout moun nan kay la renmen lè Mili ap pile epis.
- Li bon pou nou aprann fè manje.

Leson 99



▲ Mili - manman - kuizin - epis - samdi - maten - poko - deja - twazan - timoun - pawòl - kontan - anpil - travay

👉 renmen - tande - kouri - vini - konnen - repete - pile - aprann - santi

👉 Mili renmen lè manman l ap fè manje nan kuizin nan. Yon samdi maten, manman Mili ap pile epis. Tout moun nan kay la renmen lè Mili ap pile epis.


220 Map li mèlale 2 A.F.

Leson 99


1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.


3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



188 Kaye egzèsis


 Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « epis ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « epis » ?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


☞ **Epis se plant ki gen bon sant yo itilize pou bay manje bon gou.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « epis » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « epis » nan kaye bouyon li.**


 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « epis » la ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « epis » la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 99



▲ Mili - manman - kuizin - epis - samdi - maten - poko - deja - twazan - timoun - pawòl - kontan - anpil - travay

🔑 renmen - tande - kouri - vini - konnen - repete - pile - aprann - santi

🔑 Mili renmen lè manman l ap fè manje nan kuizin nan. Yon samdi maten, manman Mili ap pile epis. Tout moun nan kay la renmen lè Mili ap pile epis.


220 M ap li nè ale 2 A.F.

Leson 99

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



188 Kaye egzèsis

Mili renmen pile epis

Mili renmen lè manman l ap fè manje nan kuizin nan. Yon samdi maten, manman Mili ap pile epis. Mili tande: "Tap! Tap!", se manman l ap pile epis. Lè li tande sa, li kouri vini nan kuizin nan. Mili gen twazan (3), li poko pale byen. Li plis ka repete. Li di: "Manman, bay timoun nan pile non!" Pawòl sa a vle di bay Mili pile epis. Manman an konnen Mili renmen sa, li bay Mili pile epis la. Mili kontan anpil, li santi l ap fè bon travay. Tout moun nan kay la renmen lè Mili ap pile epis. Li bon pou nou aprann fè manje.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Mili renmen fè ?
3. Ki kote manman Mili t ap fè manje a ?
4. Ki jou manman Mili t ap pile epis la ?
5. Ki bri Mili tande ki fè l konnen se epis k ap pile ?
6. Kisa Mili fè lè li tande epis ap pile nan kuizin nan ?
7. Kisa Mili di manman lè li rive nan kuizin nan ?
8. Kisa manman Mili fè lè Mili di sa ?
9. Kòman Mili santi l lè l ap pile epis ?

M ap li nè ale 2 A.F. 221

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 220. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè madanm nan ap fè ? Kòman nou wè li abiye ? Kisa nou wè ti fi a ap fè ? Ki koulè rad nou wè sou ti fi a ? Kisa nou wè sou tab la?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodi fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodi fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 188 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
 - ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.


Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa


- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 221 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Mili Renmen Pile Epis

Mili renmen lè manman l ap fè manje nan kuizin nan. Yon samdi maten, manman Mili ap pile epis. Mili tande : «Tòp ! Tòp !», se manman l k ap pile epis. Lè li tande sa, li kouri vini nan kuizin nan. Mili gen twazan (3), li poko pale byen. Li plis ka repete. Li di : «Manman, bay timoun nan pile non !» Pawòl sa a vle di bay Mili pile epis. Manman an konnen Mili renmen sa, li bay Mili pile epis la. Mili kontan anpil, li santi l ap fè bon travay. Tout moun nan kay la renmen lè Mili ap pile epis. Li bon pou nou aprann fè manje.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa Mili renmen fè ?
 3. Ki kote manman Mili t ap fè manje a ?
 4. Ki jou manman Mili t ap pile epis la ?
 5. Ki bri Mili tande ki fè l konnen se epis k ap pile ?
 6. Kisa Mili fè lè li tande epis ap pile nan kuizin nan ?
 7. Kisa Mili di manman l lè li rive nan kuizin nan ?
 8. Kisa manman Mili fè lè Mili di sa ?
 9. Kòman Mili santi l lè l ap pile epis ?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 99

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



188 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 188 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 188 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?**
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.*

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki kote manman Milli t ap fè manje a?

2- Ki bri Milli tandè ki fè l konnen se epis k ap pile?



3- Kòman Milli santi l lè l ap pile epis?

M ap li mèl ale - 2 AF 189

Egzèsis # 4 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 189 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 189 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèl kòmanse.**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☛ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 100

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 100, paj 222 - 223
- Kaye egzèsis, leson 100, paj 190
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)




Aktivite 1 Mizantren (6 mn)


1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Lago

Mwen renmen fè lago
Avèk zanmi mwen yo.
Toupatou mwen rive
Mwen toujou renmen jwe.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**
-  *Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.*



2. Rapèl (3mn)

- Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson anvan an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li nan leson anvan an pou klas la ak pwòp mo pa li?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 222.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 222 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ **Koune a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Koune a, tout klas la pral li ansanm.**
- Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)


- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 222.
- ☞ **Koune a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ **Koune a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Koune a, tout klas la pral li ansanm.**
- Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit


Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 190 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.
- ☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 190 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmansè ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou**

twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse. Men mo yo : renmen, antrene, kòmanse, karate, pote.


 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la ?**

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.


Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « konpetisyon ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « konpetisyon » ?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


☞ **Konpetisyon vle di : Egzamen ki gen anpil moun k ap pase l.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « konpetisyon » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « konpetisyon » nan kaye bouyon li.**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « konpetisyon » an ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « konpetisyon » an. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (7 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.
 - ☞ Ekri 2 mo yo sou tablo a : konpetisyon – konkou.
- ☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : konpetisyon ak konkou, pou nou di sa nou panse sou yo.
 - ☞ Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo konpetisyon ak mo konkou. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :
- ☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : konpetisyon ak konkou ?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :
- ☞ Konpetisyon vle di : egzamen ki gen anpil moun k ap pase l. Konkou vle di : egzamen ki gen anpil moun kap pase l. Sa vle di konpetisyon ak konkou se de mo ki genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.

Egzanp :

Jak al nan konpetisyon nan lekòl karate a.

Jak al nan konkou nan lekòl karate a.

- ☞ Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.
- ☞ Kiyès ki ka li fraz ki sou tablo a byen fò pou klas la.
 - ☞ Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande elèv yo ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : Konpetisyon ak Konkou
- ☞ Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « konpetisyon » epi « konkou » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Apre sa, mande tout klas la pou li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.


3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 222. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Ki koulè rad ti gason k ap fè karate a ye ? Ki koulè senti l la ye ? Ki sa nou wè ti gason an ap fè ?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.



4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa (8mn)


 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☛ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 223 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Emil renmen karate

Emil renmen espò anpil. Nan tout espò, se karate li pi renmen. Yon vandredi, li di Papa I : «M ta renmen ale nan karate». Papa Emil gade li epi li di : «Dakò pitit mwen». Dabò, li al enskri l nan lekòl karate pwofesè Sam nan. Ansuit, li pase achte yon bèl kimono pou li. Nan samdi, lè Emil rive, li wè tout zanmi li yo. Kè l kontan, li kòmanse antrene. Apre yon mwa, li genyen yon senti ble nan yon konpetisyon. Li kontan anpil, li pote senti a bay papa l. Tout moun nan kay la kontan. Yo fè yon bèl fèt pou Emil.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Emil renmen anpil ?
3. Kisa Emil mande papa l ?
4. Kisa papa l fè ?
5. Nan ki lekòl karate papa Emil enskri li ?
6. Ki jou Emil al nan lekòl karate a ?
7. Èske Emil te kontan ? Poukisa ?
8. Kisa Emil genyen nan konpetisyon an ?
9. Èske fanmi Emil te kontan ? Poukisa ?
10. Èske w renmen karate ? Poukisa ?


M ap li nèt ale 2 A.F.

223


Emil Renmen Karate

Emil renmen espò anpil. Nan tout espò, se karate li pi renmen. Yon vandredi, li di Papa I : «M ta renmen ale nan karate». Papa Emil gade li epi li di : «Dakò pitit mwen». Dabò, li al enskri l nan lekòl karate pwofesè Sam nan. Ansuit, li pase achte yon bèl kimono pou li. Nan samdi, lè Emil rive, li wè tout zanmi li yo. Kè l kontan, li kòmanse antrene. Apre yon mwa, li genyen yon senti ble nan yon konpetisyon. Li kontan anpil, li pote senti a bay papa l. Tout moun nan kay la kontan. Yo fè yon bèl fèt pou Emil.

☛ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☛ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☛ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☛ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**


 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.


6. Reponn kesyon (8 mn)


-  *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa Emil renmen anpil ?
 3. Kisa Emil mande papa l ?
 4. Kisa papa l fè ?
 5. Nan ki lekòl karate papa Emil enskri li ?
 6. Ki jou Emil al nan lekòl karate a ?
 7. Èske Emil te kontan ? Poukisa ?
 8. Kisa Emil genyen nan konpestisyon an ?
 9. Èske fanmi Emil te kontan ? Poukisa ?
 10. Èske w renmen karate ? Poukisa ?


Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

Egzèsis # 2 (3 mn)


-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 190 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 190 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la) Nou konprann ? Kòmanse!**


 *Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa li chwazi.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la ? Poukisa se mo sa ou chwazi ?**

 *Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Mande elèv ki fè erè yo fè koreksyon nan kaye yo. Felisite, ankouraje tout elèv yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan lesan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l ?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*



Leson 101

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 101, paj 224 - 225
- Kaye egzèsis, leson 101, paj 191 - 192
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)





-  Mande elèv yo pale sou enpòtans fè jaden.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans fè jaden. N ap di si nou konn fè jaden. Ki jaden nou konn fè? Èske nou renmen fè jaden? Èske li enpòtan pou moun fè jaden? Poukisa?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3mn)


-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lektè mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 224.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 224 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 101



Emil - samdi - jaden - kòmman - dabò - mwa - konstan - anpil - lapli - kamarad - bravo - ansult

mande - plante - sauri - prepare - kouvri - souke - repenn - montre - pwomèt

Mwa sa a gen anpil lapli.

Li pwomèt papa l pou li montre kamarad li yo plante pw.

Papa li di : "Bravo pitit mwen!"

224 Map li nit ale 2 A.F.



Emil - samdi - jaden - kòm - dabò - mwa - kontan - anpil - lapli - kamarad - bravo - ansult

mande - plante - souri - prepare - kouvri - souke - repenn - montre - pwomèt

Mwa sa a gen anpil lapli. Li pwomèt papa l pou li montre kamarad li yo plante pwa. Papa li di : "Bravo pitit mwen !"

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 224.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1(dikte fraz) (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 191 pou fè egzèsis # 1 an. Ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 191 pou fè egzèsis # 1 an. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
- Men fraz yo :**
 - Sou wout la, li wè bèl jaden pwa.
 - Mwa sa a gen anpil lapli.
- ☞ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri a. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.




Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «jaden». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «jaden»?**
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Jaden se yon tè kote yo plante, yo ka plante danre, flè ak tout lòt plant.**
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo «jaden» nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo «jaden» nan kaye bouyon li.**
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo «jaden» an?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo «jaden» an. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 101



Emil - samdi - jaden - kòmman - dabò - mwa - konstan - anpil - lapli - kamarad - bravo - ansuit

mande - plante - souri - prepare - kouvri - souke - reponn - montre - pwomèt

Mwa sa a gen anpil lapli.
Li pwomèt papa l pou li montre kamarad li yo plante pwa.
Papa li di : "Bravo pitit mwen !"

224 Map li nèt ale 2.A.F.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 224. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an? Ki jan mesye a abiye? Ki jan tigason an abiye? Ki moun nou wè nan jaden an? Kisa yo ap fè?**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodi fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodi fraz dapre desen


- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 191 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.**
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?**
 - ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.

Leson 101

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



Map li nèt ale - 2.A.F. 191

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☞ *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 225 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

☞ *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Emil aprann plante pwa

Yon samdi maten, Emil prale nan jaden avèk papa li. Sou wout la, li wè bèl jaden pwa. Li mande papa l : «Kòman moun plante pwa ?» Papa Emil souri, li di : «Dabò ou chwazi plan pwa a. Ansuit, ou prepare tè a. Apre sa, ou fouye plizyè twou. Ou mete twa (3) grenn pwa nan chak twou. Epi ou kouvri yo ak tè». Emil souke tèt li, li mande : «Papa, chak kilè yo plante pwa ?» Papa Emil reponn : «Yo plante pwa nan mwa mas. Mwa sa a gen anpil lapli». Emil kontan anpil. Li pwomèt papa l pou li montre kamarad li yo plante pwa. Papa li di : «Bravo pitit mwen !»

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Ki kote Emil t ap prale avèk papa l ?
3. Kisa Emil te wè sou wout la ?
4. Kisa pou ou fè lè w ap plante pwa ?
5. Chak kilè yo plante pwa ? Poukisa ?
6. Kisa Emil te pwomèt Papa l ?
7. Èske Emil renmen fè jaden ? Poukisa ?

M ap li mèl ale 2 A.F. 225

Emil aprann plante pwa

Yon samdi maten, Emil prale nan jaden avèk papa li. Sou wout la, li wè bèl jaden pwa. Li mande papa l : «Kòman moun plante pwa ?» Papa Emil souri, li di : «Dabò ou chwazi plan pwa a. Ansuit, ou prepare tè a. Apre sa, ou fouye plizyè twou. Ou mete twa (3) grenn pwa nan chak twou. Epi ou kouvri yo ak tè». Emil souke tèt li, li mande : «Papa, chak kilè yo plante pwa ?» Papa Emil reponn : «Yo plante pwa nan mwa mas. Mwa sa a gen anpil lapli». Emil kontan anpil. Li pwomèt papa l pou li montre kamarad li yo plante pwa. Papa li di : «Bravo pitit mwen !»

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou istwa a te pase?

2-Ki kote Emil t ap prale avèk Papa l?

3-Kisa Emil te wè sou wout la?

192 Kaye egzèsis

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poka reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki jou istwa a te pase?
 2. Ki kote Emil t ap prale avèk papa l?
 3. Kisa Emil te wè sou wout la?
 4. Kisa pou ou fè lè w ap plante pwa?
 5. Chak kilè yo plante pwa? Poukisa?
 6. Kisa Emil te pwomèt Papa l?
 7. Èske Emil renmen fè jaden? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 101

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a sou liy anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.

M ap li nèt ale - 2 AF 191

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 191 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 191 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann? Kòmanse!

Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
 - ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 192 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 192 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.**
- ☞ *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**
- ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 102 Revizyon

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 102, paj 226 - 227
- Kaye egzèsis, leson 102, paj 193 - 194
- Kaye bouyon, kreyon, gòm





Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Kontin




-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Naje se yon bon espò.
Nou naje nan pisin, rivyè ak lanmè.
Naje bon pou sante.
Fòk nou aprann naje.


-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lekt mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 226.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 226 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*

Leson 102 Revizyon



▲ egzamen - twazyèm - trimès - kamarad - mwayèn
- vandredi - semèn - pwochè - bisiklèt - vakans -
samedi - dimanch - kanè

🔔 rive - prepare - pwomèt - kòmanse - etidye - konpoze
- konnen - tandè - pase
Kamarad Emil yo ap prepare pou yo fè bèl mwayèn.
Lè yo bay kanè, Emil fè mwayèn nèf (9).
Papa m pral bon m yon bèl bisiklèt.

226 Map li mèl ale 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 226.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

☁ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 193 pou fè egzèsis # 1 an.

☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 193**


Leson 102 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Elèv yo ap rantrè lakay yo anba lapli a ak yon parapli.

Pandan elèv yo ap li nan bibliyotèk la, lapli a ap tonbe.


Madanm nan lonje yon parapli bay elèv yo.



Leson 102

M ap li mèl ale - 2 A.F. 193

Leson 102 Revizyon



▲ egzamen - twazyèm - trimès - kamarad - mwayèn
- vandredi - semèn - pwochèn - bisiklèt - vakans - samdi - dimanch - kanè

🔦 rive - prepare - pwomèt - kòmanse - etidye - konpoze
- konnen - tande - pase

👨‍👩‍👧 Kamarad Emil yo ap prepare pou yo fè bèl mwayèn.
Lè yo bay kanè, Emil fè mwayèn nèf (9).
Papa m pral ban m yon bèl bisiklèt.

226 M ap li mèl ale 2 A.F.

Yon bèl egzamen

Egzamen twazyèm trimès rive. Kamarad Emil yo ap prepare pou yo fè bèl mwayèn. Papa Emil pwomèt li yon bisiklèt si li fè mwayèn uit (8). Emil kontan. Li kòmanse etidye. Li pa ka tann kilè pou egzamen rive. Vandredi maten, madanm Riche rive nan klas la. Li di: "Prepare nou, nou pral konpoze semèn pwochèn".

Tout timoun kontan poutèt yo konnen apre egzamen an se vakans. Emil tande sa, li pase samdi ak dimanch ap etidye. Lè li rive nan klas la, li souri. Li fè tout egzamen an trè byen. Lè yo bay kanè, Emil fè mwayèn nèf (9). Li di: "Weeee! Papa m pral ban m yon bèl bisiklèt. M ap pase yon bèl vakans".

Kesyon

1. Ki jou istwa sa a pase?
2. Ki jou madanm Riche te rive nan klas la?
3. Kisa madanm Riche te di elèv yo?
4. Poukisa timoun yo te kontan?
5. Kisa Emil te fè lè li te tande sa?
6. Ki mwayèn Emil te fè lè yo te bay kanè?
7. Kisa Emil te di lè li wè li fè yon bèl mwayèn?

Leson 102 Revizyon

M ap li mèl ale 2 A.F. 227

pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann? Kòmanse!

Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la?**

Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 226. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki koulè inifòm nou wè sou elèv yo? Kisa nou wè nan men elèv yo? Kisa nou wè pwofesè a ap fè? Kisa nou wè ti gason nan imaj agoch la ap fè? Kisa nou wè nan men goch li? Kòman nou wè vizaj li?**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 227 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**



Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Yon Bèl Egzamen



Egzamen twazyèm trimès rive. Kamarad Emil yo ap prepare pou yo fè bèl mwayèn. Papa Emil pwomèt li yon bisiklèt si li fè mwayèn uit (8). Emil kontan. Li kòmanse etidye. Li pa ka tann kilè pou egzamen rive. Vandredi maten, madan Riche rive nan klas la. Li di : «Prepare nou, nou pral konpoze semèn pwochèn».

Tout timoun kontan poutèt yo konnen apre egzamen an se vakans. Emil tandè sa, li pase samdi ak dimanch ap etidye. Lè li rive nan klas la, li souri. Li fè tout egzamen an trè byen. Lè yo bay kanè, Emil fè mwayèn nèf (9). Li di : «Weeee ! Papa m pral ban m yon bèl bisiklèt. M ap pase yon bèl vakans».


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.


Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
-  Chwazi 10 elèv (5 fi/5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.


4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki jou istwa sa a pase ?
2. Ki jou madan Riche te rive nan klas la ?
3. Kisa madan Riche te di elèv yo ?
4. Poukisa timoun yo te kontan ?
5. Kisa Emil te fè lè li te tandè sa ?
6. Ki mwayèn Emil te fè lè yo te bay kanè ?
7. Kisa Emil te di lè li wè li fè yon bèl mwayèn ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki jou madan Riche te rive nan klas la?

2-Kisa madan Riche te di elèv yo?

3-Poukisa timoun yo te kontan?

Leson 102

194 Kaye egzèsis

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

☞ Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 194 la nan egzèsis # 2 a.

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

☞ Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 103

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòm fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral


Materyèl:

Liv lekti, leson 103, paj 228 - 229
 Kaye egzèsis, leson 103, paj 195 - 196
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)

Leson 103



1. Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)

- ☁ *Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 195. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.*
 - ☞ **Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 195. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.**
 - ☁ *Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.*
 - ☞ **Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa.**
Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Kisa premye ti gason an ap fè? Ki bò li ye? Kisa ki rive kap la? Kisa dezyèm ti gason an fè pou li pran kap la? Kisa li fè lè li pran kap la? Ki jan premye ti gason an santi l lè dezyèm ti gason an remèt li kap la? Kisa ou panse premye ti gason an di dezyèm nan apre sa?
 - ☁ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.*
- Repons posib:**
- Nan apremidi - De ti gason - Li ap monte yon kap - nan lakou lakay li - Fil la kase epi kap la ale - Li voye yon flonn dèyè kap la - Li pran li, li remèt premye ti gason an - Ti gason an kontan - li di mèsi.
- ☞ **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**
 - ☁ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:*
- Egzanp:**
- ☞ **Nan apremidi, yon ti gason ap monte yon kap nan lakou lakay li. Fil la kase epi kap la ale. Yon lòt ti gason voye yon flonn dèyè kap la. Li pran li, li remèt premye ti gason an li. Ti gason an kontan li di lòt ti gason an mèsi.**

☁ Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 228.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 228 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 228.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 195 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 195 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri yo sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: plenn, fè, mal, klinik, chanm, mennen.**

Leson 103



▲ Tamara - manman - sansib - anpil - dimanch - maten - chanm - fèmal - matant - klinik - doktè - lakay - tretman


👉 tande - plenn - kouri - rive - genyen - santi - mennen - taounen - souri

👉 Li kouri vit. Li rive nan chanm nan. Li mennen l nan klinik ki bò plas la.

228 Map li mèt ale 2 A.F.

Leson 103

Rakonte istwa dapre imaj




• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.


1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

Map li mèt ale - 2 AF 195


 *Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

 *Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.*

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: komunikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.*


Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « tretman ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « tretman »?**

 *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*


☞ **Tretman vle di: travay yon doktè fè pou geri yon maladi oswa soulaje yon doulè.**

 *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.*

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « tretman » nan kaye bouyon yo.*

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « tretman » nan kaye bouyon li.**

 *Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « tretman » an?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « tretman » an.*

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 228. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
- ☞ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*
- ☞ Ki bò madanm nan kouche? Kisa nou wè nan chanm nan? Kibò madanm nan mete men l? Ki kote nou wè ti fi a? Ki sa l ap fè? Ki koulè rad ki sou li?
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Pwodui mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui mo dapre desen

- ☞ *Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou epi ale nan paj 195 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.
- ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.*
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
- ☞ *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.*
- ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- ☞ *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*
- *Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.*
- *Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).*
- *Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.*
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 229 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

Leson 103

Tamara - manman - sansib - anpil - dimanch - maten - chanm - fèmal - matant - klinik - doktè - lakay - tretman

tandè - plenn - kouri - rive - genyen - santi - mennen - tounen - souri

Li kouri vit. Li rive nan chanm nan.
Li mennen l nan klinik ki bò plas la.

228 M ap li mèl ale 2 A.F.

Leson 103

Rakonte istwa dapre imaj

- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè tandan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

Leson 103

M ap li mèl ale - 2 A.F. 195

Tamara renmen manman l


Tamara sansib pou manman l anpil. Yon dimanch maten, Tamara tandè manman l ap plenn: "Mimmm! Mimmm!" Li kouri vit. Li rive nan chanm nan. Li di: "Woy! Manman, sa w genyen?" Manman l di: "Mwen gen dan fè mal". Tamara kouri al kote tant Nini. Li di: "Matant, manman m pa santi li byen". Tant Nini kouri al wè sa sè li genyen. Li wè li genyen yon gwo dan fè mal. Li mennen l nan klinik ki bò plas la. Doktè a ba li bon tretman. Lè li tounen lakay, li di: "Mèsi Nini. Mèsi pitit fi m. Mwen renmen nou anpil". Tamara kontan epi li souri.

Leson 103

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Ki jou istwa sa a te pase?
3. Kisa Tamara te tandè?
4. Kisa Tamara fè lè li tandè manman l ap plenn?
5. Kisa manman l di lè li rive nan chanm nan?
6. Kisa Tamara te fè lè li soti nan chanm nan?
7. Kòman matant Tamara a rele?
8. Ki kote tant Nini te mennen manman Tamara?
9. Èske Tamara renmen manman l? Poukisa?


M ap li mèl ale 2 A.F. 229

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Tamara renmen manman l

Tamara sansib pou manman l anpil. Yon dimanch maten, Tamara tandè manman l ap plenn : «Mmmm ! Mmmm !» Li kouri vit, li rive nan chanm nan. Li di : «Woy ! manman, sa w genyen ?» Manman l di : «Mwen gen dan fè mal». Tamara kouri al kote tant Nini. Li di : «Matant, manman m pa santi li byen». Tant Nini kouri al wè sa sè li genyen. Li wè li genyen yon gwo dan fè mal. Li mennen l nan klinik ki bò plas la. Doktè a ba li bon tretman. Lè li tounen lakay, li di : «Mèsi Nini. Mèsi pitit fi m. Mwen renmen nou anpil». Tamara kontan epi li al fè soup pou manman l.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)


 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**


1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa sa a te pase ?
3. Kisa Tamara te tandè ?
4. Kisa Tamara fè lè li tandè manman l ap plenn ?
5. Kisa manman l di l lè li rive nan chanm nan ?
6. Kisa Tamara te fè lè li soti nan chanm nan ?
7. Kòman matant Tamara a rele ?
8. Ki kote tant Nini te mennen manman Tamara ?
9. Èske Tamara renmen manman l ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)


Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 196 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


- **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 196 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou istwa sa a te pase?

2-Kisa Tamara te tande?

3-Kisa Tamara fè lè li tande manman l ap plenn?


Leson 103

196 Kaye egzèsis

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

- **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa.

Leson 104

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 104, paj 230 - 231
- Kaye egzèsis, leson 104, paj 197
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Pataje se yon jès renmen.
M ap bay menm si li piti.
M ap bay ak tout kè m.
An nou pataje youn ak lòt.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 230.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 230 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 230.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 197 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo:

- Yon samdi maten, monitè espò nan katye a òganize yon kous.
- Alina envite zanmi li yo ak tout moun vin sipòte l.

Lesson 104



230 M ap li nè ale 2 A.F.

kous - samdi - monitè - espò - katye - timoun - dèyè - anvan - jenou - goch - Alina - Jak - meday - kontan

òganize - envite - sipòte - mete - trase - kanpe - soti - rele - kouri - genyen


Alina envite zanmi li yo ak tout moun vin sipòte l. Monitè a bay Alina yon koup ak yon meday.

Lesson 104

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



Lesson 104

M ap li nè ale - 2 A.F. 197

Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « meday ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tandè mo « meday » ?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Meday se : Objè an metal ki fè rekonèt ke yon moun ranpòte yon pri nan yon konkou.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « meday » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « meday » nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « meday » la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « meday » la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 230. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki bò nou wè timoun yo ap kouri ? Ki jan nou wè Alina abiye ? Ki jan nou wè Jak abiye ?**

Leson 104



▲ kous - samdi - monitè - espò - katye - timoun - dèyè - anvan - jenou - goch - Alina - Jak - meday - kontan

● òganize - envite - sipòte - mete - trase - kanpe - soti - rele - kouri - genyen

● Alina envite zanmi li yo ak tout moun vin sipòte l.

● Monitè a bay Alina yon koup ak yon meday.

230 M ap li nèt ale 2 A.F.

- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (4 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.

- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 197 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?

- ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.

- ☞ Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

- ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 231 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

- ☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Yon Bèl Kous


Yon samdi maten, monitè espò nan katye a òganize yon kous. Alina envite zanmi li yo ak tout moun vin sipòte l. Yo trase yon liy wouj pou tout timoun kanpe deyè l. Anvan kous la kòmanse, timoun yo mete jenou goch yo atè. Lè monitè a bay siyal, timoun yo kòmanse kouri. Jak

Leson 104

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



M ap li nèt ale - 2 A.F. 197

Yon bèl kous

Yon samdi maten, monitè espò nan katye a òganize yon kous. Alina envite zanmi li yo ak tout moun vin sipòte l. Yo trase yon liy wouj pou tout timoun kanpe deyè l. Anvan kous la kòmanse, timoun yo mete jenou goch yo atè. Lè monitè a bay siyal, timoun yo kòmanse kouri. Jak konn kouri anpil mien pa pase Alina. Lè Alina wè Jak soti pou genyen l, li kouri pi vit. Sou tout wout la, moun yo ap rele: "Alina! Alina!" Alina genyen kous la. Tout moun nan katye a rele: "Weeee! Alina genyen!" Monitè a bay Alina yon koup ak yon meday. Alina kontan.

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Ki jou monitè a te òganize kous la?
3. Kisa timoun yo fè anvan kous la kòmanse?
4. Kisa Alina fè lè li wè Jak soti pou genyen l?
5. Kiyès ki genyen kous la?
6. Kisa monitè a te bay Alina?
7. Koman Alina te santi l?
8. Èske nou renmen fè kous? Poukisa?

M ap li nèt ale 2 A.F. 231

konn kouri anpil men pa pase Alina. Lè Alina wè Jak soti pou genyen l, li kouri pi vit. Sou tout wout la, moun yo ap rele : «Alina ! Alina !» Alina genyen kous la. Tout moun nan katye a rele: «Weeee! Alina genyen!» Monitè a bay Alina yon koup ak yon meday. Alina kontan.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (8 mn)

☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou monitè a te òganize kous la ?
3. Kisa timoun yo fè anvan kous la kòmanse ?
4. Kisa Alina fè lè li wè Jak soti pou genyen l ?
5. Kiyès ki genyen kous la ?
6. Kisa monitè a te bay Alina ?
7. Kòman Alina te santi l ?
8. Èske nou renmen fè kous ? Poukisa ?


Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

Leson 104

1-Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a sou liy ki anba yo.




3-Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.





Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 197 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 197 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse!**

-  *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☛ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☛ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo ki sa yon fraz ye.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☛ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 105

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 105, paj 232 - 233
- Kaye egzèsis, leson 105, paj 198
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)




Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi (3 mn)



-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, chwazi kèk elèv pou repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifiye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Lago

Mwen renmen fè lagoon
Avèk zanmi mwen yo.
Toupatou mwen rive
Mwen toujou renmen jwe.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou repete pwezi a pou kont yo byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifiye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye silab ki fini chak fraz.**
-  *Fè elèv yo idantifye silab ki fini premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fòme yon fraz ki tèmine ak menm son ak fraz ki nan pwezi a.**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou pwodui 4 fraz ki fini menm jan ak fraz ki nan pwezi a. Ekri fraz yo youn apre lòt sou tablo a apre sa fè elèv yo li yo.*

2. Rapèl (3 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson anvan an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li nan leson anvan an pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 232.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 232 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 232.

☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 198 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 198 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri yo sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.

☞ Men mo yo: renmen, sikilasyon, zanmi, travèse, polisye.

Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?

Leson 105



▲ polisye - pantalon - chemiz - krèm - chèche - sikilasyon - lekòl - bonjou - zanmi - pandan - machin - kansa - mès

👉 renmen - abiye - gade - souri - voye - kanpe - travèse - parèt

👉 Emil ak Katya gen yon polisye yo renmen anpil. Yo kanpe ap reflechi kisa pou yo fè.

232

M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 105

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

.....

2- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

kawòt - reflechi - zwazo

1) Katya ap pansè ki jan pou li abiye pou fèt lekòl la.
 2) Katya ap ki jan pou li abiye pou fèt lekòl la.

198

Kaye egzèsis

☁ Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « sikilasyon ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « sikilasyon » ?

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ Sikilasyon vle di : aksyon lè w ap fè machin, moto, moun deplase nan yon wout.

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « sikilasyon » nan kaye bouyon yo.

☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « sikilasyon » nan kaye bouyon li.

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « sikilasyon » an ?

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « sikilasyon » an.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (7 mn)

☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.

☁ Ekri 2 mo yo sou tablo a : panse – reflechi

☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : panse ak reflechi, pou nou di sa nou panse sou yo.


☁ Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo panse ak mo reflechi. Pase verifye si tout elèv ap travay.

☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : panse ak reflechi ?

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :

☞ Mo panse vle di : reflechi sou yon lide.

Leson 105



▲ polisye - pantalon - chemiz - krèm - chèlbe - sikilasyon - lekòl - bonjou - zanmi - pandan - machin - konsa - mèsi

👉 renmen - abiye - gade - souri - voye - kanpe - travèse - parèt

👉 Emil ak Katya gen yon polisye yo renmen anpil. Yo kanpe ap reflechi kisa pou yo fè.

232 Map li nèt ale 2 A.F.

Sara bon polisye

Emil ak Katya gen yon polisye yo renmen anpil. Li rele Sara. Li toujou abiyè ak yon pantalon ble epi yon chemiz krèm. Li toujou byen chèlèbè lè l ap fè sikilasyon. Chak maten lè yo pral lekòl, yo di: "Bonjou Sara". Sara gade timoun yo li sauri. Li voye men ba yo. Sara ak timoun yo vin bon zanmi.

Yon madri, pandan y ap sot lekòl, yon bann machin ap pase. Yo pa ka travèse lari a. Yo kanpe ap reflechi kisa pou yo fè. Se konsa Sara vin parèt. Timoun yo di: "Weeee! Men Sara". Sara fè machin yo kanpe. Li pran men yo, li travèse yo lari a. Timoun yo kontan, yo di: "Mési anpil, Sara".

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kòman polisye a rele ?
3. Kòman Sara toujou abiyè ?
4. Kisa Sara konn ap fè ?
5. Ki jou Emil ak Katya pa t ka travèse lari a ?
6. Poukisa Emil ak Katya pa ka travèse lari a ?
7. Kisa Sara fè lè li wè timoun yo pa ka travèse ?
8. Èske Sara se yon bon polisye ? Poukisa ?

M ap li mèl ale 2 A.F.

233

Lesson 105

Mo reflechi vle di :panse sou yon lide.

Sa vle di mo pansè ak mo reflechi genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.

Egzanp :

Ana ap pansè sou kòman pou l fè egzèsis la.

Ana ap reflechi sou kòman pou l fè egzèsis la.

- Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.
- Kiyès ki ka li fraz ki sou tablo a byen fò pou klas la.
 - Aprè sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande chak elèv ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : Pansè ak Reflechi
- Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « pansè » epi « reflechi » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a.
 - Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Aprè sa, mande tout klas la pou li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 232. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- Kisa nou wè nan lari a ? Ki koulè rad polisye a ? Kisa nou wè polisye a ap fè ? Kisa nou wè timoun yo ap fè ? Ki koulè rad ki sou timoun yo ? Kisa nou wè nan desen an ankò ?
 - Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo pansè ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou ki sa li pansè ki pral pase nan istwa a ?
 - Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 233 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

Lesson 105




polisyè - pantalon - chemiz - krèm - chèlèbè - sikilasyon - lekòl - bonjou - zanmi - pandan - machin - konsa - mèsi

renmen - abiyè - gade - sauri - voye - kanpe - travèse - parèt

Emil ak Katya gen yon polisye yo renmen anpil. Yo kanpe ap reflechi kisa pou yo fè.

232

M ap li mèl ale 2 A.F.


 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Sara Bon Polisye


Emil ak Katya gen yon polisye yo renmen anpil. Li rele Sara. Li toujou abiye ak yon pantalon ble epi yon chemiz krèm. Li toujou byen chèlbè lè l ap fè sikilasyon. Chak maten lè yo pral lekòl, yo di: «Bonjou Sara». Sara gade timoun yo li souri, li voye men ba yo. Sara ak timoun yo vin bon zanmi.

Yon madi, pandan y ap sot lekòl, yon bann machin ap pase. Yo pa ka travèse lari a. Yo kanpe ap reflechi ki sa pou yo fè. Se konsa Sara vin parèt. Timoun yo di: «Weeee! Men Sara». Sara fè machin yo kanpe. Li pran men yo, li travèse yo lari a. Timoun yo kontan, yo di: «Mèsi anpil, Sara».

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a?
2. Kòman polisye a rele?
3. Kòman Sara toujou abiye?
4. Kisa Sara konn ap fè?
5. Ki jou Emil ak Katya pa t ka travèse lari a?
6. Poukisa Emil ak Katya pa ka travèse lari a?
7. Kisa Sara fè lè li wè timoun yo pa ka travèse?
8. Èske Sara se yon bon polisye? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

Leson 105

1- Ekri mo nou tande yo sou li ki anba yo.

2- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

Leson 105

kawòt - reflechi - zwazo

1) Katya ap **pansè** ki jan pou l abiye pou fèt lekòl la.
2) Katya ap ki jan pou l abiye pou fèt lekòl la.

198 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 198 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 198 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la) Nou konprann? Kòmanse!**
 - ☞ *Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa li chwazi.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la? Poukisa se mo sa ou chwazi?**
 - ☞ *Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Mande elèv ki fè erè yo fè koreksyon nan kaye yo. Felisite, ankouraje tout elèv yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
 - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa.*

Leson 106

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 106, paj 234 - 235
- Kaye egzèsis, leson 106, paj 199 - 200
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)




-  Mande elèv yo pale sou enpòtans pyebwa.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans pyebwa. Kisa pyebwa ye? Ki kote nou jwenn li? Kisa li pote pou nou ki fè li enpòtan?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3 mn)


-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lektli mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 234.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 234 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 106



anivèsè - nevan - toujou - pwovizyon - chanpay
- gato - zanmi - kalite - koule - dekorasyon -
apremidi - tèlman - moman


genyen - fete - deside - envite - achte - dekore -
mete - parèt - tonbe - chante - koule

Ane sa a, mamman I deside fè fèt la pi bèl.
Yo mete tout kalite koule blad ak flè nan dekorasyon
an.
Nan apremidi, lè Katya parèt, li sezi wè jan kay la bèl.

234 Map li nèt ale 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekli (6 mn)

Leson 106



anivèsè - nevan - toujou - pwovizyon - chanpay
- gato - zanmi - kalite - koule - dekorasyon -
apremidi - tèlman - moman

genyen - fete - deside - envite - achte - dekore -
mete - parèt - tonbe - chante - koule

Ane sa a, manman I deside fè fèt la pi bèl.
Yo mete tout kalite koule blad ak fi nan dekorasyon
an.
Nan apremidi, lè Katya parèt, li sezi wè jan kay la bèl.

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekli a, nan paj 234.

Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekli a 2 pa 2.

Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekli a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difkilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difkilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 199 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.

Men fraz yo :

- Chak mwa mas, manman I toujou fete anivèsè I.
- Ane sa a, manman I deside fè fèt la pi bèl.

Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri a. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?


Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Leson 106

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot ekri nan liv lekli a sou liy ki anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen anba yo. Yon fraz pou chak desen.



M ap li nèl ale - 2 AF - 199

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekli mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « anivèsè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « anivèsè »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Anivèsè vle di: Jou yon moun te fèt oswa yon evènman te pase.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad yo pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « anivèsè » nan kaye bouyon yo.
 - ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « anivèsè » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
 - ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « anivèsè » a?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « anivèsè » a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 234. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
 - ☞ Kisa nou wè sou tab la? Kisa nou wè timoun yo ap fè? Ki koulè rad nou wè sou ti gason ki sou chèz la? Kisa nou wè nan imaj la ankò?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwoduï fraz dapre desen nan kaye egzèsis (4 mn)

Egzèsis # 2: Pwoduï fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
 - ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 199 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
 - ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen li te dekri nan liv lekti a?

Leson 106




anivèsè - nevan - toujou - pwovizyon - chanpay
 - gato - zanmi - kalite - koulè - dekorasyon -
 apremidi - tèlman - moman
 genyen - fete - deside - envite - achte - dekore -
 mete - parèt - tonbe - chante - koule
 Ane sa a, manman l deside fè fèt la pi bèl.
 Yo mete tout kalite koulè blad ak flè nan dekorasyon
 an.
 Nan apremidi, lè Katya parèt, li sezi wè jan kay la bèl.

Leson 106


1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.


3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen anba yo. Yon fraz pou chak desen.



M ap li nèk ale - 2 AF 199


 *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòmè yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifiye prediksyon (8 mn)

Li istwa


 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 235 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifiye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Anivèsè Katya

Katya genyen nevan (9). Chak mwa mas, manman l toujou fete anivèsè l. Ane sa a, manman l decide fè fèt la pi bèl. Dabò, li envite zanmi l yo. Ansuit, manman l fè pwovizyon pou fèt la. Apre sa, li achte kola ak yon bèl gato.

Jou fèt la, manman katya ak zanmi li yo dekore kay la. Yo mete tout kalite koulè blad ak flè nan dekorasyon an. Nan apremidi, lè Katya parèt, li sezi wè jan kay la bèl. Tout moun tonbe chante : «Bòn fèt Katya !» Katya tèlman kontan, dlo koule nan je l. Li pa wè sa pou li di. Se konsa, tout moun vin anbrase l. Sete yon bèl moman pou Katya.

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Nan ki mwa Katya fèt ?
3. Ki laj Katya genyen ?
4. Kisa manman an te fè pou l prepare fèt la ? Dabò, ansuit, apre sa ?
5. Ki kote fèt la te òganize ?
6. Kiyès ki te dekore kay la ?
7. Ak kisa yo te dekore kay la ?
8. Kisa tout moun te fè lè Katya parèt ?
9. Poukisa Katya pa t wè sa pou li di ?
10. Èske ou renmen fete anivèsè w ? Poukisa ?

Map 8 mèl ale 2 A.F.


235

Lesson 106


Anivèsè Katya

Katya genyen nevan (9). Chak mwa mas, manman l toujou fete anivèsè l. Ane sa a, manman l decide fè fèt la pi bèl. Dabò, li envite zanmi l yo. Ansuit, manman l fè pwovizyon pou fèt la. Apre sa, li achte kola ak yon bèl gato. Jou fèt la, manman katya ak zanmi li yo dekore kay la. Yo mete tout kalite koulè blad ak flè nan dekorasyon an. Nan apremidi, lè Katya parèt, li sezi wè jan kay la bèl. Tout moun tonbe chante : «Bòn fèt Katya !» Katya tèlman kontan, dlo koule nan je l. Li pa wè sa pou li di. Se konsa, tout moun vin anbrase l. Sete yon bèl moman pou Katya.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Nan ki mwa Katya fèt ?
3. Ki laj Katya genyen ?
4. Kisa manman an te fè pou l prepare fèt la ? Dabò, ansuit, apre sa ?
5. Ki kote fèt la te òganize ?
6. Kiyès ki te dekore kay la ?
7. Ak kisa yo te dekore kay la ?
8. Kisa tout moun te fè lè Katya parèt ?
9. Poukisa Katya pa t wè sa pou l di ?
10. Èske ou renmen fete anivèsè w ? Poukisa ?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 106

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a sou liy ki anba yo.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen anba yo. Yon fraz pou chak desen.



Leson 106

Map li nèt ale - 2 AF 199

Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 199 pou fè egzèsis # 3 a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 199 Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen anba yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann ? Kòmanse!

☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan pandan w ap verifye si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la ?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Sou kisa istwa a pale ?

2- Ki laj Katya genyen ?

3- Ak kisa yo te dekore kay la ?

Lesson 106

200 Kaye egzèsis

Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 200 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 200 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.**
- ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 107 Revizyon

Objektif:

Konprann yon devinèt
Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
Jwenn sans mo pou fòm fraz
Li istwa byen fò ak bon ton
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 107, paj 236 - 237
Kaye egzèsis, leson 107, paj 201 - 202
Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen gen koulè ble.
Mwen gen anpil pwason.
Tout bato pase sou mwen.
Tout rivyè tonbe nan mwen.
Kisa mwen ye? (Repons : lanmè)

-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lekti mo nan liv (8 mn)

Leson 107 Revizyon



Donal - bibit - Bòdmè - gason - lestomak - brital - anpil - timoun - samdi - devan - tèlman - jwèt - batay

renmen - pase - takinen - tonbe - frape - kriye - kouri - blese - rive - mande - reponn - maltrete - pwoteje - chanje

Yon samdi, Donal ap pase devan kay Jak. Li tonbe takinen l.

Manman l di : "Sispann maltrete pi piti yo".

236 M ap li nèk ale 2 A.F.

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 236.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 236 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.


Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

Leson 107 Revizyon



Donal - bibit - Bòdmè - gason - lestomak - brital - anpil - timoun - samdi - devan - tèlman - jwèt - batay

renmen - pase - takinen - tonbe - frape - kriye - kouri - blese - rive - mande - reponn - maltrete - pwoteje - chanje

Yon samdi, Donal ap pase devan kay Jak. Li tonbe takinen l.

Manman l di : "Sispann maltrete pi piti yo".

236 M ap li nèk ale 2 A.F.

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 236.

☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (43 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo ?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 201 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 201 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
- ☞ Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.


Leson 107 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Fil kap Emil lan kose pandan l ap monte l.

David voye yon flonn dèyè kap Emil lan.


David pote kap la pou Emil.



Leson 107

Map li nèk ale - 2 AF 201

Leson 107 Revizyon



Donal - bibit - Bòdmè - gason - lestomak - brital - anpil - timoun - samdi - devan - tèlman - jwèt - batay

renmen - pase - takinen - tonbe - frape - kriye - kouri - blese - rive - mande - reponn - maltrete - pwoteje - chanje

Yon samdi, Donal ap pase devan kay Jak. Li tonbe takinen l.

Manman l di : "Sispann maltrete pi piti yo".

236 Map li nèk ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 236. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan desen an ? Ki koulè rad nou wè sou moun yo ? Ki koulè chen an ? Ki sa chen an ap fè ?**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)



- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

-  Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
 - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2




-  Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 237 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
-  Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Donal gwo bibit


Nan katye Bòdmè, gen yon jenn gason ki rele Donal. Li gen gwo bibit ak gwo lestomak. Li renmen jwe brital anpil. Tout timoun pè li. Yon Samdi, Donal ap pase devan kay Jak, li tonbe takinen l. Li tèlman frape Jak fò, Jak tonbe kriye. Chen Jak la kouri deyè Donal. Donal pete kouri, li tonbe, li blese.

Donal vin rive lakay li. Manman l mande l : «Ki jan ou fè blese ?» Donal reponn : «Mwen t ap fè yon ti jwèt batay ak Jak. Chen an kouri deyè m, mwen tonbe, mwen blese». Manman l di : «Sispann maltrete pi piti yo. Ou dwe pwoteje yo». Donal di: «Dakò manman». Depi lè sa a, li chanje.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
-  Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?

☁ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

☁ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

☁ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

☁ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jan jenn gason an rele ?
3. Ki jou Donal t ap pase devan kay Jak la ?
4. Ki kote istwa a pase ?
5. Kisa Donal te fè lè li rive devan kay Jak la ?
6. Ki jan Jak te santi li ?
7. Poukisa chen Jak la te kouri dèyè Donal ?
8. Kisa ki te rive Donal lè li t ap kouri a ?
9. Èske Donal te pran konsèy manman l te ba li a ? Poukisa ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou Donal t ap pase devan kay Jak la?

2-Kisa Donal te fè lè li rive devan kay Jak la?

3-Poukisa chen Jak la te kouri dèyè Donal?

Leson 107

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

☁ Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

- ☞ Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 202 la nan egzèsis # 2 a.

☁ Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

- ☞ Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

☁ Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 108

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòm fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:


Liv lekti, leson 108, paj 238 - 239
 Kaye egzèsis, leson 108, paj 203 - 204
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)

Leson 108

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

M op li nè ale - 2 AF 203

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)

- Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 203. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.
- Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 203. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.
 - Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.
- Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa.

Kilè nan jouen an istwa sa a pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Kisa elèv yo ap fè? Ki jan yo abiye? Ki bò yo ye? Ki bò plas piblik la ye? Kisa ki vin pase? Kisa elèv yo fè? Kisa ki rive elèv yo sou wout la? Ki jan yo santi yo? Kisa youn nan yo wè? Kisa yo fè alafen?

 - Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

Yon maten – Yon gwoup timoun – Yo ap kouri – Yo tout abiye ak bout pantalon nwa ak mayo blan – Sou yon plas piblik – Plas piblik la devan yon legliz – Yon gwo lapli vin bare yo – Yo kouri pou yo ale lakay yo – Yo vin jwenn yon gwo kanal dlo ki monte byen wo – Yo pè – Gen youn nan yo ki wè yon pon – Yo tout al pase sou pon an.

- Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:

Yon maten, yon gwoup timoun al kouri sou plas piblik devan legliz la. Yo abiye ak bout pantalon nwa ak mayo blan. Yon gwo lapli bare yo. Timoun yo kouri pou yo ale lakay yo. Yo jwenn yon gwo kanal dlo ki monte byen wo sou wout la. Yo pè. Gen youn nan yo ki wè yon pon. Yo tout al pase sou pon an pou yo ale lakay yo.

☁ Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

☺ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 238.

☺ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 238 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☺ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 238.

☺ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 203 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☺ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 203 a. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis #1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo : kòmanse, kawo, nimewo, eksplike, envite, ansuit.**

Leson 108



marèl - Emil - David - dimanch - lakay - dabò - ansuit - nimewo - kawo - dezyèm - joutan - kòman - konsa - jounen


envite - trase - mete - voye - kòmanse - sote - kontinye - rive - rekòmanse - genyen - eksplike - pase

Se konsa David jwe joutan li genyen. Yo pase tout jounen an ap jwe marèl. Yo te kontan anpil paske marèl se yon bèl jwèt.

238 M ap li nèk ale 2 A.F.

Leson 108

Rakonte istwa dapre imaj




• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.


1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

M ap li nèk ale - 2 A.F. 203


 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la ?**

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.


Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (34 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « marèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « marèl » ?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


☞ **Marèl se : jwèt timoun kote yo sote sou youn oubyen de pye, joutan yo rive nan fen jwèt la ki se syèl la.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « marèl » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « marèl » nan kaye bouyon li.**


 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « marèl » la ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « marèl » la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 108



▲ marèl - Emil - David - dimanch - lakay - dabò - ansuit - nimewo - kawo - dezyèm - joustàn - kòmàn - konsa - jounen
● envite - trase - mete - voye - kòmanse - sote - kontinye - rive - rekòmanse - genyen - eksplikè - pase
● Se konsa David jwe joustàn li genyen. Yo pase tout jounen an ap jwe marèl. Yo te kontan anpil paske marèl se yon bèl jwèt.

238 M ap li nèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 238. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
- ☞ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*
- ☞ Konbyen moun nou wè nan desen an? Kisa moun yo ap fè? Kisa nou wè nan lakou a? Kisa nou wè nan desen an ankò?
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Pwodi mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodi mo dapre desen

- ☞ *Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou epi ale nan paj 203 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
- ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.*
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
- ☞ *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.*
- ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- ☞ *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 239 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

Leson 108

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

203 M ap li nèl ale - 2 A.F.


Jwèt marèl

Yon dimanch, Emil envite David vin jwe marèl lakay li. Dabò, Emil trase marèl la. Ansuit, li mete nimewo nan chak kawo yo. Apre sa, li pran yon wòch plat pou li voye nan kawo yo. Emil kòmanse jwe. Li voye wòch la nan yon premye kawo, li sote. Emil kontinye, li rive nan syèl. Kounye a, se tou pa David. Li voye wòch la nan yon premye kawo, li sote. Dezyèm fwa a, li voye li twò lwen, li pèdi. Emil rekòmanse, li genyen. Apre sa, li eksplikè David kòmàn pou li jwe pou li genyen. Se konsa David jwe joustàn li genyen. Yo pase tout jounen an ap jwe marèl. Yo te kontan anpil paske marèl se yon bèl jwèt.

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Ki jwèt Emil ak David t ap jwe?
3. Ki jou Emil te envite David vin jwe marèl la?
4. Ki kote yo t ap jwe marèl?
5. Kiyès ki te trase jwèt marèl la?
6. Ak kisa yo te sèvi pou yo jwe marèl la?
7. Kisa ki fè David pèdi nan jwèt la?
8. Èske yo te renmen jwèt la? Poukisa?
9. Kiyès ki te pi fò nan jwèt la? Poukisa?


239 M ap li nèl ale 2 A.F.

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Jwèt Marèl

Yon dimanch, Emil envite David vin jwe marèl lakay li. Dabò, Emil trase marèl la. Ansuit, li mete nimewo nan chak kawo yo. Apre sa, li pran yon wòch plat pou l voye nan kawo yo. Emil kòmanse jwe. Li voye wòch la nan yon premye kawo, li sote. Emil kontinye, li rive nan syèl. Kounye a, se tou pa David. Li voye wòch la nan yon premye kawo, li sote. Dezyèm fwa a, li voye l twò lwen, li pèdi. Emil rekòmanse, li genyen. Apre sa, li eksplike David kòman pou l jwe pou li genyen. Se konsa David jwe joutan li genyen. Yo pase tout jounen an ap jwe marèl. Yo te kontan anpil paske marèl se yon bèl jwèt.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki jwèt Emil ak David t ap jwe?
 3. Ki jou Emil te envite David vin jwe marèl la?
 4. Ki kote yo t ap jwe marèl?
 5. Kiyès ki te trase jwèt marèl la?
 6. Ak ki sa yo te sèvi pou yo jwe marèl la?
 7. Kisa ki fè David pèdi nan jwèt la?
 8. Èske yo te renmen jwèt la? Poukisa?
 9. Kiyès ki te pi fò nan jwèt la? Poukisa?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki tit istwa a?





2-Ki jwèt Emil ak David t ap jwe?

3-Ki kote yo t ap jwe marèl?



Leson 108

204 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 204 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 204 pou fè egzèsis # 3 a Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 109

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 109, paj 240 - 241
- Kaye egzèsis, leson 109, paj 205 - 206
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Mwen santi m byen lekòl.
Mwen etidye, mwen fè devwa m.
Tout pwofesè felisite m.
Mwen renmen lekòl.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)


-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 240.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 240 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 240.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 205 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.




 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Bò lakay Emil, gen yon ti fi ki rele Rita.
- Li genyen uitan, li wo epi li renmen mete kepi anpil.

Leson 109



 elektrisyen - lakay - Emil - uitan - kepi - anpil - kalite - aparèy - toujou - manman - madi - efo - lekòl - zanmi
 rele - genyen - renmen - mete - jwe - demonte - gade - mande
 Bò lakay Emil, gen yon ti fi ki rele Rita. Li genyen uitan, li wo epi li renmen mete kepi anpil.


240 Map li nèk ale 2 A.F.

Leson 109

1-Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

3-Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



Map li nèk ale - 2 AF 205

Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « elektrisyen ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « elektrisyen » ?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Elektrisyen : Se metye moun ki repare oswa ki enstale aparèy elektrik.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « elektrisyen » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « elektrisyen » nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « elektrisyen » an ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « elektrisyen » an.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (10 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 240. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan desen an ? Kijan nou wè fi ki sou poto a abiye ? Ki sa l ap fè ?**

Leson 109




elektrisyen - lakay - Emil - uitan - kepi - anpil - kalite - aparèy - toujou - manman - madi - efò - lekòl - zanmi

rele - genyen - renmen - mete - jwe - demonte - gade - mande

Bò lakay Emil, gen yon tifi ki rele Rita. Li genyen uitan, li wo epi li renmen mete kepi anpil.


240

W ap li nèl ale 2 A.F.


 Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason). Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (4 mn)


Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

 Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.


☞ **Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 205 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.**

 Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an ?**

 Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa


 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :



- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 241 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.



Rita vle vin Elektrisyen

Bò lakay Emil, gen yon ti fi ki rele Rita. Li genyen uitan, li wo epi li renmen mete kepi anpil. Depi li tou piti, li renmen jwe ak tout kalite aparèy. Li toujou ap demonte yo, pou l wè sa ki ladan yo. Manman l toujou pran plezi

ap gade l.

Yon madi apremidi, manman Rita vin chache l nan lekòl la. Manman Rita mande l : «Kisa ou ta renmen vin ye ?» Rita di : «Mwen ta renmen vin yon gwo elektrisyen». Manman an di : «Oooo ! Poukisa ?» Rita di : «Paske mwen renmen wè jan elektrisyen yo abiye. Mwen pral fè anpil efò pou m vin yon gwo elektrisyen». Depi lè sa a, tout zanmi Rita yo rele l : «Elektrisyen ! Elektrisyen !»

☺ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

🗨️ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☺ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

🗨️ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☺ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

🗨️ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

☺ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

🗨️ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (10 mn)

🗨️ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

☺ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki kote Rita abite ?
3. Ki laj Rita genyen ?
4. Kòman Rita ye ?
5. Ak ki sa Rita renmen jwe ?
6. Kisa Rita renmen fè nan aparèy yo ?
7. Kisa manman Rita fè lè l ap demonte aparèy yo ?
8. Ki jou manman Rita te mande l ki sa li vle vin ye a ?
9. Ki repons Rita te bay manman l ?
10. Poukisa Rita ta renmen vin yon gwo elektrisyen ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 109

1-Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo

2-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a sou liy anba yo.

3-Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



M ap li mèl ale - 2 AF 205

Egzèsis # 3 (4 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 205 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 205 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann? Kòmanse!**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?**
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.*

Leson 109

4-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki kote Rita abite?

2-Ki laj Rita?

3-Kòman Rita ye?

206 Kaye egzèsis

Egzèsis # 4 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 206 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 206 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèl kòmanse.**
 - Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
 - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
 - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
 - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
 - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 110

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 110, paj 242 - 243
- Kaye egzèsis, leson 110, paj 207
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*







Lapli

Jaden yo jwenn lapli.


Mayi yo byen vini.

Tout timoun yo kontan.

Y ap viv nan yon bon tan.

-  **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
-  **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**
-  *Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.*

Leson 110



▲ Jounen - lannè - vandredi - maten - fanmi - nouvèl
 - kontan - aswè - boul - valiz - manman - monitè - mési
 ● anonse - mennen - tande - ranje - mete - pase - rive - montre - naje
 ☺ Yon vandredi maten, papa Emil anonse fanmi li yon bon nouvèl.
 Li di : "Samdi maten, m ap mennen nou nan lannè".

242 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Rapèl (3 mn)

- ☞ Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson anvan an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li nan leson anvan an pou klas la ak pwòp mo pa li?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 242.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 242 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 242.
- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 207 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.
- ☞ Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 207 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (6 mn)

☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.

☞ Ekri 2 mo yo sou tablo a : monitè – antrenè.

☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : monitè – antrenè pou nou di sa nou panse sou yo.

☞ Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo monitè ak mo antrenè. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :

☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : monitè ak antrenè ?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :

☞ Mo monitè vle di : moun ki la pou antrene lòt moun.

Mo antrenè vle di : moun ki ap antrene yon ekip.

Sa vle di mo monitè ak mo antrenè genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.

Egzanp :

Jak se monitè ekip baskèt la.

Jak se antrenè ekip baskèt la.

☞ Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.

☞ Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la.

☞ Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande chak elèv ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : monitè ak antrenè.

☞ Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « monitè » epi « antrenè » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a.

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Apre sa, mande tout klas la li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 242. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ Kisa nou wè nan lanmè a ? Ki kote nou wè mesye a ak timoun yo ? Kisa nou wè bò lanmè a ? Kisa nou wè ti gason an ap fè ? Ki jan nou wè ti gason an abiye ? Kijan tifi a abiye ?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)


☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

Leson 110



▲ Jounen - lanmè - vandredi - maten - fanmi - nouvell
- kontan - aswè - boul - valiz - manman - monitè - mési


● anonse - mennen - tande - ranje - mete - pase - rive - montre - naje


● Yon vandredi maten, papa Emil anonse fanmi li yon bon nouvell.
Li di : "Samdi maten, m ap mennen nou nan lanmè".


242 M ap li nèl ale 2 A.F.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

-  Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

-  **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 243 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

-  Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Yon Jounen bò lanmè

Yon vandredi maten, papa Emil anonse fanmi li yon bon nouvell. Li di : «Samdi maten, m ap mennen nou nan lanmè». Tout moun nan kay la kontan lè yo tande sa. Katya ak Emil ranje afè yo depi nan aswè. Emil mete bèl boul li a nan valiz la. Katya pran jwèt kat li a.

Lè Emil rive bò lanmè a, li pran tranble. Li pè dlo a. Papa li di : «Emil, ou pa bezwen pè». Manman Emil di : «Yon monitè pral montre ou naje, pitit mwen». Emil di : «Weeee ! Mèsi manman». Yo pase tout jounen an bò lanmè a. Yo manje, yo jwe joutan solèy la kouche.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki bon nouvell papa Emil anonse fanmi li ?
3. Kòman moun yo te akeyi nouvell la ?
4. Kisa Emil ak Katya fè jou vandredi a ?
5. Kisa ki pase Emil lè li rive bò lanmè a ?
6. Kisa manman Emil di l ?
7. Èske Emil te kontan aprann naje ? Poukisa ?

Leson 110





M ap li mèl ale 2 A.F.

243





Yon Jounen Bò Lanmè

Yon vandredi maten, papa Emil anonse fanmi li yon bon nouvell. Li di : «Samdi maten, m ap mennen nou nan lanmè». Tout moun nan kay la kontan lè yo tande sa. Katya ak Emil ranje afè yo depi nan aswè. Emil mete bèl boul li a nan valiz la. Katya pran jwèt kat li a.

Lè Emil rive bò lanmè a, li pran tranble. Li pè dlo a. Papa li di : «Emil, ou pa bezwen pè». Manman Emil di : «Yon monitè pral montre ou naje, pitit mwen». Emil di : «Weeee ! Mèsi manman». Yo pase tout jounen an bò lanmè a. Yo manje, yo jwe joutan solèy la kouche.

-  **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**
 -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.
-  **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 -  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

-  **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 -  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
-  **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 -  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

Leson 111

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 111, paj 244 - 245
- Kaye egzèsis, leson 111, paj 208 - 209
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pale sou enpòtans machin.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans machin. Èske machin itil? Poukisa? Èske tout moun ka kondui machin? Ki kote machin ka kouri? Ki jan yo rele moun ki kondui machin? Èske nou renmen monte machin? Poukisa?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

Leson 111






mezanmi - mèn - pyebwa - konbit - dakò - lide - plant - pakèt - pepinyè - lakay - konpliman - timoun
chita - gade - plante - pale - renmen - pwoteje - jwenn - rebwaze


Gade mèn nan pa gen yon grenn pyebwa.
Fòk nou fè yon konbit pou nou plante pyebwa.

244 M ap li nèl ale 2 A.F.

1. Lektü mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 244.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 244 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Leson 111



mezanmi - mòn - pyebwa - konbit - dakò - lide - plant - pakèt - pepinyè - lakay - konpliman - timoun

chita - gade - plante - pale - renmen - pwoteje - jwenn - rebwaze

Gade mòn nan pa gen yon grenn pyebwa.
Fòk nou fè yon konbit pou nou plante pyebwa.

244 M ap li nèt ale 2 A.F.

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 244.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Leson 111

1-Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

3-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



244 M ap li nèt ale 2 A.F.

Egzèsis # 1(dikte fraz) (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 208 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
- Men fraz yo:**
 - Mwen gen yon pakèt ti plant la.
 - Nou pral plante yo nan mòn nan.
- ☁ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri a. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (33 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « lide ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « lide »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Lide vle di: yon panse ki vini nan tèt yon moun pou li rezoud yon pwoblèm oswa fè yon aksyon.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « lide » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « lide » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « lide » a?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « lide » a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 111



mezanmi - mòn - pyebwa - konbit - dakò - lide - plant - pakèt - pepinyè - lakay - konpliman - timoun

chita - gade - plante - pale - renmen - pwoteje - jwenn - rebwaze

Gade mòn nan pa gen yon grenn pyebwa.
Fòk nou fè yon konbit pou nou plante pyebwa.

244 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (10 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 244. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè nan desen an? Kisa nou wè timoun yo ap fè? Ki jan nou wè mòn nan ye? Kijan timoun yo abiye?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodi fraz dapre desen nan kaye egzèsis (4 mn)

Egzèsis # 2: Pwodi fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 208 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?


Leson 111

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

Leson 111

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



208 Kaye egzèsis

Rebwazman

Vandredi maten, David ak Alina chita ap pale konsa :
 David : -Mezanmi ! Gade mòn nan pa gen yon grenn pyebwa. Fòk nou fè yon konbit pou nou plante pyebwa.
 Alina : -Mwen dakò avè w. Se yon bon lide, men nou pa gen plant. Ebyen, an n al pale ak papa Emil. Li gen yon pakèt pepinyè lakay li a.
 David ak Alina : -Bonjou papa Emil. Nou ta renmen plante pyebwa nan mòn nan. Kòman ou ka ede nou ?
 Papa Emil : -Nou gen yon bon lide. Mwen gen yon pakèt ti plant la. Nou pral plante yo nan mòn nan. Konsa, n ap pwoteje tè yo epi n ap jwenn manje. Konpliman timoun ! N ap fè yon konbit pou rebwaze mòn nan.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jan timoun yo wè mòn nan ?
3. Kisa timoun yo vle fè ?
4. Kisa timoun yo bezwen pou yo fè konbit la ?
5. Kisa ki vini nan lide Alina ?
6. Poukisa Alina te vle pou yo al pale ak papa Emil ?
7. Kisa David ak Alina di papa Emil ?
8. Ki kote timoun yo vle al plante pyebwa yo ?
9. Èske nou ta renmen plante pyebwa tankou David ak Alina ?

M ap li nèl èt 2 A.F. 245

- ☞ *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòmè yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*
- ☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
 - ☞ *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 245 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**
 - ☞ *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Rebwazman

Vandredi maten, David ak Alina chita ap pale konsa :
 David : -Mezanmi ! Gade mòn nan pa gen yon grenn pyebwa. Fòk nou fè yon konbit pou nou plante pyebwa.
 Alina : -Mwen dakò avè w. Se yon bon lide, men nou pa gen plant. Ebyen, an n al pale ak papa Emil. Li gen yon pakèt pepinyè lakay li a.
 David ak Alina : -Bonjou papa Emil. Nou ta renmen plante pyebwa nan mòn nan. Kòman ou ka ede nou ?
 Papa Emil : -Nou gen yon bon lide. Mwen gen yon pakèt ti plant la. Nou pral plante yo nan mòn nan. Konsa, n ap pwoteje tè yo epi n ap jwenn manje. Konpliman timoun ! N ap fè yon konbit pou rebwaze mòn nan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki jan timoun yo wè mòn nan?
 3. Kisa timoun yo vle fè?
 4. Kisa timoun yo bezwen pou yo fè konbit la?
 5. Kisa ki vini nan lide Alina?
 6. Poukisa Alina te vle pou yo al pale ak papa Emil?
 7. Kisa David ak Alina di papa Emil?
 8. Ki kote timoun yo vle al plante pyebwa yo?
 9. Èske nou ta renmen plante pyebwa tankou David ak Alina?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 111

1-Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo

2-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

3-Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



208 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 208 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 208 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann? Kòmanse!

Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki tit istwa a?

2-Ki jan timoun yo wè mèn nan?

3-Kisa timoun yo bezwen pou yo fè konbit la?

Leson 111

M ap li nèk ale - 2 A.F. 209

Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 209 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 209 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
- ☞ *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
- ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 112 Revizyon

Objektif:

- Konprann yon devinèt
- Pwodi mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 112, paj 246 - 247
- Kaye egzèsis, leson 112, paj 210 - 211
- Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt



-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen leve nan jaden
Mwen long.
Mwen gen plizyè ne.
Ji mwen sikre anpil.
Yo sèvi avèk mwen pou fè sik.
Kiyès mwen ye ? (Repons : Kann)


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lektè mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 246.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 246 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*

Leson 112 Revizyon



▲ samdi - maten - konbit - granmoun - lakou - kontan
- kòman - jounen - dabò - pyebwa - ansuit - zouti - wout

🔥 leve - pare - rasonble - distribye - chante - plante - rive
- foye - mete - kontinye - pase

🌱 Yo kontinye chante ak kè kontan jous tout pyebwa fin plante.
Yo te kontan pase yon bèl jounen ap chante.

246 Map li nèt ate 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 246.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.tr

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyasyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyasyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè

☁ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.


Leson 112 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Timoun yo kouri pase sou yon pon.


Dlo a anpeche timoun yo al lakay yo.

Pandan timoun yo ap fè espò lapli vin ap tonbe.



210 Kaye egzèsis

Leson 112 Revizyon



▲ samdi - maten - konbit - granmoun - lakou - kontan - kòman - jounen - dabò - pyebwa - ansuit - zouti - wout

● leve - pare - rasanble - distribye - chante - plante - rive - fouye - mete - kontinye - pase

● Yo kontinye chante ak kè kontan jous tout pyebwa fin plante.
Yo te kontan pase yon bèl jounen ap chante.

246 M ap li nèt ale 2 A.F.

Rebwazman (2)

Samdi maten, lè solèy leve, Alina ak David pare pou konbit la. Yo rasanble tout timoun ak granmoun nan lakou papa Emil la. Tout moun yo byen kontan. Y ap pale sou kòman jounen sa ap bèl. Dabò, papa Emil distribiyè pyebwa yo. Ansuit, granmoun yo pran zouti yo. Timoun yo pran plant yo. Apre sa, yo pran wout mòn nan.

Sou tout wout la, y ap chante: "An n al plante! An n al plante! Pou n rebwaze mòn nan". Lè yo rive nan mòn nan, granmoun yo fouye twou. Timoun yo mete pyebwa nan twou yo. Yo kontinye chante ak kè kontan jous tout pyebwa fin plante. Yo te kontan pase yon bèl jounen ap plante.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a pase ?
3. Ki aktivite Alina ak David te prepare ?
4. Ki kote moun yo te rasanble jou konbit la ?
5. Kisa papa Emil te distribiyè ?
6. Ki kote timoun ak granmoun yo t al plante pyebwa ?
7. Kisa granmoun yo te fè lè yo rive nan mòn nan ?
8. Kisa timoun yo te fè lè granmoun yo fin fouye twou yo ?
9. Poukisa li enpòtan pou nou patisipe nan rebwazman ?

M ap li nèt ale 2 A.F. 247

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 210 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 210 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann ? Kòmanse!**
 - ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
 - ☞ Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 246. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Kisa nou wè nan men timoun yo ? Kisa nou wè granmoun yo ap fè ? Ki kote moun yo ye ? Kisa nou wè ankò ?**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.


3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
 - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 247 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**


 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Rebwazman (2)

Samdi maten, lè solèy leve, Alina ak David pare pou konbit la. Yo rasanble tout timoun ak granmoun nan lakou papa Emil la. Tout moun yo byen kontan. Y ap pale sou kòman jounen sa ap bèl. Dabò, papa Emil distribye pyebwa yo. Ansuit, granmoun yo pran zouti yo. Timoun yo pran plant yo. Apre sa, yo pran wout mòn nan.

Sou tout wout la, y ap chante : «An n al plante ! An n al plante! Pou n rebwaze mòn nan». Lè yo rive nan mòn nan, granmoun yo fouye twou. Timoun yo mete pyebwa nan twou yo. Yo kontinye chante ak kè kontan jous tout pyebwa fin plante. Yo te kontan pase yon bèl jounen ap plante.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

 Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :

- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit


- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.

- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.

- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.


- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**

 Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

🗨 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- 👄 Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

🗨 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

🗨 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- 👄 Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki jou istwa a pase?
 3. Ki aktivite Alina ak David te prepare?
 4. Ki kote moun yo te rasanble jou konbit la?
 5. Kisa papa Emil te distribye?
 6. Ki kote timoun ak granmoun yo t al plante pyebwa?
 7. Kisa granmoun yo te fè lè yo rive nan mòn nan?
 8. Kisa timoun yo te fè lè granmoun yo fin fouye twou yo?
 9. Poukisa li enpòtan pou nou patisipe nan rebwazman?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

2-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou lily ki anba yo.

1-Ki tit istwa a?

2-Ki jou istwa a pase?

3-Ki aktivite Alina ak David te prepare?

Lesson 112

M ap li nèk ale - 2 AF 211

🗨 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

- 👄 Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 211 la nan egzèsis # 2 a.

🗨 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

- 👄 Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

🗨 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 113

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòmè fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral


Materyèl:

Liv lekti, leson 113, paj 248 - 249
 Kaye egzèsis, leson 113, paj 212 - 213
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)

1. Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)



Leson 113

Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 212. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.

☞ **Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 212. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.**

Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.

☞ **Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa.**

Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Ki jan li abiye? Ki sa ti gason an gen nan men l? Ki kote li prale? Kisa li fè lè li rive lakay li? Kisa li fè lè li fin manje kann nan?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

- Yon apremidi – Yon ti gason – Ti gason an abiye ak yon mayo nwa epi yon bout chòt blan – li gen yon kann nan men li – bò plas la – lè li rive lakay li, li kase kann nan epi li manje yon bout – Lè li fin manje, li mete po yo nan yon poubèl.

☞ **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:


Yon apremidi, yon ti gason al achte kann. Lè l rive lakay li, li kase kann nan de bout. Li manje yon bout. Apre sa, li mete po kann nan nan yon poubèl.

Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.


☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Konsyans fonemik (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 248.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 248 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 248.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit


Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 212 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 212 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

☞ **Men mo yo : mache, zandolit, cheval, travèse, rive.**

Leson 113



lendi - maten - bonè - kout - kamarad - istwa - forè - zandolit - cheval - tèlman - klòch


rive - kòmanse - rakonte - rete - mache - kouri - pase - souke - travèse - sonnen

Yon lendi maten, Emil rive nan lekòl la bonè. Li kòmanse rakonte kamarad li yo yon bèl istwa.

248 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 113

Rakonte istwa dapre imaj



• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

212 Kaye egzèsis

Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li mo li sot ekri yo pou klas la?**

Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «forè». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «forè»?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ **Forè vle di: yon espas ki gen anpil pye bwa ki leve pou kont yo ak anpil bèt sovaj.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo «forè» nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo «forè» nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo «forè» a?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo «forè» a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.


2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 248. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

Leson 113



▲ lendi - maten - bonè - kout - kamarad - istwa - forè - zandolit - cheval - tèlman - klòch

🕒 rive - kòmanse - rakonte - rete - mache - kouri - pase - souke - travèse - sonnen

🕒 Yon lendi maten, Emil rive nan lekòl la bonè. Li kòmanse rakonte kamarad li yo yon bèl istwa.

248 M ap li nèt ale 2 A.F.

- ☞ Kisa nou wè nan desen an? Kisa nou wè ti gason an ap fè? Ki koulè cheval la ak zandolit la? Kisa nou wè cheval la ak zandolit la ap fè?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2 (mn)

☞ Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.

- ☞ Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou epi ale nan paj 212 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy anba yo.

☞ Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?

☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.

- ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?

☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)



Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 249 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.




Istwa Sanba ak Odilon

Yon lendi maten, Emil rive nan lekòl la bonè. Li kòmanse rakonte kamarad li yo yon bèl istwa. Se istwa Sanba ak Odilon ki rete nan yon forè. Odilon se yon zandolit, Sanba li menm se yon cheval. Pandan y ap mache nan forè a, yo tande yon gwo bri : «Vvvvvvvv !» Yo tèlman pè, yo kouri pase sou yon pon. Pon an pran souke. Yo kouri san kanpe jis yo fin travèse.


Odilon di : «Mwen sot souke pon an». Sanba gade l, li ri.

Sanba di : «Mwen sot souke l oswa ou menm ?» Youn gade lòt, yo tonbe ri. Yo di : «Nou sot souke pon an». Timoun yo fè yon gwo kout ri epi klòch la sonnen.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*


5. Reponn kesyon (7 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*


- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki bò Sanba ak Odilon rete ?
 3. Kisa ki te fè yo pè ?
 4. Kisa ki te rive lè yo kouri travèse pon an ?
 5. Kisa Odilon di Sanba ?
 6. Finalman, kisa Sanba ak Odilon te di ?
 7. Kisa ki fè Sanba ri lè Odilon di li souke pon an ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)


Egzèsis # 3

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 213 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 213 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Kibò Sanba ak Odilon rete?

2-Kisa ki te fè yo pè?

3-Kisa ki te rive lè yo kouri travèse pon an?

Lesson 113

M ap li nèt ale - 2 AF 213

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 114

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 114, paj 250 - 251
- Kaye egzèsis, leson 114, paj 214 - 215
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Blow ! Blow ! Blow !
Frape pòt, antre lakay, fè travay.
Myaw ! Myaw ! Myaw !
Chat la kontan, mwen rantre.
Houp ! Houp ! Houp ! Chen an kontan, mèt li vini.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)


-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 250.


 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 250 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 250.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 214 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Lòt elèv yo pote tout kalite ti pyebwa.
- Yo pase yon bèl jounen ap plante nan lekòl la.

Leson 114



 pwofesè - lendi - jaden - konbit - bravo - Emil - pyebwa - lekou - lekòl - bonè - vandredi - maten - sitwon - zaboka - kalite
 pale - plante - mande - pote - pase - vie
 Lòt elèv yo pote tout kalite ti pyebwa. Yo pase yon bèl jounen ap plante nan lekòl la.


250 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 114


1-Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2-Fòme de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.


3-Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



214 Kaye egzèsis


 Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.


Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « mòn ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « mòn » ?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


☞ **Mòn vle di : Pati nan tè a ki monte wo anpil.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « mòn » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « mòn » nan kaye bouyon li.**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « mòn » nan ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « mòn » nan.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.


2. Vizyalizasyon (10 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 250. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki kote nou wè elèv yo ? Kisa nou wè nan men chak elèv ? Kisa pwofesè a ap fè ? Ki kote nou wè timoun yo ap depoze plant yo ? Kisa nou wè nan desen an ankò ?**



 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (4 mn)

Leson 114

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo





2- Fòme de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.





214 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen



-  Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☛ **Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 214 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☛ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?**
-  Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.
- ☛ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☛ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☛ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**
-  Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

-  Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☛ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 251 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**
-  Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Jaden lekòl

Yon lendi, Emil ap pale ak pwofesè a. Li di : "Nou ka fè yon bèl jaden nan lekòl la. Nou ka fè menm konbit nou te fè nan mòn nan". Pwofesè a di : "Bravo Emil, se yon bon lide". Li di : "Timoun, nou dakò ?" Tout elèv yo di : "Weeee ! Nou pral plante pyebwa". Pwofesè a mande pou tout elèv pote yon plant vandredi maten. Li di yo : "Nou pral fè yon gwo konbit jou sa a. Nou vle gen anpil pyebwa nan lakou lekòl la".

Vandredi maten byen bonè, Emil pote yon ti pye sitwon. Alina pote yon ti pye zaboka. Lè elèv yo pote tout kalite ti pyebwa. Yo pase yon bèl jou an plante nan lekòl la.


Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Emil te di pwofesè a ? Poukisa ?
3. Kisa pwofesè a te mande pou tout elèv yo pote ?
4. Ki jou konbit la te fèt lekòl la ?
5. Ki plant Emil te pote ?
6. Ki plant Alina te pote ?
7. Kisa lòt elèv yo te pote ?
8. Poukisa li enpòtan pou nou plante pyebwa nan lekòl nou ?


251

Jaden Lekòl


Yon lendi, Emil ap pale ak pwofesè a. Li di : «Nou ka fè yon bèl jaden nan lekòl la. Nou ka fè menm konbit nou te fè nan mòn nan». Pwofesè a di : «Bravo Emil, se yon bon lide». Li di : «Timoun, nou dakò ?» Tout elèv yo di : «Weeee ! Nou pral plante pyebwa». Pwofesè a mande pou

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòmè ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòmè yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Kisa Emil te di pwofesè a? Poukisa ?


2-Kisa pwofesè a te mande pou tout elèv yo pote?

3-Ki plant Alina te pote?


M ap li nèk ale - 2 AF 215

Leson 114


Egzèsis # 4 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 215 pou fè egzèsis # 4 la Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 215 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

☞ Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 115

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 115, paj 252 - 253
- Kaye egzèsis, leson 115, paj 216 - 217
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)




Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi (6 mn)



-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, chwazi kèk elèv pou repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Lapli

Jaden yo jwenn lapli.
Mayi yo byen vini.
Tout timoun yo kontan.
Y ap viv nan yon bon tan.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou repete pwezi a pou kont yo byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye silab ki fini chak fraz.**
-  *Fè elèv yo idantifye silab ki fini premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fòme yon fraz ki tèmine ak menm son ak fraz ki nan pwezi a.**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou pwodui 4 fraz ki fini menm jan ak fraz ki nan pwezi a. Ekri fraz yo youn apre lòt sou tablo a apre sa fè elèv yo li yo.*

2. Rapèl (3 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson anvan an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li nan leson anvan an pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 252.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 252 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 252.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 216 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.


☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 216 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

☞ **Men mo yo : kouri, bisiklèt, pansman, remèsye, sezi.**

Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

Leson 115



▲ Alina - Emil - zanmi - bisiklèt - kòd - moman - Jenou - pansman - timoun - ansuit

● monte - tandè - tonbe - kouri - blese - mennen - rive - sezi - genyen - lave - remèsye

● Yon dimanch apremidi, Alina ak Emil al jwe soup las la. Apre sa, li remèsye timoun yo pou bon jès sa a.

252 Map li nèt ale 2 A.F.

Leson 115

1-Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.


2-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki kote Alina ak Emil te al jwe? Kisa yo t ap jwe ?

2-Kisa ki te rive Emil apre yon ti moman?


3-Ki kote Emil te blese?

216 Kaye egzèsis

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.


Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pansman ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « pansman »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


- ☞ Pansman vle di : netwaye yon blese ak dlo oksijene epi kouvri l ak twal gaz ak adezif ...

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « pansman » nan kaye bouyon yo.

- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « pansman » nan kaye bouyon li.

 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.


- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « pansman » an?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « pansman » an.


Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (4 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.

 Ekri 2 mo yo sou tablo a : jwe – amize.

- ☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : jwe ak amize pou nou di sa nou panse sou 2 mo sa yo.

 Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo jwe ak mo amize. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :

- ☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : jwe ak amize?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :


Mo Jwe vle di : aktivite yon moun fè pou fè kè l kontan.

Mo amize vle di: aktivite yon moun fè pou fè kè l kontan.
Sa vle di mo jwe ak mo amize genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.


Egzanp :

Emil ap jwe ak zanmi l yo sou plas la.


Emil ap amize l ak zanmi l yo sou plas la.

 Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.

☞ **Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la ?**

 Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande chak elèv ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo: jwe ak amize.

☞ **Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « jwe » epi « amize » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a ?**

 Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Apre sa, mande tout klas la pou li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesèsè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

Leson 115



▲ Alina - Emil - zanmi - bisiklèt - kòd - moman - jenou - pansman - timoun - ansuit

🍌 monte - tande - tonbe - kouri - blese - mennen - rive - sezi - genyen - lave - remèsye

🍌 Yon dimanch apremidi, Alina ak Emil al jwe soup las la.

Aprè sa, li remèsye timoun yo pou bon jès sa a.


252

M ap li mèl ale 2 A.F.


3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 252. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**


 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki kote timoun yo ye ? Kisa nou wè yo ap fè ? Ki kote nou wè bisiklèt la ? Kisa nou wè ki rive ti gason ki bò pyebwa a ? Kisa nou wè sou plas la ankò ?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 253 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

Yon bon jès


Yon dimanch apremidi, Alina ak Emil al jwe sou plas la. Alina ap sote kòd ak zanmi l yo. Emil ap monte bisiklèt. Apre yon moman, Alina tande yon gwo kri: "Woy!" Li gade, li wè Emil tonbe sou bisiklèt la. Alina ak zanmi l yo kouri al ede Emil. Lè yo rive, yo wè Emil blese nan pye. Yo mennen Emil lakay li. Lè yo rive, manman Emil sezi. Li di: "Opoou! Kisa plit mwen an genyen ?" Li wè li blese nan jenou. Dabò, li lave blese a. Emil rele: "Way!" Ansuit, li fè yon pansman pou Emil. Apre sa, li remèsye timoun yo pou bon jès sa a.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki kote Alina ak Emil te al jwe ? Kisa yo t ap jwe ?
3. Kisa ki te rive Emil apre yon ti moman ?
4. Ki kote Emil te blese ?
5. Kisa Alina ak zanmi l yo te fè lè yo te wè Emil tonbe sou bisiklèt la ?
6. Kisa manman Emil te di lè timoun yo t ap vini ak Emil ?
7. Kisa manman Emil te fè ?
8. Poukisa li bon pou nou youn ede lòt ?

M ap li mèl ale 2 A.F.


253

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Yon bon jès

Yon dimanch apremidi, Alina ak Emil al jwe sou plas la. Alina ap sote kòd ak zanmi l yo. Emil ap monte bisiklèt. Apre yon moman, Alina tande yon gwo kri: «Woy!» Li gade, li wè Emil tonbe sou bisiklèt la. Alina ak zanmi l yo kouri al ede Emil. Lè yo rive, yo wè Emil blese nan pye. Yo mennen Emil lakay li. Lè yo rive, manman Emil sezi. Li di: «Oooo! Kisa pitit mwen an genyen ?» Li wè li blese nan jenou. Dabò, li lave blese a. Emil rele: «Way!» Ansuit, li fè yon pansman pou Emil. Apre sa, li remèsye timoun yo pou bon jès sa a.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**


 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki kote Alina ak Emil te al jwe ? Kisa yo t ap jwe ?
3. Kisa ki te rive Emil apre yon ti moman ?
4. Ki kote Emil te blese ?
5. Kisa Alina ak zanmi l yo te fè lè yo te wè Emil tonbe sou bisiklèt la ?
6. Kisa manman Emil te di lè timoun yo t ap vini ak Emil ?
7. Kisa manman Emil te fè ?
8. Poukisa li bon pou nou youn ede lòt ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 115

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki kote Alina ak Emil te al jwe? Kisa yo t ap jwe ?

2- Kisa ki te rive Emil apre yon ti moman?

3- Ki kote Emil te blese?

216 Kave egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 216 pou fè egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.

☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 216 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.**

Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**

Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 217 pou fè egzèsis # 3 a.

☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 217 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la) Nou konprann ? Kòmanse !**

Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa li chwazi.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la ? Poukisa se mo sa ou chwazi ?**

Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Mande elèv ki fè erè yo fè koreksyon nan kaye yo. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

3- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

chanje - amize - kouri

1) Emil ap jwe ak zanmi l.



2) Emil ap _____ l ak zanmi l.

M ap li nèk ale - 2 AF 217

Leson 115

Leson 115

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 116

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 116, paj 254 - 255
- Kaye egzèsis, leson 116, paj 218 - 219
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)





-  Mande elèv yo pale sou enpòtans flè.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans flè. N ap di ki flè nou pi renmen. Poukisa nou renmen flè sa a? Kiyès ki gen flè lakay li? Poukisa nou plante flè lakay nou?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.


2. Rapèl (3 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lektü mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 254.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 254 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.



2. Lekti fraz nan liv lekli (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekli a, nan paj 254.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekli a 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekli a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
 - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1(Dikte fraz) (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 218 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
Men fraz yo :
 - Yon mèkredi, Emil decide pou li al kay grann li.
 - Lè li rive, li wè yon bèl jaden flè nan lakou a.
- ☞ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekli mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « flè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « flè »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Flè vle di: pati nan yon plant ki fleri, ki konn gen bèl koulè. Yo sèvi avè l pou fè dekorasyon.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « flè » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « flè » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « flè » a?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « flè » a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 254. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Ki kote nou wè moun yo? Kisa nou wè ti gason an ap fè? Kisa nou wè madanm nan ap fè? Kisa nou wè nan lakou a ankò? Ki koulè flè yo? Ki koulè rad ki sou madanm nan? Ki koulè rad ki sou ti gason an?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodi fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)


Egzèsis # 2: Pwodi fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 218 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?




 *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòmè yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (17 mn)

Li istwa


 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 255 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Flè choublak

Yon mèkredi, Emil deside pou li al kay grann li. Lè li rive, li wè yon bèl jaden flè nan lakou a. Li di : «Waww, flè yo bèl !» Li antre kay grann nan, li di : «Bonjou Grann». Li anbrase grann li epi li di : «Ki jan flè sa yo rele ?» Grann nan di : «Mwen gen tout kalite flè nan jaden an. Mwen gen choublack, flè woz, flè dizè ak magerit».

Emil di : «Grann, ban m ladan yo pou mwen ale plante. Mwen vle plis choublak paske yo pi bèl». Grann nan ba li choublak ak flè woz. Emil di : «Mèsi Grann, mwen pral fè yon bèl jaden flè lakay la».

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a te pase ?
3. Kiyès ki t al wè grann li ?
4. Kisa Emil te wè lè li rive kay grann li ?
5. Ki flè grann nan di li genyen nan jaden l ?
6. Ki flè grann Emil te ba li ?
7. Poukisa nou dwe plante flè lakay nou ?
8. Èske Emil te kontan ak vizit la ? Poukisa ?

Leson 116


Map li mèt ale 2 A.F. 255

Flè choublak


Yon mèkredi, Emil deside pou li al kay grann li. Lè li rive, li wè yon bèl jaden flè nan lakou a. Li di : «Waww, flè yo bèl !» Li antre kay grann nan, li di : «Bonjou Grann». Li anbrase grann li epi li di : «Ki jan flè sa yo rele ?» Grann nan di : «Mwen gen tout kalite flè nan jaden an. Mwen gen choubblack, flè woz, flè dizè ak magerit».

Emil di : «Grann, ban m ladan yo pou mwen ale plante. Mwen vle plis choublak paske yo pi bèl». Grann nan ba li choublak ak flè woz. Emil di : «Mèsi Grann, mwen pral fè yon bèl jaden flè lakay la».

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a?
 2. Ki jou istwa a te pase?
 3. Kiyès ki t al wè grann li?
 4. Kisa Emil te wè lè li rive kay grann li?
 5. Ki flè grann nan di li genyen nan jaden l'?
 6. Ki flè grann Emil te ba li?
 7. Poukisa nou dwe plante flè lakay nou?
 8. Èske Emil te kontan ak vizit la? Poukisa?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 116

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



218 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 218 pou fè egzèsis #3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 218 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann? Kòmanse!

Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou istwa a te pase?

2-Kisa Emil te wè lè li rive kay grann li?

3-Ki fi grann Emil te ba li?

Leson 116

M ap li nèk ale - 2 AF 219

Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 219 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 219 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
- ☁ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
- ☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☁ Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 117 Revizyon

Objektif:

- Konprann yon devinèt
- Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 117, paj 256 - 257
- Kaye egzèsis, leson 117, paj 220 - 221
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (19 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt




-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
-  **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen bay limyè nan lari ak nan kay.
Mwen fè radyo jwe, mwen fè frijidè mache.
Ni telefòn ni òdinatè yo tout ap tann.
mwen pou yo mache.
Kisa mwen ye? (Repons : kouran)


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
-  **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lektè mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 256.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 256 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifie si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*

Leson 117



▲ vakans - granpapa - kontan - anpil - lendi - maten
 - jaden - zwazo - kolobrit - nich - koulè

● rive - mennen - soti - sezi - mande - rele - renmen
 - siveye - foure - kenbe - rantre

● Vakans rive, papa Emil mennen li al wè granpapa li.
 Emil tèlman renmen kolobrit la, li fè plan pou li kenbe l.

256 Map li nèt ale 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka san pale, 2 pa 2 epi 1 pa 1 epi ansanm nan liv lekti yo nan paj 256 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 256 la pou nou ka li fraz ki nan liy zaboka san pale.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo san pale.

☞ **Kounye a, nou pral li menm liy zaboka 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz youn (1) pa youn (1).**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo pou touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, suiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo ?**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.

Egzèsis # 1 (3 mn)


Leson 117 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Yon ti gason k ap manje kann.


Ti gason an pote kann nan.

Ti gason an mete po kann yo nan poubèl la.



220 Kaye egzèsis

Leson 117



▼ vakans - granpapa - kontan - anpil - lendi - maten - jaden - zwazo - kolobrit - nich - koulè

🍌 rive - mennen - soti - sezi - mande - rele - renmen - siveye - foure - kenbe - rantrè

🍌 Vakans rive, papa Emil mennen li al wè granpapa li. Emil tèlman renmen kolobrit la, li fè plan pou li kenbe li.

256 Map li mèt ale 2 A.F.

Kolobrit

Vakans rive, papa Emil mennen li al wè granpapa li. Granpapa a kontan anpil. Yon lendi maten, granpapa Emil t ap mennen l nan jaden. Sou wout la, Emil wè yon zwazo soti nan yon twou. Emil sezi, li di : "Ooo! Se premye fwa mwen wè sa". Li mande granpapa l : "Kòman zwazo sa a rele ?" Li di : "Li rele kolobrit. Li viv nan twou tè, se la li fè nich". Emil di : "Li bèl anpil. Plim li gen koulè vèt, bèk li wouj".

Emil tèlman renmen kolobrit la, li fè plan pou li kenbe l. Li siveye lè li rantrè nan twou a. Li foure men l "foup l". Li kenbe l. Emil kontan anpil. Li kenbe yon bèl zwazo.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a pase ?
3. Nan ki peryòd Emil te al wè granpapa li ?
4. Ki kote granpapa Emil t ap mennen l ?
5. Kisa Emil te wè sou wout la ?
6. Kòman zwazo Emil te wè a rele ?
7. Kòman zwazo a ye ?
8. Ki kote Emil te wè zwazo a soti ?
9. Poukisa Emil te vle kenbe zwazo a ?
10. Èske tout zwazo viv nan twou tè ?

Map li mèt ale 2 A.F. 257

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 220 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 220 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann ? Kòmanse!**
 - ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
 - ☞ Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 256. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Ki kote mesye a ak ti gason an ye ? Kisa ti gason an ap fè ? Kisa nou wè mesye a ap fè ? Ki sa nou wè nan twou a ? Ki jan mesye a abiye ? Ki jan ti gason an abiye ?**
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.


3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
 - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 257 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Kolobrit

Vakans rive, papa Emil mennen li al wè granpapa li. Granpapa a kontan anpil. Yon lendi maten, granpapa Emil t ap mennen l nan jaden. Sou wout la, Emil wè yon zwazo soti nan yon twou. Emil sezi, li di : «Oooo ! Se premye fwa mwen wè sa». Li mande granpapa l : «Kòman zwazo sa a rele ?» Li di : «Li rele kolobrit. Li viv nan twou tè, se la li fè nich». Emil di : «Li bèl anpil. Plim li gen koulè vèt, bèk li wouj».

Emil tèlman renmen kolobrit la, li fè plan pou li kenbe l. Li siveye lè li rantre nan twou a. Li foure men l «foup !» Li kenbe l. Emil kontan anpil. Li kenbe yon bèl zwazo.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

 Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :

- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit


- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.

- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.

- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.


- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**

 Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**


 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te**

pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.
Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a pase ?
3. Nan ki peryòd Emil te al wè granpapa li ?
4. Ki kote granpapa Emil t ap mennen l ?
5. Kisa Emil te wè sou wout la ?
6. Kòman zwazo Emil te wè a rele ?
7. Kòman zwazo a ye ?
8. Ki kote Emil te wè zwazo a soti ?
9. Poukisa Emil te vle kenbe zwazo a ?
10. Èske tout zwazo viv nan twou tè ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

2-Èkri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki kote granpapa Emil t ap mennen l ?
.....
.....

2-Kisa Emil te wè sou wout la?
.....
.....

3-Kòman zwazo Emil te wè a rele?
.....
.....
.....

Leson 117

M ap li nèt ale - 2 AF 221

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

☞ Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 221 la nan egzèsis # 2 a.

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

☞ Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 118

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
 Jwenn sans mo pou fòmè fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral


Materyèl:

Liv lekti, leson 118, paj 258 - 259
 Kaye egzèsis, leson 118, paj 222 - 223
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)



Leson 118

Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 222. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.

☞ **Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 222. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.**

Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.

☞ **Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa. Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Kiyès nou wè nan imaj yo? Ki bò ti fi a ye? Kisa nou wè nan jaden an? Kisa ti fi a gen nan men li? Kisa li fè an premye? Nan ki sa ti fi a mete mango yo? Ki bò ti fi a al lave mango yo?**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

-Yon apremidi – Yon ti fi – Li nan yon jaden – Yon pye mango ki chaje ak bèl mango – Ti fi a gen yon panye nan men li – Li keyi mango – Li mete mango yo nan panye a – Li al lave mango yo anba yon tiyo.

☞ **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:

Yon apremidi, yon ti fi ale nan jaden ak panye li. Li wè yon pye mango ki chaje ak bèl mango. Li keyi mango mete nan panye a. Apre sa, li al lave mango yo anba yon tiyo.

☁ Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Konsyans fonetik (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 258.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 258 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 258.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1(Dikte mo) (5 mn)

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 222 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 222 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 la. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: pwomèt, kakawo, jaden, konnen, goute.**

Lesson 118



▲ kakawo - vakans - granpapa - Emil - anpil - tankou
- papay - genyen - pyebwa - avèk - chakola - dous - kontan

● pwomèt - montre - mennen - rive - genyen - mande
- rete - keyi - goute - konnen


Pou vakans lan, granpapa Emil pwomèt li pou montre l kakawo.

☺ Yon moten, li mennen l nan jaden li a.

258 M ap itilize 2 A.F.

Lesson 118

Rakonte istwa dapre imaj




• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.


1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

222 Kaye egzèsis


 *Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

 *Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.*

Dezyèm pati leson an (38 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: komunikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.*

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « chokola ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « chokola »?**

 *Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*


☞ **Chokola: Se yon pwodui yo fè avèk kakawo.**

Egzanp:


Yo sèvi ak chokola pou fè bonbon, gato, sirèt, bwason.

 *Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.*


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « chokola » nan kaye bouyon yo.*

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « chokola » nan kaye bouyon li.**

 *Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « chokola » a?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « chokola » a.*

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.



- ▲ kakawo - vakans - granpapa - Emil - anpil - tankou - papay - genyen - pyebwa - avèk - chokola - dous - kantan
 - pwomèt - montre - mennen - rive - genyen - mande - rete - keyi - goute - kannen
- Pou vakans lan, granpapa Emil pwomèt li pou montre l' kakawo.
- Yon maten, li mennen l' nan jaden li a.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 258. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Ki kote nou wè mesye a ak ti gason an? Ki jès nou wè mesye a fè? Kisa nou wè ti gason an ap fè? Ki sa nou wè nan desen an ankò?
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui mo dapre desen

- ☞ Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou epi ale nan paj 222 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
- ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.


Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa


- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l' nan paj 259 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Kakawo

Pou vakans lan, granpapa Emil pwomèt li pou montre l kakawo. Yon maten, li mennen l nan jaden li a. Lè li rive, li montre l yon pye fwi. Li bèl anpil, li pa wo, li pa gwo. Fwi yo fè yon chèn sou pye a tankou papay. Genyen ki mi, genyen ki vèt. Li mande Emil : «Ki jan pyebwa sa a rele ?» Emil di : «Papay, fwi yo fè m wè sa». Granpapa a di : «Men non Emil, pye fwi sa a rele kakawo. Se avèk grenn li yo fè chokola». Granpapa a keyi youn epi li bay Emil goute. Emil di : «Mmmm ! Ala bon fwi, li dous ! Mwen kontan konnen kakawo. Mèsi Granpa !»

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa granpapa Emil te pwomèt l ap montre l pandan vakans lan ?
3. Ki jan pye kakawo a ye ?
4. Ak ki fwi kakawo a sanble ?
5. Kisa yo prepare ak grenn kakawo a ?
6. Ki fwi ou konnen ankò ? Kisa ou konn fè avèk yo ?
7. Èske li enpòtan pou ou konn fwi yo ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (4 mn)

3- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki jan pye kakawo a ye?





2- Kisa yo prepare ak grenn kakawo a?

3- Ki fwi ou konnen ankò?



Lesson 118

M ap li nèk ale - 2 AF 223

Egzèsis # 3

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 223 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 223 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 119

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 119, paj 260 - 261
- Kaye egzèsis, leson 119, paj 224 - 225
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Mwen pral lekòl ak kè kontan.
M ap etidye leson m ak fè devwa m.
M ap rete lekòl pou m ede peyi m.
Lekòl se lavni tout timoun.

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 260.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 260 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 260.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 224 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Li gade anba yon pyebwa, li wè yon bèl sous dlo.
- Nou dwe konnen si dlo a trete anvan nou bwè l.

Leson 119



▲ lendi - lekòl - zanmi - swaf - pyebwa - gode - atansyon - malad - poukisa - anvan - mèsè - konsèy

🍌 gade - bwè - kouri - souke - souri - konnen

🍌 Yon lendi, Emil ap sot lekòl ak zanmi l yo. Li gade anba yon pyebwa, li wè yon bèl sous dlo.


260 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 119

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



224 Kaye egzèsis

☁ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « gode ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « gode » ?**

☁ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Gode se : yon veso pou moun bwè.**

☁ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « gode » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « gode » nan kaye bouyon li.**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « gode » a ?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « gode » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 260. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

☁ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki kote nou wè timoun yo kanpe? Kisa nou wè nan men youn nan ti gason yo ? Kisa li pral fè avè l ? Kisa nou wè ti fi anfas li a fè ? Kisa nou wè**

Leson 119



▲ lendi - lekòl - zanmi - swaf - pyebwa - gode - atansyon - malad - poukisa - anvan - mési - konsèy

● gade - bwè - kouri - souke - souri - konnen

☺ Yon lendi, Emil ap sot lekòl ak zanmi l yo. Li gade anba yon yon pyebwa, li wè yon bèl sous dlo.

260 M ap li nèt ale 2 A.F.

nan desen an ankò?

- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Leson 119

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



224 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

- Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 224 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
- Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
- Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.
- Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifeye prediksyon (8 mn)

Li istwa (8 mn)

- Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 261 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
- Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Dlo pwòp

Yon lendi, Emil ap sot lekòl ak zanmi l yo. Li gade anba yon pyebwa, li wè yon bèl sous dlo. Emil swaf, li anvè bwè dlo a. Li pran gode li, li pran dlo pou l bwè. Alina wè sa, li kouri pran gode a nan men Emil. Epi li di: "Atansyon! Emil, dlo sa a ka fè w malad". Emil di: "Bon Alina, gade ki jan dlo a bèl. Poukisa

Dlo pwòp

Yon lendi, Emil ap sot lekòl ak zanmi l yo. Li gade anba yon pyebwa, li wè yon bèl sous dlo. Emil swaf, li anvè bwè dlo a. Li pran gode li, li pran dlo pou l bwè. Alina wè sa, li kouri pran gode a nan men Emil. Epi li di: "Atansyon! Emil, dlo sa a ka fè w malad". Emil di: "Bon Alina, gade ki jan dlo a bèl. Poukisa pou m pa bwè l la?" Alina gade Emil ak zanmi li yo. Li souke tèt li. Li souri epi li di: "Dlo kiè pa dlo pwòp. Nou dwe konnen si dlo a trete anvan nou bwè l". Emil di: "Mèsi Alina pou bon konsèy sa a!"

Kesyon

- Sou kisa istwa a pale?
- Ki kote Emil t ap soti ak zanmi l yo?
- Kisa Emil te wè anba pyebwa a?
- Kisa Emil te anvè fè?
- Ak kisa Emil te pran dlo nan sous la?
- Kisa Alina te fè pou li anpeche Emil bwè dlo a?
- Poukisa Alina pa t vle Emil bwè dlo a?
- Kisa Alina te di Emil ak zanmi l yo?
- Poukisa nou dwe bwè dlo trete?

M ap li mèz ale 2 A.F. 261

pou m pa bwè l la?" Alina gade Emil ak zanmi li yo, li souke tèt li. Li souri epi li di: "Dlo klè pa dlo pwòp. Nou dwe konnen si dlo a trete anvan nou bwè l". Emil di: "Mèsè Alina pou bon konsèy sa a!"

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**
 ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 ☞ *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
 ☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (9 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Sou kisa istwa a pale?
 2. Ki kote Emil t ap soti ak zanmi l yo?
 3. Kisa Emil te wè anba pyebwa a?
 4. Kisa Emil te anvè fè?
 5. Ak kisa Emil te pran dlo nan sous la?
 6. Kisa Alina te fè pou li anpeche Emil bwè dlo a?
 7. Poukisa Alina pa t vle Emil bwè dlo a?
 8. Kisa Alina te di Emil ak zanmi l yo?
 9. Poukisa nou dwe bwè dlo trete?


Aktivite 4 Pwodiksyon (7 mn)

Leson 119

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo


2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.




Egzèsis # 3 (4 mn)


- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 224 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 224 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann? Kòmmanse!**

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

4-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Sou kisa istwa a pale ?


2-Kisa Alina te fè pou li anpeche Emil bwè dlo a?

3-Kisa Alina te di Emil ak zanmi l yo?


Leson 119

M ap li nèk ale - 2 AF 225


Egzèsis # 4 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 225 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 225 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

☞ Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 120

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 120, paj 262 - 263
- Kaye egzèsis, leson 120, paj 226 - 227
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (23 mn)




Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi (6 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*


Lekti

Lekti fè n vwayaje
Menm si n pa deplase.
Fok timoun aprann li
Pou nou bati lavni.


- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou repete pwezi a pou kont yo byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye silab ki fini chak fraz.**
-  *Fè elèv yo idantifye silab ki fini premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fòme yon fraz ki tèmine ak menm son ak fraz ki nan pwezi a.**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou pwodui 4 fraz ki fini menm jan ak fraz ki nan pwezi a. Ekri fraz yo youn apre lòt sou tablo a apre sa fè elèv yo li yo.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 262.


- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 262 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 262.

- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.


 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 226 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

- ☞ Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 226 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: manje, zòn, plenn, mache, kenbe, felisite.

 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?

Leson 120



▲ plenn - lakay - Emil - Magda - kabrit - koulè - jaden
- okenn - plent - bonè - zanmi - anpil - ankò - gadò

🍌 rele - renmen - mache - manje - kenbe - plenyen -
pote - chache - rive - mete - felisite

🐰 Yo tèlman malen, okenn moun pa janm ka kenbe yo.
Se konsa, yo pa al nan jaden moun ankò.

262 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 120

1-Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.


2-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki kote istwa a te pase?

2-Kisa ti kabrit yo te renmen?


3-Poukisa okenn moun pa janm ka kenbe yo?

226 Kaye egzèsis

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)


Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.


Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)


☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « plent ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « plent » ?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


☞ Plent vle di : fè rapò kont yon moun pou sa li fè ki mal.

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « plent » nan kaye bouyon yo.

☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « plent » nan kaye bouyon li.

 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.


☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « plent » la ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « plent » la.


Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Rekonèt mo ki genyen menm sans (5 mn)


☞ Kounye a, nou pral aprann mo ki gen menm sans.

 Ekri 2 mo yo sou tablo a : plent – rapò.

☞ Nou pral reflechi ansanm sou 2 mo sa yo : plent ak rapò, epi n ap di sa nou panse sou yo.

 Mete elèv yo 2 pa 2 pou youn pataje ak lòt sa yo reflechi sou sans mo plent ak mo rapò. Pase verifye si tout elèv ap travay. Mande elèv yo :

☞ Kiyès ki ka di klas la sa li panse sou 2 mo sa yo : plent ak rapò ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn. Pran repons 2 elèv yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo. Epi di yo :

☞ Mo Plent vle di : fè rapò kont yon moun pou sa li fè ki mal.


Mo Rapò vle di : fè plent kont yon moun pou sa li fè ki mal.

Sa vle di mo plent ak mo rapò genyen menm sans, youn ka ranplase lòt nan yon fraz.


Egzanp :

Jak fè rapò pou kabrit Pyè ki manje jaden I.


Jak fè plent pou kabrit Pyè ki manje jaden I.

 *Ekri fraz sa yo sou tablo a, epi souliye 2 mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka wè mo yo byen nan fraz yo.*

☞ Kiyès ki ka li fraz yo ki sou tablo a byen fò pou klas la ?

 *Aprè sa chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo. Epi mande chak elèv ekri 2 fraz ak 2 mo sa yo : Rapò ak Plent*

☞ Kiyès ki ka fòme 2 lòt fraz ki genyen menm sans ak mo « rapò » epi « plent » pou klas la menm jan ak modèl ki sou tablo a ?

 *Bay elèv yo 2 minit pou fòme fraz yo. Si yon elèv genyen difikilte pou li fè fraz yo, chwazi yon lòt elèv pou ede li oubyen ede li ou menm. Ekri chak fraz elèv yo fòme yo sou tablo a. Aprè sa, mande tout klas la li fraz yo epi korije ansanm ak klas la si nesesè. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.*

Lesson 120



▲ plenn - lakay - Emil - Magda - kabrit - koulè - jaden - okenn - plent - bonè - zanmi - anpil - ankò - gadò

🍌 rele - renmen - mache - manje - kenbe - plenyen - pote - chache - rive - mete - felisite

🍌 Yo tèlman malen, okenn moun pa janm ka kenbe yo. Se konsa, yo pa al nan jaden moun ankò.

262 M ap li mèt ale 2 A.F.


3. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 262. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

 *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*

☞ Kisa nou wè nan men ti fi a ? Ki koulè nou wè ti kabrit yo ? Kisa nou wè y ap fè ? Ki kote nou wè ti fi a kanpe ? Kisa nou wè l ap fè ? Kisa nou wè nan desen an ankò ?

 *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

4. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 263 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

Zini ak Ziko


Nan plenn bò lakay Emil la, papa Magda gen de (2) ti kabrit. Youn rele Zini, lòt la rele Ziko. Zini gen koulè blan, Ziko nwa. Yo renmen fèy kann anpil. Yo mache manje nan jaden tout moun. Yo tèlman malen, okenn moun pa janm ka kenbe yo. Tout moun ki gen jaden nan zòn nan ap plenyen. Yo toujou ap pote papa Magda plent. Lè Magda tande sa, li fè yon plan. Chak maten byen bonè, l al chache fèy kann. Li ba yo manje. Ti kabrit yo vin zanmi Magda anpil. Magda rive mete yo nan kòd. Papa l felisite l. Se konsa, yo pa al nan jaden moun ankò. Magda kontan anpil.

Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Ki kote istwa a te pase ?
3. Ki jan ti kabrit yo rele ?
4. Ki koulè ti kabrit yo ?
5. Kisa ti kabrit yo te renmen ?
6. Poukisa okenn moun pa janm ka kenbe yo ?
7. Poukisa yo toujou ap pote papa Magda plent ?
8. Ki plan Magda te fè pou li rive mete ti kabrit yo nan kòd ?

Lesson 120


M ap li mèt ale 2 A.F. 263

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Zini ak Ziko

Nan plenn bò lakay Emil la, papa Magda gen de (2) ti kabrit. Youn rele Zini, lòt la rele Ziko. Zini gen koulè blan, Ziko nwa. Yo renmen fèy kann anpil. Yo mache manje nan jaden tout moun. Yo tèlman malen, okenn moun pa janm ka kenbe yo. Tout moun ki gen jaden nan zòn nan ap plenyen. Yo toujou ap pote papa Magda plent. Lè Magda tandè sa, li fè yon plan. Chak maten byen bonè, l al chache fèy kann. Li ba yo manje. Ti kabrit yo vin zanmi Magda anpil. Magda rive mete yo nan kòd. Papa l felisite l. Se konsa, yo pa al nan jaden moun ankò. Magda kontan anpil.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

5. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

6. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Sou kisa istwa a pale?
2. Ki kote istwa a te pase?
3. Ki jan ti kabrit yo rele?
4. Ki koulè ti kabrit yo?
5. Kisa ti kabrit yo te renmen?
6. Poukisa okenn moun pa janm ka kenbe yo?
7. Poukisa yo toujou ap pote papa Madga plent?
8. Ki plan Magda te fè pou li rive mete ti kabrit yo nan kòd?

Aktivite 6 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 120

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki kote istwa a te pase?

2- Kisa ti kabrit yo te renmen?

3- Poukisa okenn moun pa janm ka kenbe yo?

226

Kaye egzèsis

Egzèsis # 2 (3 mn)



Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 226 pou fè egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.

- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 226 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**



Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**



Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**



Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Egzèsis # 3 (3 mn)



Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 227 pou fè egzèsis # 3 a.

- ☞ **Nou pral ranplase yon mo pa yon lòt mo ki genyen menm sans avèk li. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 227 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat la, ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la) Nou konprann? Kòmanse!**



Fè elèv yo li premye fraz la. Apre sa, fè yo li tout mo ki nan bwat la. Epi fè yo chwazi mo ki genyen menm sans ak mo ki souliye a pou konplete dezyèm fraz la. Si yo genyen difikilte ede yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**



Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen. Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la ki mo yo chwazi nan bwat la pou konplete dezyèm fraz la. Si elèv yo pa jwenn bon mo a, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon mo a pou konplete fraz la. Mande elèv la poukisa se mo sa li chwazi.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete dezyèm fraz la? Poukisa se mo sa ou chwazi?**



Ekri dezyèm fraz la ak mo ki kòrèk la sou tablo a pou tout klas la. Fè elèv yo li fraz la byen fò. Mande elèv ki fè erè yo fè koreksyon nan kaye yo. Felisite, ankouraje tout elèv yo.

3- Chwazi youn nan mo ki nan bwat la ki genyen menm sans ak mo ki souliye nan premye fraz la pou konplete dezyèm fraz la.

baton - efò - rapò - mango

1) Jak fè plent pou Pyè.



2) Jak fè _____ pou Pyè.

M ap li mèt ale - 2 AF

227

Leson 120

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 121

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodwi mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 121, paj 264 - 265
- Kaye egzèsis, leson 121, paj 228 - 229
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pale sou pwason
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou pwason. Ki kote pwason viv? Kisa pwason manje? Ki jan yo kenbe pwason? Ki jan yo kwit pwason? Èske nou renmen manje pwason? Poukisa?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

Leson 121







▲ Istwa - pwason - wado - basen - mango - zanmi
- timoun - vètè - depi - chagren - vivan - deyò -
kontan

● kenbe - mouri - manje - grandi - tounen - reflechi -
mete - gade - sauke

🍌 Yon jou, timoun zòn nan kenbe Doli nan zen ak vètè
mouri.
Depi lè sa a, Woli ak Emil vin bon zanmi.

264 M ap li mèl ak 2 A.F.

1. Lektè mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 264.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 264 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton

Leson 121



istwa - pwason - wodo - basen - mango - zanmi
- timoun - vètè - depi - chagren - vivan - deyò - kontan

kenbe - mouri - manje - grandi - tounen - reflechi - mete - gadè - souke

Yon jou, timoun zòn nan kenbe Doli nan zen ak vètè mouri.
Depi lè sa a, Woli ak Emil vin bon zanmi.

264 M ap li nèt ate 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka san pale, 2 pa 2 epi 1 pa 1 epi ansanm nan liv lekti yo nan paj 264 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 264 la pou nou ka li fraz ki nan liy zaboka san pale.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo san pale.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm liy zaboka a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn (1) pa youn (1).**
- ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, suiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)


- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 228 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo) Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
- Men fraz yo:**
 - Se istwa de (2) ti pwason wodo, Woli ak Doli.
 - Yo t ap viv nan yon basen anba yon pye mango.
- ☞ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Leson 121

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



228 Kaye egzèsis

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «zen». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «zen»?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Zen se: zouti pechè itilize pou kenbe pwason.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo «zen» nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo «zen» nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo «zen» a?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo «zen» a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 121



▲ Istwa - pwason - wodo - basen - mango - zanmi - timoun - vètè - depi - chagren - vivan - deyò - kontan

● kenbe - mouri - manje - grandi - tounen - reflechi - mete - gade - sauke

☺ Yon jou, timoun zòn nan kenbe Dali nan zen ak vètè mouri. Depi lè sa a, Woli ak Emil vin bon zanmi.


264 Map li nèl ale 2 A.F.

Leson 121

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



228 Kaye egzèsis

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 264. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon .
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Ki kote nou wè timoun yo? Kisa yo ap fè? Ki kote nou wè pwason yo? Kisa ti gason an lage nan dlo a? Kisa nou wè nan desen an ankò?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 228 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
 - ☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 265 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2, fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Woli ak Doli

Se istwa de ti (2) pwason wodo, Woli ak Doli. Yo t ap viv nan yon basen anba yon pye mango. Yo te de (2) bon zanmi, yo te bèl anpil. Yon jou, timoun zòn nan kenbe Doli nan zen ak vètè mouri. Depi lè sa a, Woli te chagren. Li pa janm manje vètè mouri.

Woli vin grandi, li tounen yon gwo pwason. Tout timoun zòn nan vle kenbe Woli, yo pa kapab. Emil reflechi, li mete yon vètè vivan nan yon zen. Woli gade l, vètè a souke kò l. Woli manje l, li tou kole. Emil rale l mete deyò. Woli rele : «Kraaaa ! Kraaaa !» Emil kontan. Li mete l nan yon basen. Depi lè sa a, Woli ak Emil vin bon zanmi.

Kesyon

1. Ki jan pwason wodo yo te rele ?
2. Ki kote pwason yo t ap viv ?
3. Kisa ki te rive Doli ?
4. Ak kisa timoun yo te kenbe Doli ?
5. Apre timoun yo te fin kenbe Doli, ki jan Woli te santi l ?
6. Kisa Woli te fè pou l pa t pran nan zen timoun yo ?
7. Kisa Emil te fè pou li kenbe Woli ?
8. Pousisa Emil ak Woli te vin bon zanmi ?
9. Èske Emil entelijan ? Kisa ki montre sa ?

Leson 121

M ap li nèt ale 2 A.F. 265

Woli ak Doli

Se istwa de ti (2) pwason wodo, Woli ak Doli. Yo t ap viv nan yon basen anba yon pye mango. Yo te de (2) bon zanmi, yo te bèl anpil. Yon jou, timoun zòn nan kenbe Doli nan zen ak vètè mouri. Depi lè sa a, Woli te chagren. Li pa janm manje vètè mouri.

Woli vin grandi, li tounen yon gwo pwason. Tout timoun zòn nan vle kenbe Woli, yo pa kapab. Emil reflechi, li mete yon vètè vivan nan yon zen. Woli gade l, vètè a souke kò l. Woli manje l, li tou kole. Emil rale l mete deyò. Woli rele : «Kraaaa ! Kraaaa !» Emil kontan. Li mete l nan yon basen. Depi lè sa a, Woli ak Emil vin bon zanmi.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki jan pwason wodo yo te rele?
2. Ki kote pwason yo t ap viv?
3. Kisa ki te rive Doli?
4. Ak kisa timoun yo te kenbe Doli?
5. Apre timoun yo te fin kenbe Doli, ki jan Woli te santi l?
6. Kisa Woli te fè pou l pa t pran nan zen timoun yo?
7. Kisa Emil te fè pou li kenbe Woli?
8. Poukisa Emil ak Woli te vin bon zanmi?
9. Èske Emil entelijan? Kisa ki montre sa?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 121

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



228 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 228 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 228 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak sa desen yo ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.) Nou konprann? Kòmanse!


☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.



Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 229 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.*
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 229 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
- ☞ *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
- ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a*

Leson 122 Revizyon

Objektif:

- Konprann yon devinèt
- Pwodwi mo ak fraz nan kaye byen
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 122, paj 266 - 267
- Kaye egzèsis, leson 122, paj 230 - 231
- Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (1 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt



-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se yon gwo fwi.
Mwen nan yon grap lè m sou pye.
Anndan mwen tou blan; dlo mwen dous.
Fèy mwen long epi laj.
Moun bwè dlo mwen epi manje anndan mwen.
Kisa mwen ye? (Repons : kokoye)


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (16 mn)

1. Lekti mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 266.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 266 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*

Leson 122 Revizyon



▲ jaden - diri - jedi - apre midi - dèyè - pyebwa - pèlen - ramye - kalaj - tèlman - zanmi
● remake - manje - kache - poze - kenbe - kouri - bouje - mare - rele - gade
● Papa Emil gen yon bèl jaden diri.
 Li remake gen yon bèt k ap manje diri a.

266 M ap li mèt ale 2 A.F.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka san pale, 2 pa 2 epi 1 pa 1 epi ansanm nan liv lekti yo nan paj 266 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 266 la pou nou ka li fraz ki nan liy zaboka san pale.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo san pale.

☞ Kounye a, nou pral li menm liy zaboka a 2 pa 2.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn (1) pa youn (1).

Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo pou touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, suiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Dezyèm pati leson an (42 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

☞ Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo ?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.


Leson 122 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Pandan li sou wout, li wè yon bèl pye mango.


Tifi a ak yon panyè, li pral nan jaden.

Tifi a ap lave mango mete nan panyè.



230 Kaye egzèsis

Leson 122 Revizyon



▲ jaden - diri - jedi - apremidi - dèyè - pyebwa - pèlen - ramye - kalòj - tèlman - zanmi

● remake - manje - kache - poze - kenbe - kouri - bouje - mare - rele - gade

● Papa Emil gen yon bèl jaden diri. Li remake gen yon bèt k ap manje diri a.

266 M ap li nèl ale 2 A.F.

Yon ramye entelijan

Papa Emil gen yon bèl jaden diri. Li remake gen yon bèt k ap manje diri a. Li pa janm ka wè ki bèt. Yon jedi apremidi, Emil kache dèyè yon pyebwa. Li wè yon gwo ramye poze nan jaden an. Emil di: "Ahaaaaa! M pral kenbe w!"

Emil tann yon pèlen nan jaden an. Yon premye fwa, ramye a pran yon grenn diri, li kouri. Pèlen an pa bouje. Li wè sa, li retounen manje san kò sote. Pandan li ap manje, pèlen an mare l nan pye. Ramye a rele: "Grrrr! Grrrr!" Emil pran l, li mete l nan kalòj. Zye l tèlman bèl, Emil rele tout zanmi l vin gade.

Kesyon

1. Ki tit istwa ?
2. Ki jou istwa sa a pase ?
3. Kisa papa Emil genyen ?
4. Kisa papa Emil remake ?
5. Poukisa Emil te kache dèyè yon pyebwa ?
6. Ki bèt Emil te wè ki poze nan jaden an ?
7. Kisa Emil te di lè li wè bèt la poze nan jaden an ?
8. Kisa Emil te mete nan jaden an ?

267 M ap li nèl ale 2 A.F.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 230 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 230 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann ? Kòmanse!**
 - ☞ *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
 - ☞ *Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.*

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 266. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
 - ☞ *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*
- ☞ **Kisa nou wè bò pyebwa a ? Kisa nou wè nan kalòj la ? Kisa nou wè timoun yo ap fè devan kalòj la ? Ki koulè zwazo a ye ?**
 - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
 - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
 - ☞ *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*


3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
 - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
 - Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2



- ☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 267 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.



Yon Ramye Entelijan

Papa Emil gen yon bèl jaden diri. Li remake gen yon bèt k ap manje diri a. Li pa janm ka wè ki bèt. Yon jedi apremidi, Emil kache dèyè yon pyebwa. Li wè yon gwo ramye poze nan jaden an. Emil di : «Ahaaaaa ! M pral kenbe w !» Emil tann yon pèlen nan jaden an. Yon premye fwa, ramye a pran yon grenn diri, li kouri. Pèlen an pa bouje. Li wè sa, li retounen manje san kè sote. Pandan l ap manje, pèlen an mare l nan pye. Ramye a rele : «Grrrr ! Grrrr !» Emil pran l, li mete l nan kalòj. Zye l tèlman bèl, Emil rele tout zanmi l vin gade.


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.


Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
-  Chwazi 10 elèv (5 fi/5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.


4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te**

pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.
Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

 Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa ?
2. Ki jou istwa sa a pase ?
3. Kisa papa Emil genyen ?
4. Kisa papa Emil remake ?
5. Poukisa Emil te kache dèyè yon pyebwa ?
6. Ki bèt Emil te wè ki poze nan jaden an ?
7. Kisa Emil te di lè li wè bèt la poze nan jaden an ?
8. Kisa Emil te mete nan jaden an ?

Aktivite 4 Egzèsis pratik pou elèv yo

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki jou istwa sa a pase?

2-Kisa papa Emil remake?

3-Ki bèt Emil te wè ki poze nan jaden an?


Leson 122

M ap li nèl ale - 2 AF 231

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 2 a pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

 Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 231 la nan egzèsis # 2 a.

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

 Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

Leson 123

Objektif:


Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòmè fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:

Liv lekti, leson 123, paj 268 - 269
 Kaye egzèsis, leson 123, paj 232 - 233
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)



Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)

Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 232. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.

☞ **Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 232. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.**

Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.

☞ **Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa.**

Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Ki bèt nou wè nan imaj yo? Ki bò ti kana a ye nan premye imaj la? Kisa manman ti kana a ap fè? Kisa ti kana a ap fè nan dezyèm imaj la? Kibò nou wè ti kana a nan dènye imaj la? Ki sa l ap fè?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

Nan maten – Yon ti kana ak manman l – Li nan yon rivyè – Manman ti kana a ap kouri dèyè l - Li ap mache sou yon bout bwa – Li bò rivyè a –Li pral jwenn manman l

☞ **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:

☞ **Yon maten, yon ti kana ak manman l t ap mache bò yon rivyè. Ti kana a tonbe nan rivyè a. Manman an tonbe kouri dèyè l. Ti kana a vin jwenn yon moso bwa. Li mache sou li, li soti nan rivyè a al jwenn manman l.**

Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l oubyen ede l ou menm. Toujou felisite, ankouraje elèv yo.

☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)

Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 268.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 268 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 268.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit


Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 232 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 232 a. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: souvni, jounen, dekouraje, dekole, tonbe.**

Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

Leson 123




▲ souvni - vandredi - Katya - zanmi - lekòl - blag
 - lapli - fasil - labou - soulye - jounen - solèy - pwoblèm
 ● sonje - rive - dekouraje - dekole - tonbe
 🍌 Yon vandredi maten, Katya ak zanmi li yo prale lekòl.
 Li fè bèl solèy epi wout la byen fèt kounye a.

268 M ap li nèt ale 2.A.F.

Leson 123

Rakonte istwa dapre imaj



• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
 • Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

232 Kaye egzèsis

- ☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

☞ Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (35 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « souvni ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « souvni »?**

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ **Nan ki moman nou konn tande mo « souvni »?**

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ **Souvni se: sonje yon evènman, oubyen yon aksyon ki te pase.**

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « souvni » nan kaye bouyon yo.

- ☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « souvni » nan kaye bouyon li.**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

- ☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « souvni » an?**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « souvni » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)


Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 268. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

- ☞ **Ki bò timoun yo ye? Ki jan timoun yo abiye? Kisa nou wè bò wout la? Ki jan nou wè wout la? Ki bò nou wè timoun yo prale? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

Leson 123



▲ souvni - vandredi - Katya - zanmi - lekòl - biag - lapli - fasil - labou - soulye - jounen - solèy - pwoblèm

● sonje - rive - dekouraje - dekole - tonbe

● Yon vandredi maten, Katya ak zanmi li yo prale lekòl. Li fè bèl solèy epi wout la byen fèt kounye a.

268 H ap li mèl ale 2 A.F.


- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui mo dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui mo dapre desen

Lesson 123

Rakonte istwa dapre imaj



- Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè tandan yo.
- Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot dekri yo.

1- Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri twa (3) mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekòl a sou liy ki anba yo.

232 Kaye egzèsis

- Fè elèv yo di epi ekri kèk mo ki genyen rapò ak desen yo sot dekri a nan kaye egzèsis yo.

- Kounye a, nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak desen nou sot dekri nan liv lekòl a. Pran kaye egzèsis nou epi ale nan paj 232 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 3 mo ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekòl a sou liy ki anba yo.

- Bay elèv yo 3 minit pou ekri mo yo nan kaye yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

- Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di epi eple mo li ekri nan kaye egzèsis li a dapre desen an?

- Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri kèk mo kòrèk elèv yo di sou tablo a byen gwo. Apre sa, mande kèk lòt elèv li mo yo epi eple yo byen fò pou klas la.

- Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a epi eple yo pou tout klas la byen fò?

- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo byen fò. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo epi raple kisa yon mo ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

- Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa (8 mn)

- Pou fè aktivite lekòl istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

- Nou pral li yon istwa, pran liv lekòl nou an, ouvri l nan paj 269 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

- Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Yon souvni

Yon vandredi maten, Katya ak zanmi li yo prale lekòl. Yo ap bay blag sou wout la.

David di : «Nou sonje jou ki te gen gwo lapli a ? Sete premye jou lekòl nan mwa me a».

Yo tout reponn : «Wi !»

Yon souvni

Yon vandredi maten, Katya ak zanmi li yo prale lekòl. Yo ap bay blag sou wout la.

David di : «Nou sonje jou ki te gen gwo lapli a ? Sete premye jou lekòl nan mwa me a».

Yo tout reponn : «Wi !»

Katya di : «Li pa t fasil pou nou te rive lekòl la. Te gen anpil labou sou wout la. Nou pa t dekouraje».

Emil di : «Mwen sonje, soulye nou te plen labou. Men yo pa t dekole».

David di : «Jodi a se yon bon jounen. Li fè bèl salèy epi wout la byen fèt kounye a. Menm si lapli ta tonbe nou p ap gen pwoblèm».

Alina di : «Si tout wout fèt, elèv ap toujou rive lekòl bonè».

Kesyon

- Ki tit istwa a ?
- Ki jou istwa a pase ?
- Ki kote Katya ak zanmi li yo te ye ?
- Kisa Katya ak zanmi li yo t ap fè pandan y ap mache ?
- Sou kisa timoun yo t ap pale sou wout la ?
- Kisa David te di zanmi li yo an premye ?
- Kisa Katya te di ?
- Kisa Emil te di ?

M ap li nèt ale 2 A.F. 269


Katya di : «Li pa t fasil pou nou te rive lekòl la. Te gen anpil labou sou wout la. Nou pa t dekouraje».

Emil di : «Mwen sonje, soulye nou te plen labou. Men yo pa t dekole».


David di : «Jodi a se yon bon jounen. Li fè bèl solèy epi wout la byen fèt kounye a. Menm si lapli ta tonbe nou p ap gen pwoblèm».

Alina di : «Si tout wout fèt, elèv ap toujou rive lekòl bonè».

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**


 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (10 mn)


 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*


- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**


1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jou istwa a pase ?
3. Ki kote Katya ak zanmi li yo te ye ?
4. Kisa Katya ak zanmi l yo t ap fè pandan y ap mache ?
5. Sou ki sa timoun yo t ap pale sou wout la ?
6. Kisa David te di zanmi l yo an premye ?
7. Kisa Katya te di ?
8. Kisa Emil te di ?
9. Kisa David te di apre sa ?
10. Kisa Alina te di ? Èske nou dakò avèk li ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)


Egzèsis # 3


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 233 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.


 **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 233 pou fè egzèsis # 3 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**

 *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**

 *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

3-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki tit istwa a?

2-Ki kote Katya ak zanmi li yo t ap fè pandan y ap mache?

3-Kisa Katya ak zanmi li yo t ap fè pandan y ap mache?


M ap li nèt alò - 2 AF 233

Leson 123

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*

 **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 124

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 124, paj 270 - 271
- Kaye egzèsis, leson 124, paj 234 - 235
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Chanmchanm rive, timoun pwoche.
Mayi griye, epi l pile.
Mete sik, sèl, pistach griye.
Chanmchanm byen dous, n ap manje.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*


2. Rapèl (3 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 270.

 **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 270 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 270.

 **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 234 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Chak maten, Katya al pran dlo nan pi kay vwazen an.
- Gen yon gwo tòti nan pi a.

Leson 125



▲ konbit - netwayaj - kòman - prèske - lafyèv - marengwen - fatra - dakò - lide - ansante

🍌 kale - sanble - pike - retire - elimine - pale - kwè

Dlo sal nan zòn nan kale marengwen.
Si nou fè sa, tout moun ap viv ansante.


272 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 124

1- Ekri fraz nou tandè yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



234 Kaye egzèsis

Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (40 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pi ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « pi » ?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Pi: Vle di twou moun fouye nan tè plat pou yo jwenn dlo pou sèvi.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « pi » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « pi » nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « pi » a ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « pi » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 270. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki bò ti fi a ye ? Ki bò tòti a ye ? Kisa nou wè sou do tòti a ? Ki koulè rad ki sou Katya ? Ki koulè tòti a ? Kisa nou wè nan desen an ankò ?**

Leson 124



☑ Katya - tòti - maten - vwazen - pandan - bakit - konsa - tanpri - zanmi - apre - kontan - mèsi

☑ pote - renmen - kase - tonbe - reflechi - kòmanse - chante - monte - gade - souri - plonje

☑ Katya kontan, li di : "Mèsi zanmi mwen !" Tòti a gade Katya, li souri epi li plonje "ploup" nan pi a.

270 N ap li nèt ale 2 A.F.

- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.


Pwodi fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Leson 124

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



234 Kaye egzèsis

Egzèsis # 2: Pwodi fraz dapre desen

- Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 234 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
- Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?
- Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.
- Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
- Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 271 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
- Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Katya ak tòti a

Chak maten, Katya al pran dlo nan pi kay vwazen an. Gen yon gwo tòti nan pi a. Lè Katya al pran dlo, li pote fèy leti pou li. Tòti a renmen sa. Yon jou, pandan Katya ale pran dlo, kòd bokit la kase. Li tonbe nan fon pi a. Katya sezi, l ap reflechi kisa pou l fè. Konsa yon lide pase nan tèt li. Li kòmanse chante: "Tòti nan fon pi, ede mwen tanpri! O tòti! O zanmi mwen!" Apre yon ti tan, Katya wè tòti a. Li monte ak bokit la pou li. Katya kontan, li di: "Mèsi zanmi mwen!" Tòti a gade Katya, li souri epi li plonje "ploup" nan pi a.

Kesyon

- Ki tit istwa a?
- Chak kilè Katya al pran dlo?
- Ki kote Katya al pran dlo?
- Kisa ki genyen nan pi a?
- Kisa Katya pote pou tòti a lè l al pran dlo?
- Kisa ki te rive Katya pandan li te ale pran dlo?
- Kisa li te fè lè bokit la te tonbe nan pi a?
- Kisa tòti a te fè pou Katya?
- Èske Katya ak tòti a bon zanmi? Poukisa?


Hap li mè ale 2 A.F. 271

Katya ak Tòti a


Chak maten, Katya al pran dlo nan pi kay vwazen an. Gen yon gwo tòti nan pi a. Lè Katya al pran dlo, li pote fèy leti pou li. Tòti a renmen sa. Yon jou, pandan Katya ale pran dlo, kòd bokit la kase. Li tonbe nan fon pi a. Katya sezi, l ap reflechi ki sa pou l fè. Konsa yon lide pase nan tèt li.

Li kòmanse chante : «Tòti nan fon pi, ede mwen tanpri ! O tòti ! O zanmi mwen !» Apre yon ti tan, Katya wè tòti a. Li monte ak bokit la pou li. Katya kontan, li di : «Mèsi zanmi mwen !» Tòti a gade Katya, li souri epi li plonje «ploup» nan pi a.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (5 mn)


 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Ki tit istwa a ?
2. Chak kilè Katya al pran dlo ?
3. Ki kote Katya al pran dlo ?
4. Kisa ki genyen nan pi a ?
5. Kisa Katya pote pou tòti a lè l al pran dlo ?
6. Kisa ki te rive Katya pandan li te ale pran dlo ?
7. Kisa li te fè lè bokit la te tonbe nan pi a ?
8. Kisa tòti a te fè pou Katya ?
9. Èske Katya ak tòti a bon zanmi ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (7 mn)

Egzèsis # 3 (4 mn)

 *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 234 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.*


- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 234 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse !**

Leson 124

1- Ekri fraz nou tan de yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekrè nan liv lekli a sou liy ki anba yo.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



234 Kaye egzèsis

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Ki tit istwa a?

2- Kisa ki genyen nan pi a?

3- Kisa ki te rive Katya pandan li te ale pran dlo?

M ap li mèl ale - 2 AF 235

☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

Egzèsis # 4 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 235 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.

☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 235 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèl kòmanse.**

☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

☞ Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 125

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 125, paj 272 - 273
- Kaye egzèsis, leson 125, paj 236
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (25 mn)




Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi



-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Lakansyèl

Syèl la gen plizyè tras.
Mwen pa kwè se yon nyaj.
Lakansyèl li rele.
Tout timoun ap gade.





- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
 -  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**
 -  *Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.*

2. Rapèl (3 mn)





-  Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson anvan an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li nan leson anvan an pou klas la ak pwòp mo pa li?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lekti mo nan liv (6 mn)


-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 272.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 272 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difkilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)


-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 272.
- ☞ Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difkilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.
- Si yon elèv gen difkilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.



Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1(dikte mo) (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 236 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.
- ☞ Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 236 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri li sou

Leson 125



 konbit - netwayaj - kòman - prèske - lafyèv - marengwen - fatra - dakò - lide - ansante
 kale - sanble - pike - retire - elimine - pale - kwè
 Dlo sal nan zòn nan kale marengwen.
 Si nou fè sa, tout moun ap viv ansante.

272 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 125

1-Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki tit istwa a?

2-Kisa Katya te panse ki fè moun yo malad?


3-Poukisa li bon pou nou viv kote ki pwòp?

236 Kaye egzèsis

twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo: sanble, marengwen, konbit, elimine, retire.


 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

 Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (25 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (3 mn)


☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «Lafyè».** Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «Lafyè»?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


☞ **Lafyè se: Yon siy ki montre ou ke ou malad. Li fè kò w cho anpil.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.


☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo «Lafyè» nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo «Lafyè» nan kaye bouyon li.**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo «Lafyè» la?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo «Lafyè» la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesesè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 125

▲ konbit - netwayaj - kòman - prèske - lafyèw - marengwen - fatra - dakò - lide - ansante
 ● kale - sanble - pike - retire - elimine - pale - kwè
 ☺ Dlo sal nan zòn nan kale marengwen. Si nou fè sa, tout moun ap viv ansante.

272 M ap li nèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 272. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè nan desen an? Ki kote nou wè timoun yo ye? Ki jan nou wè ti fi a abiye? Ki jan nou wè ti gason an abiye?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 273 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
 - ☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Konbit netwayaj (1)

David: "Bonjou Katya, kòman w ye? Apa prèske tout moun nan zòn nan gen lafyèw!"

Katya: "Se sa m wè wi David. Dlo sal nan zòn nan kale marengwen. Sanble lè yo pike moun yo, yo ba yo lafyèw".

David: "Se vre wi Katya. An n fè konbit netwayaj nan zòn nan. N ap retire tout ma dlo sal ak fatra. Konsa n ap elimine marengwen yo".

Katya: "Mwen dakò avè w David. An n al pale ak tout elèv nan zòn nan. Mwen kwè n ap fè yon bèl netwayaj".

David: "Dakò Katya! Se yon bon lide. Si nou fè sa, tout moun ap viv ansante".

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Sou kisa David ak Katya t ap pale?
3. Kisa Katya te panse ki fè moun yo malad?
4. Kisa David te mande Katya pou yo fè? Poukisa?
5. Ki lide Katya te genyen?
6. Poukisa li bon pou nou viv kote ki pwòp?

273 M ap li nèl ale 2 A.F.

Konbit netwayaj (1)

David: «Bonjou Katya, kòman w ye? Apa prèske tout moun nan zòn nan gen lafyèw!»

Katya: «Se sa m wè wi David. Dlo sal nan zòn nan kale marengwen. Sanble lè yo pike moun yo, yo ba yo lafyèw».

David: «Se vre wi Katya. An n fè konbit netwayaj nan zòn nan. N ap retire tout ma dlo sal ak fatra. Konsa n ap elimine marengwen yo».

Katya: «Mwen dakò avè w David. An n al pale ak tout elèv nan zòn nan. Mwen kwè n ap fè yon bèl netwayaj».

David: «Dakò Katya! Se yon bon lide. Si nou fè sa, tout moun ap viv ansante».

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.

- ☞ Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (6 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Sou kisa David ak Katya t ap pale ?
 3. Kisa Katya te panse ki fè moun yo malad ?
 4. Kisa David te mande Katya pou yo fè ? Poukisa ?
 5. Ki lide Katya te genyen ?
 6. Poukisa li bon pou nou viv kote ki pwòp ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (11 mn)

Ekri sa w panse (8 mn)

Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz sou yon aktivite yo konn fè lè yo nan rekreyasyon nan lekòl yo.

- ☞ Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks sou yon aktivite nou konn fè lè nou nan rekreyasyon nan lekòl la. N ap di bò kilè yo bay rekreyasyon, ki sa nou konn fè nan rekreyasyon, ki bò nou konn fè aktivite sa a, ak kiyès nou konn rantre nan klas nou, epi ki jan nou rantre nan klas la.

Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.

- ☞ Kounye a nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Koriye tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Egzèsis # 2 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 236 pou fè egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.

- ☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 236 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri

Leson 125

1-Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki tit istwa a ?

2-Kisa Katya te panse ki fè moun yo malad?


3-Poukisa li bon pou nou viv kote ki pwòp?

236 Kaye egzèsis


repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kouye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 126

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 126, paj 274 - 275
- Kaye egzèsis, leson 126, paj 237 - 238
- Kaye bouyon, kreyon, gòm




Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)








-  Mande elèv yo pale sou enpòtans netwayaj.
-  Kounye a nou pral pale sou enpòtans netwayaj. Poukisa nou dwe fè netwayaj? Ak ki sa nou sèvi pou nou fè netwayaj? Ki jan nou fè netwayaj? Èske netwayaj itil?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
-  Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lektè mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 274.
-  Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 274 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
-  Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
-  Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 126



 dimanch - konbit - granmoun - lekòl - lakou - jounen
 - netwayaj - direktè - materyèl - ansuit - zouti -
 gentan - ansanm

 pare - rasanble - chita - distribye - mete - kòmanse
 - chante - netwaye - jete - pase

 Granmoun kou timoun rasanble nan lakou lekòl Katya
 a.
 Yo pase yon bèl jounen ansanm.
 Tout moun kontan pou bèl netwayaj sa a.

274 M ap li mèl ale 2 A.F.

Leson 126



▲ dimanch - konbit - granmoun - lekòl - lakou - jounen
 - netwayaj - direktè - materyèl - ansuit - zouti -
 gentan - ansanm
 ♀ pare - rasanble - chita - distribye - mete - kòmanse
 - chante - netwaye - jete - pase
 Granmoun kou timoun rasanble nan lakou lekòl Katya
 a.
 Yo pase yon bèl jounen ansanm.
 Tout moun kontan pou bèl netwayaj sa a.

274 Map li nèl ale 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka san pale, 2 pa 2 epi 1 pa 1 epi ansanm nan liv lekti yo nan paj 274 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 274 la pou nou ka li fraz ki nan liy zaboka san pale.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo san pale.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm liy zaboka a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn (1) pa youn (1).**
- ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, suiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1(dikte fraz) (5 mn)


- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 237 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse.**
- Men fraz yo :**
 - Yo pase yon bèl jounen ansanm.
 - Tout moun kontan pou bèl netwayaj sa a.
- ☞ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo pou korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Leson 126

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekrri nan liv lekti a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



Map li nèl ale - 2 AF 287

Dezyèm pati lesan an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati lesan an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « materyèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « materyèl »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ Materyèl vle di: zouti yon moun itilize pou fè yon travay.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « materyèl » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « materyèl » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « materyèl » la?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « materyèl » la. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 274. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon .
 - ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè moun yo ap fè? Ki kote nou wè yo ye? Kisa nou wè nan men yo? Ki jan nou wè yo abiye? Kisa nou wè ankò nan desen an?
 - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 237 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
 - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?

Leson 126



▲ dimanch - konbit - granmoun - lekòl - lakou - jounen
 - netwayaj - direktè - materyèl - ansuit - zouti -
 gentan - ansanm
 ☺ pare - rasanble - chita - distribye - mete - kòmanse
 - chante - netwaye - jete - pase
 Granmoun kou timoun rasanble nan lakou lekòl Katya a.
 Yo pase yon bèl jounen ansanm.
 Tout moun kontan pou bèl netwayaj sa a.


274 M ap li nèt ale - 2 A.F.

Leson 126


1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.


3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



M ap li nèt ale - 2 A.F. 237


 *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòmè yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa


 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 275 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Konbit netwayaj (2)

Dimanch byen bonè, Katya ak David pare pou konbit la. Granmoun kou timoun rasanble nan lakou lekòl Katya a. Yo byen kontan. Yo chita, y ap pale sou jounen netwayaj la. Dabò, Katya ak direktè lekòl la distribye materyèl yo. Ansuit, granmoun yo pran zouti, timoun yo mete gan. Apre sa, yo pran wout pou kòmanse netwayaj la. Yo pran chante : «Ala bèl sa bèl se netwayaj !» Yo kòmanse netwaye bò lekòl la rive jis bò plas la. Bò midi, yo gentan jete tout fatra. Yo netwaye tout ma dlo sal yo. Yo pase yon bèl jounen ansanm. Katye a vin byen pwòp. Tout moun kontan pou bèl netwayaj sa a.

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Ki kote granmoun ak timoun yo te rasanble ?
3. Kiyès ki te distribye materyèl bay moun yo ?
4. Ki kote yo te kòmanse netwaye ?
5. Kisa yo te fè bò midi ?
6. Poukisa moun yo te kontan fè netwayaj bò lakay yo ?
7. Èske fè netwayaj enpòtan ? Poukisa ?


M ap li mèl ale 2 A.F.

275


Konbit netwayaj (2)

Dimanch byen bonè, Katya ak David pare pou konbit la. Granmoun kou timoun rasanble nan lakou lekòl Katya a. Yo byen kontan. Yo chita, y ap pale sou jounen netwayaj la. Dabò, Katya ak direktè lekòl la distribye materyèl yo. Ansuit, granmoun yo pran zouti, timoun yo mete gan. Apre sa, yo pran wout pou kòmanse netwayaj la. Yo pran chante : «Ala bèl sa bèl se netwayaj !» Yo kòmanse netwaye bò lekòl la rive jis bò plas la. Bò midi, yo gentan jete tout fatra. Yo netwaye tout ma dlo sal yo. Yo pase yon bèl jounen ansanm. Katye a vin byen pwòp. Tout moun kontan pou bèl netwayaj sa a.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (7 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Ki kote granmoun ak timoun yo te rasanble ?
3. Kiyès ki te distribye materyèl bay moun yo ?
4. Ki kote yo te kòmanse netwaye ?
5. Kisa yo te fè bò midi ?
6. Poukisa moun yo te kontan fè netwayaj bò lakay yo ?
7. Èske fè netwayaj enpòtan ? Poukisa ?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 126

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



Leson 126

M ap li nèt ale - 2 AF 237

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 237 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 237 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Fè yon fraz pou chak desen). Nou konprann ? Kòmanse !

Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la ?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.

Egzèsis # 4 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 238 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.

4-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou istwa a te pase?

2-Ki kote granmoun ak timoun yo te rasanble?

3-Ki kote yo te kòmanse netwaye?

Leson 126

238 Kaye egzèsis

☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 238 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.**

☞ *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

☞ *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*

☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 127 Revizyon

Objektif:

- Aprann tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 127, paj 276 - 277
- Kaye egzèsis, leson 127, paj 239
- Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (29 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt




-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Piiiiiiip ! Piiiiiiip ! Piiiiiiip ! mwen nan machin,
 Nan bisiklèt ak nan motosiklèt.
 Yon chofè pa dwe kondui san mwen.
 Kisa mwen ye ? (Repons : klaksòn)

-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)

1. Lektü mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 276.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 276 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo*

Leson 127 Revizyon



 konkou - lekti - direktè - lekòl - toujou - anpil - poutèt - kilè - pwofesè - bravo - rezilta - istwa - imaj
 òganize - envite - chwazi - patisipe - renmen - eple - kòmanse - mete
 Lè yo bay rezilta konkou a, Katya premye. Tout elèv yo kontan, epi yo di: "Bravo Katya".

276 M ap li mèl an 2 A.F.

an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 127 Revizyon



▲ konkou - lekti - direktè - lekòl - toujou - anpil - poutèt - kilè - pwofesè - bravo - rezilta - istwa - imaj

🍌 òganize - envite - chwazi - patisipe - renmen - eple - kòmansè - mete

👏 Lè yo bay rezilta konkou a, Katya premye. Tout elèv yo kontan, epi yo di: "Bravo Katya".

276 Map li nèt ale 2.A.P.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 276.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri sa w panse (10 mn)

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz sou yon aktivite yo konn fè lè yo an vakans.

☞ **Pran kaye bouyon nou pou nou ka pwodui yon tèks pou nou rakonte aktivite nou konn fè lè nou an vakans :**

Ki jan w konn ale nan vakans ? Ak kiyès ou konn ale nan vakans ? Kibò ou konn ale pase vakans ? A kilè ou leve chak maten lè w nan vakans ? Ki aktivite ou fè lè w nan vakans (lè w fenk leve, nan apremidi, nan sware) ?

☞ Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.

☞ **Kounye a nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Korije tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Dezyèm pati leson an (44 mn)



Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmansè dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè (4 mn)

Revizyon mo vokabilè

-  *Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.*
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.*


Leson 127 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Fi kana a tonbe nan dlo a pandan l ap travèse.

Fi kana a mache sou yon bwat pou li al jwenn manman l.





Fi kana a jwenn ak manman l.




Leson 127

M ap li nèt ale - 2 A.F. 239

Egzèsis # 1 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 239 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 239 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann ? Kòmanse !**
-  *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
-  *Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.*

Leson 127 Revizyon



▲ konkou - lekti - direktè - lekòl - toujou - anpil - poutèt - kilè - pwofesè - bravo - rezilta - istwa - imaj



🔧 òganize - envite - chwazi - patisipe - renmen - eple - kòmanse - mete

👏 Lè yo bay rezilta konkou a, Katya premye. Tout elèv yo kontan, epi yo di: "Bravo Katya".



276 M ap li nèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 276. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
-  *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*
- ☞ **Ki kote nou wè timoun yo ? Kisa nou wè yo ap fè ? Kisa nou wè mesye a ap fè ? Kisa nou wè nan desen an ankò ?**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
-  *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa



Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

- Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 277 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.



Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Konkou lekti

Chak ane, direktè lekòl Katya a òganize konkou lekti. Li toujou envite lòt lekòl nan zòn nan. Chak lekòl chwazi de (2) elèv pou patisipe nan konkou a. Katya renmen li ak eple mo anpil. Poutèt sa, direktè a chwazi li pou l patisipe. Jou konkou a, elèv yo pa ka tann kilè pou yo kòmanse. Chak elèv yo li yon tèks. Katya li fò epi byen. Pwofesè a ak elèv yo bat bravo pou li.

Lè yo bay rezilta konkou a, Katya premye. Li sezi, li mete de (2) men nan bouch li. Direktè a bay Katya de (2) liv ki gen bèl istwa ak imaj. Tout elèv yo kontan, epi yo di: «Bravo Katya».

Kesyon

1. Kiyès ki toujou òganize konkou lekti a?
2. Kilè direktè lekòl Katya a toujou òganize konkou lekti a?
3. Poukisa direktè lekòl la chwazi Katya pou konkou lekti a?
4. Kisa chak elèv te li nan konkou a?
5. Ki jan Katya te li?
6. Kisa pwofesè a ak elèv yo te fè lè Katya ap li a?
7. Kiyès ki te genyen nan konkou a?
8. Kisa Katya te fè lè yo bay rezilta konkou a?
9. Kisa direktè a te bay Katya?
10. Ki jan elèv yo te santi yo?

Map li mèl ale 2 A.F.

Leson 127 Revizyon

Konkou lekti

Chak ane, direktè lekòl Katya a òganize konkou lekti. Li toujou envite lòt lekòl nan zòn nan. Chak lekòl chwazi de (2) elèv pou patisipe nan konkou a. Katya renmen li ak eple mo anpil. Poutèt sa, direktè a chwazi li pou l patisipe. Jou konkou a, elèv yo pa ka tann kilè pou yo kòmanse. Chak elèv yo li yon tèks. Katya li fò epi byen. Pwofesè a ak elèv yo bat bravo pou li.

Lè yo bay rezilta konkou a, Katya premye. Li sezi, li mete de (2) men nan bouch li. Direktè a bay Katya de (2) liv ki gen bèl istwa ak imaj. Tout elèv yo kontan, epi yo di: «Bravo Katya».

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn



Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)



Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)




Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :

- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.


- Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout

istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?

 Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Kiyès ki toujou òganize konkou lekti a?
2. Kilè direktè lekòl Katya a toujou òganize konkou lekti a?
3. Poukisa direktè lekòl la chwazi Katya pou konkou lekti a?
4. Kisa chak elèv te li nan konkou a ?
5. Ki jan Katya te li ?
6. Kisa pwofesè a ak elèv yo te fè lè Katya ap li a ?
7. Kiyès ki te genyen nan konkou a ?
8. Kisa Katya te fè lè yo bay rezilta konkou a ?
9. Kisa direktè a te bay Katya ?
10. Ki jan elèv yo te santi yo ?

Aktivite 4 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

☞ Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 128

Objektif:


Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòm fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

Materyèl:

Liv lekti, leson 128, paj 278 - 279
 Kaye egzèsis, leson 128, paj 240
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

Premye pati leson an (27 mn)

Aktivite 1 Mizantren (10 mn)



1. Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa (10 mn)

- ☁ Fè elèv yo pran kaye egzèsis la epi ale nan paj 240. Mande elèv yo dekri chak imaj epi fè yo reponn kesyon ki mache ak imaj yo pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte yon istwa.
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an. Ale nan paj 240. Gade imaj yo byen pou nou ka di tout sa nou wè nan chak imaj.**
- ☁ Bay elèv yo 3 minit pou obsève imaj yo, epi chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou di tout sa yo wè nan chak imaj. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l. Apre sa, poze yo kesyon pou yo ka jwenn enfòmasyon pou rakonte istwa a.
- ☞ **Kounye a, mwen pral poze nou kesyon dapre imaj nou sot gade yo pou nou ka jwenn enfòmasyon pou nou rakonte yon istwa.**
Nan ki moman nan jounen an istwa sa a ap pase? Ki bèt nou wè nan imaj yo? Ki kote sourit la ye? Ki kote chat la ye? Kisa nou wè sourit la pral fè? Kisa chat la ap fè? Kisa sourit la lage atè? Ki jan chat la santi l? Kisa chat la fè apre sa? Kisa nou wè ki pase ansuit?
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo pou yo ka jwenn enfòmasyon yo. Ekri chak repons elèv yo bay yo sou tablo a. Ede elèv yo jwenn repons ki menm ak repons posib yo. Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt kamarad ede l.

Repons posib:

Yon apremidi – Yon sourit ak yon chat – Sourit la sou yon tab nan yon salamanje – Chat la toupre tab la – Sourit la ap chèche manje – Chat la ap veye sourit la – Sourit la lage yon bòl atè – Chat la pè – Chat la kouri – Sourit la pran yon mayi epi li kouri antre nan yon twou.

- ☞ **Kounye a, nou pral rakonte yon istwa dapre imaj yo ak pwòp mo pa nou.**


☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou rakonte istwa a dapre egzanp sa a:

Egzanp:

Yon apremidi, yon sourit antre nan yon salamanje. Li monte sou yon tab pou l chèche manje. Yon chat kanpe tou pre tab la ap veye l. Sourit la lage yon bòl atè. Chat la pè, li kouri. Sourit la kouri pran yon grenn mayi epi li antre nan yon twou.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 278.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 278 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 278.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**


 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 240 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.

☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 240 lan. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse. Men mo yo : jaden, sipriz, rekreyasyon, kòmanse, separe.**

 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

Leson 128



▲ jaden - anana - lakou - lakay - koulè - vyolèt - anpil
- zanmi - sipriz - sachè - rekreyasyon - ansanm -
poubèl - moman


🍌 genyen - renmen - pote - mande - separe - kòmanse
- manje - fini - jete

👨👩👧👦 Papa Emil genyen yon jaden kann anana nan lakou
lakay li.
Tout moun nan zòn nan renmen kann sa a.

278 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 128

Rakonte istwa dapre imaj



• Gade imaj sa yo byen pou nou ka di tout sa nou wè landan yo.
• Rakonte yon istwa ak enfòmasyon nou jwenn sou imaj nou sot
dekri yo.

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

.....
.....
.....
.....
.....

240 Kaye egzèsis

Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/Eksplwatasyon tèks (27 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « poubèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « poubèl » ?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Poubèl: Se yon materyèl yo itilize pou mete fatra.**

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « poubèl » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « poubèl » nan kaye bouyon li.**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « poubèl » la?**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « poubèl » la.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 278. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Kisa nou wè twa (3) zanmi yo ap fè? Ki kote yo mete po kann y ap manje a? Kisa nou wè tou pre kote y ap manje kann nan? Kisa nou wè lòt elèv yo ap fè? Kisa nou wè ankò nan lakou lekòl la?**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Leson 128



▲ jaden - anana - lakou - lakay - koulè - vyolèt - anpil - zanmi - sipriz - sachè - rekreyasyon - ansanm - poubèl - moman

● genyen - renmen - pote - mande - separe - kòmanse - manje - fini - jete

● Papa Emil genyen yon jaden kann anana nan lakou lakay li.
Tout moun nan zòn nan renmen kann sa a.

278

Map li nèt ale 2 A.F.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (17 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 279 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
 - ☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Kann anana

Papa Emil genyen yon jaden kann anana nan lakou lakay li. Tout moun nan zòn nan renmen kann sa a. Li dous, li gen bèl ne. Li gen koulè vyolèt, li gen anpil ji. Se kann sa a yo plis vann pou moun manje. Emil vle fè zanmi l yo yon sipriz.

Li pote yon bèl sachè kann anana pou yo. Nan rekreyasyon, Emil rasanble zanmi l yo. Li mande yo : "Kiyès ki konn manje kann anana?" David di : "Mwen konn manje l, li dous anpil". Yo chita ansanm, Emil separe kann nan, yo kòmanse manje. Lè yo fini, yo jete po yo nan poubèl. Yo te kontan anpil pou bèl moman sa a.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki kote jaden papa Emil lan ye ?
3. Ki jaden papa Emil genyen ?
4. Kòman kann anana ye ?
5. Ki kann yo plis vann pou moun manje ?
6. Kisa Emil te vle fè pou zanmi l yo ?
7. Ki kote yo jete po kann yo ? Poukisa ?

Leson 128

Map li nèt ale 2 A.F. 279

Kann anana

Papa Emil genyen yon jaden kann anana nan lakou lakay li. Tout moun nan zòn nan renmen kann sa a. Li dous, li gen bèl ne. Li gen koulè vyolèt, li gen anpil ji. Se kann sa a yo plis vann pou moun manje. Emil vle fè zanmi l yo yon sipriz.

Li pote yon bèl sachè kann anana pou yo. Nan rekreyasyon, Emil rasanble zanmi l yo. Li mande yo : «Kiyès ki konn manje kann anana?» David di : «Mwen konn manje l, li dous anpil». Yo chita ansanm, Emil separe kann nan, yo kòmanse manje. Lè yo fini, yo jete po yo nan poubèl. Yo te kontan anpil pou bèl moman sa a.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.
- ☞ Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.


4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.
- ☞ Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.


5. Reponn kesyon (9 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki kote jaden papa Emil lan ye ?
 3. Ki jaden papa Emil genyen ?
 4. Kòman kann anana ye ?
 5. Ki kann yo plis vann pou moun manje ?
 6. Kisa Emil te vle fè pou zanmi l yo ?
 7. Ki kote yo jete po kann yo ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (10 mn)


Ekri sa w panse (7 mn)

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz sou yon bèt yo konnen.


- ☞ Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks sou yon bèt nou konnen. N ap di ki bèt li ye, ki koulè li, ki koulè zye li, konbyen pye li genyen, epi kibò nou konn wè l.

 Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.


- ☞ Kounye a, nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Korije tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.


Egzèsis # 2 (3mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 241 pou fè egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.

- ☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la epi ouvri l nan paj 241 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.

 Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki kote jaden papa Emil lan ye?

2-Ki jaden papa Emil genyen?



3-Kisa Emil te vle fè pou zanmi l yo ?

Leson 128

M ap li mèt ale - 2 AF 241

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 129

Objektif:

- Aprann yon kontin
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 129, paj 280 - 281
- Kaye egzèsis, leson 129, paj 242
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Manman se trezò.
Li fè pitit, li bay tete.
Pou pitit li, li sakrifye l.
Manman pa janm fatige.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

2. Rapèl (3 mn)


-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 280.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 280 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 280.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri mo ak fraz byen epi vit


Egzèsis # 1 (dikte fraz) (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 242 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri yo nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

Men fraz yo :

- Fèt manman se fèt Emil pi renmen.
- Yo al pale ak papa yo pou prepare fèt la



Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv ap ekri fraz yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (39 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « trezò ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « trezò » ?**

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ **Trezò vle di : Sa ki enpòtan, sa ki gen anpil valè. Egzanp : Manman se trezò.**

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la ?**

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « trezò » nan kaye bouyon yo.

☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « trezò » nan kaye bouyon li.**

Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « trezò » a ?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « trezò » a.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 280. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

Pase verifiye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

Leson 129



- ▲ manman - avril - pwezi - netwayaj - dekorasyon - gato - chanpay - apre midi - zanmi - trezò
- renmen - kòmanse - reflechi - prepare - chante - gade - reponn - achte - resite - debouche
- Zanmi yo fè bèl netwayaj nan kay la. Lè manman yo soti, yo kòmanse fè dekorasyon.


280 W ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 129

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



242 Kaye egzèsis

Fèt manman

Fèt manman se fèt Emil pi renmen. Depi mwa avril, Emil ak Katya kòmanse reflechi. Yo al pale ak papa yo pou prepare fèt la. Yo kòmanse prepare chante ak bèl pwezi pou manman yo. Jou fèt la vin rive. Zanmi yo fè bèl netwayaj nan kay la. Manman Emil di : "Poukisa bèl netwayaj sa a ?" Youn gade lòt, yo souri, yo pa reponn. Lè manman yo soti, yo kòmanse fè dekorasyon. Papa yo achte gato, chanpay, epi li prepare manje.

Nan apre midi, manman yo sezi wè kay la. Tout zanmi yo pran chante : "Manman se trezò !" Katya resite yon bèl pwezi, chanpay debouché, se gwo kaze. Manman yo tètman kontan, dlo soti nan je li. Li di : "Mèsi anpil pou bèl fèt sa a !"

Kesyon

1. Ki fèt Emil pi renmen ? Poukisa ?
2. Ki jou ou konn fete fèt manman ?
3. Nan ki mwa Emil ak Katya te kòmanse reflechi pou fèt la ?
4. Kisa Emil, Katya ak zanmi yo fè pou yo prepare fèt la ?
5. Kisa Emil, Katya ak zanmi yo fè jou fèt la ?
6. Kisa papa timoun yo te fè ?
7. Kòman manman Emil ak Katya te santi l nan apre midi ?
8. Kisa ou konn fè pou manman ou jou fèt manman ? Poukisa ?

M ap li nèt ale 2 A.F. 281

☞ Kisa nou wè sou tab yo ? Kòman nou wè sal la dekore ? Ki jan nou wè vizaj madanm nan ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Kisa moun yo ap fè ?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Pwodui fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodui fraz dapre desen

☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.

☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 242 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la 2 fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an ?

☞ Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòme yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.

☞ Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.


☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 281 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.


Fèt Manman

Fèt manman se fèt Emil pi renmen. Depi mwa avril, Emil ak Katya kòmanse reflechi. Yo al pale ak papa yo pou prepare fèt la. Yo kòmanse prepare chante ak bèl pwezi pou manman yo. Jou fèt la vin rive. Zanmi yo fè bèl netwayaj nan kay la. Manman Emil di : «Poukisa bèl netwayaj sa a ?» Youn gade lòt, yo souri, yo pa reponn. Lè manman yo soti, yo kòmanse fè dekorasyon. Papa yo achte gato, chanpay, epi li prepare manje. Nan apremidi, manman yo sezi wè kay la. Tout zanmi yo pran chante : «Manman se trezò !» Katya resite yon bèl pwezi, chanpay debouche, se gwo koze. Manman yo tèlman kontan, dlo soti nan je l. Li di : «Mèsì anpil pou bèl fèt sa a !»

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**


 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.*

5. Reponn kesyon (7 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki fèt Emil pi renmen ? Poukisa ?
 2. Ki jou ou konn fete fèt manman ?
 3. Nan ki mwa Emil ak Katya te kòmanse reflechi pou fèt la ?
 4. Kisa Emil, Katya ak zanmi yo fè pou yo prepare fèt la ?
 5. Kisa Emil, Katya ak zanmi yo fè jou fèt la ?
 6. Kisa papa timoun yo te fè ?
 7. Kòman manman Emil ak Katya te santi l nan apremidi ?
 8. Kisa ou konn fè pou manman ou jou fèt manman ? Poukisa ?


Aktivite 4 Pwodiksyon (7 mn)

Leson 129

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a.

3- Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a.



242 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (4 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 242 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri yon fraz sou imaj ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ **Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 242 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen an byen pou nou ka ekri yon (1) fraz ki gen rapò avèk li. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri yon (1) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☁ *Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen ki nan kaye egzèsis la?**
- ☁ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.*

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☁ *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
- ☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

Leson 130

Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 130, paj 282 - 283
- Kaye egzèsis, leson 130, paj 243
- Kaye bouyon, kreyon, gòm




Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Pwezi (6 mn)


-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou kòmanse leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit, koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse.**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Solèy
Solèy se yon mèvèy.
Li san parèy.
Li pote limyè toupatou.
Li enpòtan nan lavi nou.


- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè elèv yo fè aktivite a ak anpil gete. Verifye si tout elèv ap patisipe. Apre sa, chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason) pou vin resite pwezi a devan klas la byen fò ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès ki mache ak pwezi a.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi de (2) elèv (yon fi ak yon gason). Premye elèv la ap di de (2) premye fraz yo. Dezyèm elèv la ap di de (2) dènye yo.**
-  *Antoure de (2) premye ak de (2) dènye fraz ki nan pwezi a ak lakrè koulè sou tablo a pou elèv yo ka wè yo byen. Toujou felisite ak ankouraje elèv yo.*

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)


1. Lekti mo nan liv (6 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 282.


☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 282 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.


☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 282.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li marye yo ansanm pou li ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Egzèsis # 1 (dikte mo) (5 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 243 pou ekri mo yo ou pral dikte yo a.


☞ **Ouvri kaye egzèsis nou nan paj 243 la. Mwen pral dikte nou kèk mo pou nou ekri sou liy ki nan egzèsis # 1 an. Mwen pral li chak mo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri mo a sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo). Koute byen pou nou ka ekri mo yo. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**

☞ **Men mo yo : rekreyasyon, ansanm, felisite, etidye, konpòtman.**

 Li mo yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a mande elèv yo ekri mo yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, epi si yo ap ekri mo yo. Apre sa, fè koreksyon ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li epi eple mo li sot ekri yo pou klas la?**

Leson 130



▲ zanmi - Alina - David - Odèt - toujou - konsèy - rekreyasyon - ansanm - klòch - konpòtman - lekòl - devwa - leson

🍌 repenn - rele - achte - chita - manje - sonnen - felisite - mande - veye - lage - separe - sonje - etidye

🍌 Lè lekòl lage, nou pran wout la ansanm. Lè n ap separe, li di m sonje fè devwa ak etidye leson yo.

282 M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 130

1- Ekri mo nou tande yo sou liy ki anba yo.

2- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Kisa Alina te di David?

2- Ki jan zanmi Alina a rele ?

3- Kisa yo fè lè klòch la sonnen ?

M ap li nèt ale - 2 A.F. 243

Chwazi 5 elèv pou li epi eple chak mo yo ekri nan kaye yo. Si gen yon elèv ki pa ekri mo yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li epi eple mo yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li mo li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri mo yo sou tablo a. Si gen erè, korije mo yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « konpòtman ». Èske nou konn ki sa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « konpòtman »?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

☞ Konpòtman vle di: fason yon moun ye kote l pase nan sosyete a, depi lakay li tankou nan lekòl ak legliz.

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.

☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « konpòtman » nan kaye bouyon yo.

☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « konpòtman » nan kaye bouyon li.

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.

☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « konpòtman » an?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « konpòtman » an.

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

2. Vizyalizasyon (6 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 282. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ Ki sa nou wè timoun yo ap fè? Ki jan ti gason an abiye? Ki jan ti fi a abiye? Kisa nou wè ankò nan desen an?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Leson 130



zanmi - Alina - David - Odèt - toujou - konsèy - rekreyasyon - ansanm - klòch - konpòtman - lekòl - devwa - leson

reponn - rele - achte - chita - manje - sonnen - felisite - mande - veye - lage - separe - sonje - etidye

Lè lekòl lage, nou pran wout la ansanm. Lè n ap separe, li di m sonje fè devwa ak etidye leson yo.

282

Map li mèl ale 2 A.F.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?
 - ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
 - Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.
 - Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
 - Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.
- ☞ Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 283 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.
 - ☞ Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Bon zanmi

Alina di David : "Mwen gen yon bon zanmi nan klas mwen an". David reponn : "Se vre ? Ki jan li rele ?" Alina di : "Li rele Odèt. Nou toujou ansanm epi li ban m bon konsèy. Chak rekreyasyon, nou soti ansanm pou n al achte. Nou chita, nou manje, apre sa nou al jwe. Kou klòch la sonnen "Blennng ! Blennng !" Nou toujou devan nan liy lan. Pwofesè a felisite nou pou konpòtman nou. Lè pwofesè a soti, li toujou mande nou veye klas la. Lè lekòl lage, nou pran wout la ansanm. Lè n ap separe, li di m sonje fè devwa ak etidye leson yo". David di : "Aaaa ! Se yon bon zanmi. Li ba ou bon konsèy".

Kesyon

1. Kisa Alina te di David ?
2. Kisa David te reponn li ?
3. Ki jan zanmi Alina a rele ?
4. Kisa yo fè lè klòch la sonnen ?
5. Kisa pwofesè a te mande yo lè l ap soti ?
6. Èske Alina gen yon bon zanmi ? Poukisa ?

Leson 130 Revizyon

Map li nèt ale 2 A.F. 283

Bon Zanmi

Alina di David : «Mwen gen yon bon zanmi nan klas mwen an». David reponn : «Se vre ? Ki jan li rele ?» Alina di : «Li rele Odèt. Nou toujou ansanm epi li ban m bon konsèy. Chak rekreyasyon, nou soti ansanm pou n al achte. Nou chita, nou manje, apre sa nou al jwe. Kou klòch la sonnen «Blennng ! Blennng !» Nou toujou devan nan liy lan. Pwofesè a felisite nou pou konpòtman nou. Lè pwofesè a soti, li toujou mande nou veye klas la. Lè lekòl lage, nou pran wout la ansanm. Lè n ap separe, li di m sonje fè devwa ak etidye leson yo». David di : «Aaaa ! Se yon bon zanmi. Li ba ou bon konsèy».

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.
- ☞ Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.


4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te

pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.
Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.




5. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Kisa Alina te di David ?
 2. Kisa David te reponn li ?
 3. Ki jan zanmi Alina a rele ?
 4. Kisa yo fè lè klòch la sonnen ?
 5. Kisa pwofesè a te mande yo lè l ap soti ?
 6. Èske Alina gen yon bon zanmi ? Poukisa ?

Aktivite 4 Pwodiksyon (11 mn)

Ekri sa w panse (8 mn)

-  Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz sou yon aktivite yo konn fè lè yo al nan bibliyotèk.
- ☞ Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks sou yon aktivite nou renmen fè lè nou anndan klas la. Kisa aktivite sa a ye ? Nan ki moman nan jounen an nou konn fè lè ? Ki jan nou fè lè ?
-  Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.
- ☞ Kounye a, nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Korije tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Leson 130

1-Ekri mo nou tandè yo sou liy ki anba yo.

2-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Kisa Alina te di David?




2-Ki jan zanmi Alina a rele ?

3-Kisa yo fè lè klòch la sonnen ?

Leson 130



M ap li mèl ale - 2 AF 243

Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 243 pou fè egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 243 pou fè egzèsis # 2 a. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèl kòmanse.
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans mo a epi eple l?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 131

Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 131, paj 284 - 285
- Kaye egzèsis, leson 131, paj 244 - 245
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (23 mn)

Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

1. Kozri (3 mn)





-  Mande elèv yo pale sou enpòtans paran yo.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpòtans paran. Ki jan paran ou rele? Poukisa paran ou enpòtan pou ou? Kisa yo konn fè nan kay la? Kisa yo konn fè ankò?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a.

2. Rapèl (3 mn)


-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans mo a epi eple l?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (17 mn)

1. Lektli mo nan liv (6 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 284.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 284 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 131



▲ pwason - poul - lendi - rivyè - anpil - vètè - vant - kontan - deyò - mès

● gòye - jwenn - manje - mande - chache - aprann - naje - rantre - mouye - pote - plonje - monte - mete

● Yon gwo pwason vin ap pase nan rivyè a.
● Li fè poul la monte sou do l. Li mete l deyò.

284 Map li mèl ale 2 A.F.

Leson 131



▲ pwason - poul - lendi - rivyè - anpil - vètè - vant - kontan - deyò - mèsi

☺ gaye - jwenn - manje - mande - chache - aprann - naje - rantrè - mouye - pote - plonje - monte - mete

☺ Yon gwo pwason vin ap pase nan rivyè a. Li fè poul la monte sou do l, li mete l deyò.

284 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 284.
- ☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
 - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
 - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.


Ekri mo ak fraz byen epi vit

Leson 131

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



244 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1(dikte fraz) (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 244 pou ekri 2 fraz ou pral dikte yo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Nou pral ekri fraz. Mwen pral dikte nou de (2) fraz. Koute byen pou nou ka ekri nan kaye egzèsis nou. Mwen pral li chak fraz yo 3 fwa pou nou. N ap kòmanse ekri fraz la sou dezyèm fwa a epi n ap fin ekri l sou twazyèm fwa a. (Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.**
- Men fraz yo:**
 - Yon lendi, yon bèl poul t ap gaye tè bò yon rivyè.
 - Li jwenn anpil vètè, li manje.
- ☞ Li fraz yo 3 fwa pou elèv yo. Sou twazyèm fwa a, mande elèv yo ekri fraz yo nan kaye egzèsis yo. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv ap ekri fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije fraz nou sot ekri yo. Kiyès ki ka li fraz li sot ekri yo pou klas la?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo ekri yo. Si gen elèv ki pa li fraz yo byen, mande yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou li chak fraz li ekri yo byen. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason). Premye elèv la ap li fraz li ekri yo epi dezyèm elèv la ap ekri fraz yo sou tablo a. Si gen erè, korije fraz yo sou tablo a pou elèv yo byen. Apre sa, mande lòt elèv yo korije nan kaye yo si yo te fè erè.

Dezyèm pati leson an (41 mn)

Tranzisyon (1 mn)


- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak fraz, epi dikte. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « vètè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « vètè »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Vètè se: Yon ti bèt san zo ki viv nan tè fre. Li brase tè a pou bay plis manje.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « vètè » nan kaye bouyon yo.
 - ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « vètè » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
 - ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « vètè » a?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « vètè » a.
- Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 131



▲ pwason - poul - lendi - rivyè - anpil - vètè - vant - kontan - deyò - mèsi

☺ gaye - jwenn - manje - mande - chache - aprann - naje - rantrè - mouye - pote - plonje - monte - mete

☺ Yon gwo pwason vin ap pase nan rivyè a.
Li fè poul la monte sou do l, li mete l deyò.

284 M ap li mèt ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (11 mn)

Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 284. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ Kisa nou wè bò rivyè a? Ki kote nou wè poul la? Ki kote nou wè pwason an? Ki koulè poul la? Ki koulè pwason an? Kisa nou wè nan desen an ankò?
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

2. Pwodi fraz dapre desen nan kaye egzèsis (5 mn)

Egzèsis # 2: Pwodi fraz dapre desen


- ☞ Fè elèv yo fòme 2 fraz ki genyen rapò ak desen yo sot dekri nan liv lekti a. Epi fè yo ekri fraz yo sou liy nan kaye egzèsis yo.
- ☞ Kounye a, nou pral fòme 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 244 pou fè egzèsis #2 a. Nou pral ekri 2 fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fòme fraz yo epi ekri yo nan kaye egzèsis yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme nan kaye egzèsis li a dapre desen an?

Leson 131


1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekti a.


3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



244 Kaye egzèsis


 *Pran repons 4 elèv (2 fi ak 2 gason) epi ekri fraz yo fòmè yo sou tablo a kòrèk epi byen gwo pou tout elèv nan klas la.*

☞ **Kiyès ki ka li fraz sa yo ki sou tablo a pou tout klas la byen fò ?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo byen fò. Toujou felisite, ankouraje elèv yo, epi raple yo kisa yon fraz ye.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

Li istwa


 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 285 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Pwason ak poul

Yon lendi, yon bèl poul t ap gaye tè bò yon rivyè. Li jwenn anpil vètè, li manje. Yon gwo pwason vin ap pase nan rivyè a. Li wè poul la k ap manje. Li mande li chache vètè pou li tou. Poul la bay pwason an anpil vètè. Pwason an manje vant plen. Pwason an di poul la : «M ap aprann ou naje». Poul la kontan, li rantre nan rivyè a. Plim li mouye, li pa ka soti. Rivyè a pote poul la ale. Li pran rele : «Kòk kòdòk ! Kòk kòdòk !» Pwason an wè sa, li plonje. Li fè poul la monte sou do l, li mete l deyò. Poul la di : «Mèsi bèl pwason».

Kesyon

1. Ki jou istwa a te pase ?
2. Kisa poul la t ap fè ?
3. Poukisa poul la t ap gaye tè a ?
4. Ki bèt ki te vin ap pase nan rivyè a ?
5. Kisa pwason an te mande poul la fè pou li ?
6. Èske pwason an te kontan ?
7. Poukisa pwason an te pote poul la ?
8. Èske nou dwe toujou sove yon zanmi ? Poukisa ?


Leson 131

M ap li nèt ale 2 A.F. 285


Pwason ak Poul

Yon lendi, yon bèl poul t ap gaye tè bò yon rivyè. Li jwenn anpil vètè, li manje. Yon gwo pwason vin ap pase nan rivyè a. Li wè poul la k ap manje. Li mande li chache vètè pou li tou. Poul la bay pwason an anpil vètè. Pwason an manje vant plen. Pwason an di poul la : «M ap aprann ou naje». Poul la kontan, li rantre nan rivyè a. Plim li mouye, li pa ka soti. Rivyè a pote poul la ale. Li pran rele : «Kòk kòdòk ! Kòk kòdòk !» Pwason an wè sa, li plonje. Li fè poul la monte sou do l, li mete l deyò. Poul la di : «Mèsi bèl pwason».

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li tout istwa a youn pa youn pou klas la. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a byen fò pou klas la.*

☞ **Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**

 *Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li a, fè yo suiv ak dwèt yo ansilans.*

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki jou istwa a te pase?
 2. Kisa poul la t ap fè?
 3. Poukisa poul la t ap gaye tè a?
 4. Ki bèt ki te vin ap pase nan rivyè a?
 5. Kisa pwason an te mande poul la fè pou li?
 6. Èske pwason an te kontan?
 7. Poukisa pwason an te pote poul la?
 8. Èske nou dwe toujou sove yon zanmi? Poukisa?


Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

Leson 131

1- Ekri fraz nou tande yo sou liy ki anba yo

2- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak imaj nou sot dekri nan liv lekli a.

3- Ekri de (2) fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen.



244 Kaye egzèsis

Egzèsis # 3 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 244 pou fè egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri 2 fraz sou imaj yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Nou pral fòme fraz dapre desen ki nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 244 pou fè egzèsis # 3 a. Gade desen yo byen pou nou ka ekri 2 fraz ki gen rapò avèk yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri 2 fraz ki genyen rapò ak desen ki anba yo. Yon fraz pou chak desen). Nou konprann? Kòmanse!

Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifeye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ki genyen rapò ak desen yo ki nan kaye egzèsis la?
 - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la fraz yo fòme yo. Ekri fraz yo sou tablo a pou elèv yo. Epi fè elèv yo li fraz ki sou tablo a pou klas la. Raple elèv yo kisa yon fraz ye.*

4- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Ki jou istwa a te pase?





2-Kisa poul la t ap fè ?

3-Kisa pwason an te mande poul la fè pou li?



Leson 131

M ap li nèk ale - 2 AF 245

Egzèsis # 4 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 245 pou fè egzèsis # 4 la. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 245 pou fè egzèsis # 4 la. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Nou mèt kòmanse.**
-  Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a ?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.

Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 132 Revizyon

Objektif:

- Aprann tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral




Materyèl:

- Liv lekti, leson 132, paj 286 - 287
- Kaye egzèsis, leson 132, paj 246
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



Premye pati leson an (29 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt





-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
-  **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen gen de (2) wou
Ak de (2) pedal.
Gidon m konn dekore ak bèl koulè.
Timoun renmen kondui mwen.
Kisa mwen ye? (Repons: bisiklèt)


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
-  **Bravo! Nou te byen travay!**




Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)


1. Lektü mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 286.*
-  **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 286 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifie si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*
-  **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Leson 132 Revizyon



-  vwayaj - bato - tanton - David - zile - Lagonav - vakans - kapitèn - Frederik - premye - dakò - konsa
-  abite - deside - mennen - konnen - rive - reponn - monte - aprann - kondui - chita - gade
- Tanton David abite sou zile Lagonav.
-  Pou vakans lan, papa David deside mennen li kay



☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 286.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri sa w panse (10 mn)

☁ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 fraz pou yo dekri yon poul.

☞ **Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks sou yon poul. N ap di ki koulè plim li ye, konbyen pat li genyen, kisa li manje, epi ki kote li dòmi.**

☁ Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.

☞ **Kounye a, nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Korije tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri tout mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan 4 leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple, epi bay sans mo sa yo ?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte raple yo sans mo yo. Epi fè yo di yo pou kont yo.


Leson 132 Revizyon

1- Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a.

Sourit la lage bòl aliminyòm nan atè, chat la kouri.

Sourit la rantre nan twou l pandan chat la kouri.

Chat la ap veye sourit la ki sou tab la.




246 Kaye egzèsis

Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 246 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral relye fraz ak imaj. Pran kaye egzèsis nou, ouvri l nan paj 246 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo byen epi fè yon flèch soti nan chak fraz pou ale nan imaj ki koresponn avèk li a). Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li chwazi pou premye imaj la ?**
- ☞ Chwazi 3 elèv (2 fi ak 1 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la fraz yo chwazi pou premye desen an. Fè menm jan pou de (2) lòt fraz yo. Fè koreksyon ak tout klas la epi mande elèv yo korije si yo te fè erè.

Leson 132 Revizyon



▼ vwayaj - bato - tonton - David - zile - Lagonav - vakans - kapitèn - Frederik - premye - dakò - konsa

☞ abite - deside - mennen - konnen - rive - reponn - monte - aprann - kondul - chita - gade

☞ Tonton David abite sou zile Lagonav.

☞ Pou vakans lan, papa David deside mennen li kay tonton l.

286 M ap li mèl ale 2 A.F.

2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 286. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.
- ☞ **Ki kote nou wè moun yo kanpe ? Kisa nou wè sou lanmè a ? Ki jan moun yo abiye ? Kiyès mesye ki abiye an blan an ye ? Kisa nou wè nan desen an ankò ?**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☞ Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.


3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)


Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.
- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.
- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).
- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2


 Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 287 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Yon vwayaj nan bato

Tonton David abite sou zile Lagonav. Pou vakans lan, papa David deside mennen li kay tonton l. David pa t konnen si se bato li t ap pral monte. Lè li rive, David di: «Papa, se bato nou pral pran?» Papa li reponn : «Wi pitit mwen». David di : «Waww ! Mwen pral monte yon bèl bato». Kapitèn bato a di : «Bonjou David, mwen se Frederik, kapitèn bato a. Se premye fwa w ap monte bato ?» David reponn : «Wi, mwen byen kontan. W ap aprann mwen kondui bato ? M ap chita bò kote w». Frederik di : «Dakò, ou ka gade. Men ou twò piti pou kondui bato. Lè w pi gran, w ap ka aprann. Konsa ou ka vin yon bon kapitèn».


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

 Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

 Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :

- Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
- Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
- Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
- Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
- Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.

 Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?

Yon vwayaj nan bato

Tonton David abite sou zile Lagonav. Pou vakans lan, papa David deside mennen li kay tonton l. David pa t konnen si se bato li t ap pral monte. Lè li rive, David di: "Papa, se bato nou pral pran?" Papa li reponn : "Wi pitit mwen". David di : "Waww ! Mwen pral monte yon bèl bato".


Kapitèn bato a di : "Bonjou David, mwen se Frederik, kapitèn bato a. Se premye fwa w ap monte bato ?" David reponn : "Wi, mwen byen kontan. W ap aprann mwen kondui bato ? M ap chita bò kote w". Frederik di : "Dakò, ou ka gade. Men ou twò piti pou kondui bato. Lè w pi gran, w ap ka aprann. Konsa ou ka vin yon bon kapitèn".

Kesyon

1. Ki tit istwa ?
2. Kiyès ki abite sou zile Lagonav ?
3. Kisa David ak papa l pran pou yo ale Lagonav ?
4. Poukisa David kontan ?
5. Ki jan kapitèn bato a rele ?
6. Kisa David te mande kapitèn bato a ?
7. Kisa kapitèn nan te reponn David ?
8. Èske nou ta renmen monte bato ? Poukisa ?


Lesson 132 Revizyon

M ap li nèt ale 2 A.F. 287

 Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

 Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
 1. Ki tit istwa ?
 2. Kiyès ki abite sou zile Lagonav ?
 3. Kisa David ak papa l pran pou yo ale Lagonav ?
 4. Poukisa David kontan ?
 5. Ki jan kapitèn bato a rele ?
 6. Kisa David te mande kapitèn bato a ?
 7. Kisa kapitèn nan te reponn David ?
 8. Èske nou ta renmen monte bato ? Poukisa ?

Aktivite 4 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.

- ☞ Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 133 Revizyon

Objektif:

- Aprann tèks powetik
- Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòmè fraz
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral



Materyèl:

- Liv lekti, leson 133, paj 288 - 289
- Kaye egzèsis, leson 133, paj 247
- Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (29 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt



-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann ? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Se avè m yo fè pwòpte.
 Tout moun bezwen m lakay yo.
 Lè yo fin sèvi avè m.
 Yo mete m nan yon kwen.
 Kisa mwen ye ? (Repons : bale)


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**




Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)

1. Lektè mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 288.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 288 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Leson 133 Revizyon




 dènye - lekòl - pwofesè - elèv - kòman - poukisa - granpapa - pisin - zwazo - jaden - tankou - zoranj - chadèk - mango
 danse - pwofite - konnen - renmen - eksplike - egzije - etidye - mande - planifye - benyen - sonje - koule
 Yon Jedi, pwofesè a di: "Timoun, jodi a se dènye jou lekòl".

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difkilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.



2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 288.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

Ekri sa w panse (10 mn)

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz pou rakonte yon aktivite yo konn fè chak samdi.

☞ **Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks sou yon aktivite nou konn fè chak samdi lakay nou. N ap di vè kilè nou leve, ki sa nou fè lè nou leve, kisa nou fè nan apremidi, ki sa nou fè anvan nou dòmi, epi vè kilè nou dòmi.**

☞ Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.

☞ **Kounye a, nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Koriye tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Dezyèm pati leson an (43 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « pisin ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « pisin »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Pisin se: Gwo basen dlo moun konstwi pou benyen oswa naje.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « pisin » nan kaye bouyon yo.
 - ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « pisin » nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
 - ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « pisin » nan?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « pisin » nan.
 - ☞ Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Lesson 133 Revizyon

1- Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1- Kisa pwofesè a di elèv yo?


2- Kisa pwofesè a te mande chak elèv?

3- Kisa Emil te reponn pwofesè a?

Lesson 133

M ap li mèl ale - 2 A.F. 247

Lesson 133 Revizyon



dènye - lekòl - pwofesè - elèv - kòman - poukisa - granpapa - pisin - zwazo - jaden - tankou - zoranj - chadèk - mango

danse - pwofite - konnen - renmen - eksplike - egzij - etidye - mande - planifye - benyen - sonje - koule

Yon jedi, pwofesè a di: "Timoun, jodi a se dènye jou lekòl".
Li pwofite fè yo konnen kòman li renmen yo anpil.

288 M ap li mèl ale 2 A.F.

Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 247 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 247 pou fè egzèsis # 1 an. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.
 - ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.


2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 288. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

 Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☞ **Ki kote nou wè pwofesè a ? Kisa pwofesè a ap fè ? Kisa elèv yo ap fè ? Ki jan nou wè elèv yo ? Ki jan pwofesè a abiye ? Ki jan elèv yo abiye ? Kisa nou wè nan klas la ?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.


- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 289 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.

Dènye jou lekòl

Yon jedi, pwofesè a di : "Timoun, jodi a se dènye jou lekòl". Elèv yo kontan, y ap danse. Li pwofite fè yo konnen kòman li renmen yo anpil. Li eksplike yo poukisa li te egzije yo etidye. Li mande chak elèv ki sa li pral fè pou vakans lan ? Emil di : "Mwen prale Milo al wè granpapa m. Mwen gentan planifye pou m al benyen nan pisin. Genyen anpil bèl zwazo nan jaden granpapa m nan. Mwen toujou sonje bèl fwi tankou zoranj, chadèk, mango. Fwi sa yo fè bouch mwen koule dlo". Pwofesè a kontan repons chak elèv yo bay. Li di tout elèv : "Bon vakans ! Nou tout ap pase !" Elèv yo di : "Weeeee !"

Kesyon


1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa pwofesè a di elèv yo ?
3. Poukisa elèv yo kontan ?
4. Kisa pwofesè a te mande chak elèv ?
5. Kisa Emil te reponn pwofesè a ?
6. Ki fwi Emil toujou sonje ?
7. Èske nou renmen vakans ? Poukisa ?

Leson 133 Revizyon

Dènye jou lekòl

Yon jedi, pwofesè a di : «Timoun, jodi a se dènye jou lekòl». Elèv yo kontan, y ap danse. Li pwofite fè yo konnen kòman li renmen yo anpil. Li eksplike yo poukisa li te egzije yo etidye. Li mande chak elèv ki sa li pral fè pou vakans lan ? Emil di : «Mwen prale Milo al wè granpapa m. Mwen gentan planifye pou m al benyen nan pisin. Genyen anpil bèl zwazo nan jaden granpapa m nan. Mwen toujou sonje bèl fwi tankou zoranj, chadèk, mango. Fwi sa yo fè bouch mwen koule dlo». Pwofesè a kontan repons chak elèv yo bay. Li di tout elèv : «Bon vakans ! Nou tout ap pase !» Elèv yo di : «Weeeee !»

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Ankouraje epi felisite elèv yo.

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☁ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
 - ☁ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☁ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.




4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☁ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (9 mn)

- ☁ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kisa pwofesè a di elèv yo ?
 3. Poukisa elèv yo kontan ?
 4. Kisa pwofesè a te mande chak elèv ?
 5. Kisa Emil te reponn pwofesè a ?
 6. Ki fwi Emil toujou sonje ?
 7. Èske nou renmen vakans ? Poukisa ?

Aktivite 4 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.
-  **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 134 Revizyon

Objektif:

Rakonte yon evènman, yon fè oubyen yon istwa
 Pwodui mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòmè fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 134, paj 290 - 291
 Kaye egzèsis, leson 134, paj 248
 Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (29 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt



-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Yo konsève m nan bibliyotèk.
 Mwen gen anpil paj.
 Anpil moun sèvi avè m pou aprann li.
 Kisa m ye? (Repons : liv).


-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)

1. Lektè mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 290.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 290 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Leson 133 Revizyon




▲ dènye - lekòl - pwofesè - elèv - kòman - poukisa - granpapa - pisin - zwazo - jaden - tankou - zoranj - chadèk - mango
● danse - pwofite - konnen - renmen - eksplike - egzije - etidye - mande - planifye - benyen - sonje - koule
● Yon jedi, pwofesè a di: "Timoun, jodi a se dènye jou lekòl".
 Li pwofite fè yo konnen kòman li renmen yo anpil.

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 134 Revizyon



▲ vakans - mwayèn - kontan - anpil - gita - kote - gitaris - timoun - dakò - premye - amoni - konsa

🍌 rive - renmen - reponn - aprann - mande - montre - mennen - vini - kòmanse - mete - achte

👨‍👦 Papa yo di : "Kisa nou ta renmen fè pou vakans lan ?"

↳ timoun yo vini. Pyè kòmanse ak premye nèt yo.

290 Map li nèt ale 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 290.

☺ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

3. Ekri sa w panse (10 mn)

☁ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz pou rakonte yon aktivite yo konn fè lè yo patisipe nan rebwazman.

☺ **Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks sou rebwazman. N ap di kisa nou fè pou nou plante, ki pyebwa nou renmen plante, poukisa se pyebwa sa a nou renmen plante. N ap di si pyebwa itil, epi ki sa pyebwa ye pou nou.**

☁ Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.

☺ **Kounye a, nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Korije tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « gita ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « gita »?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Gita: Se enstriman mizik ki jwe ak kòd.**
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?**
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo « gita » nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo « gita » nan kaye bouyon li.**
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
- ☞ **Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo « gita » a?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo « gita » a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 134 Revizyon

1-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.


1-Ki epòk istwa a te pase?

2-Ki kesyon papa Emil ak Katya te poze yo?

3-Kisa papa timoun yo te achte pou yo?

248 Kaye egzèsis

Leson 134 Revizyon



▲ vakans - mwayèn - kontan - anpil - gita - kote - gitaris - timoun - dakò - premye - amoni - konsa

🔑 rive - renmen - reponn - aprann - mande - montre - mennen - vini - kòmanse - mete - achte

👤 Papa yo di: "Kisa nou ta renmen fè pou vakans lan?"
Lè timoun yo vini. Pyè kòmanse ak premye nèt yo.

290 M ap li mèl ale 2 A.F.

Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 248 pou fè egzèsis # 1 an. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ **Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 248 pou fè egzèsis # 1 an. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.**
 - ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?**
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.


2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 290. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.**

 *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*

☞ **Ki kote nou wè timoun yo ye? Kisa nou wè yo ap fè? Kisa nou wè nan men mesye yo? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

 *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.


- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.

- Ansuit, chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 291 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Vakans

Vakans rive, Emil ak Katya fè bèl mwayèn. Yo kontan anpil. Papa yo di: «Kisa nou ta renmen fè pou vakans lan?» Yo reponn: «Nou vle aprann jwe gita». Papa Emil ale kote Pyè ki se yon gwo gitaris. Li mande Pyè pou li montre timoun yo jwe gita. Pyè dakò, li di: «Ou mèt mennen yo vini». Lè timoun yo vini, Pyè kòmanse ak premye nòt yo. Li montre yo son: do, re, mi, fa, sòl, la, si. Li fè yo mete son yo youn ak lòt pou fè amoni. Papa yo achte yon bèl gita pou yo. Konsa, timoun yo pase tout vakans lan ap jwe gita.

Kesyon


1. Ki tit istwa a?
2. Ki epòk istwa a te pase?
3. Ki kesyon papa Emil ak Katya te poze yo?
4. Ki repons timoun yo te bay?
5. Poukisa papa Emil te ale pale ak Pyè?
6. Kisa Pyè te di papa Emil?
7. Kisa Pyè te fè lè timoun yo vini?
8. Kisa papa timoun yo te achte pou yo?
9. Èske Emil ak Katya te kontan? Poukisa?

M ap li mèt ale 2 A.F. 291

Vakans

Vakans rive, Emil ak Katya fè bèl mwayèn. Yo kontan anpil. Papa yo di: «Kisa nou ta renmen fè pou vakans lan?» Yo reponn: «Nou vle aprann jwe gita». Papa Emil ale kote Pyè ki se yon gwo gitaris. Li mande Pyè pou li montre timoun yo jwe gita. Pyè dakò, li di: «Ou mèt mennen yo vini». Lè timoun yo vini, Pyè kòmanse ak premye nòt yo. Li montre yo son: do, re, mi, fa, sòl, la, si. Li fè yo mete son yo youn ak lòt pou fè amoni. Papa yo achte yon bèl gita pou yo. Konsa, timoun yo pase tout vakans lan ap jwe gita.

Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

 *Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 *Ankouraje epi felisite elèv yo.*

Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

- ☞ Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
 - ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.

Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
 - ☞ Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.




4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
 - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
 - ☞ Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

- ☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Ki epòk istwa a te pase ?
 3. Ki kesyon papa Emil ak Katya te poze yo ?
 4. Ki repons timoun yo te bay ?
 5. Poukisa papa Emil te ale pale ak Pyè ?
 6. Kisa Pyè te di papa Emil ?
 7. Kisa Pyè te fè lè timoun yo vini ?
 8. Kisa papa timoun yo te achte pou yo ?
 9. Èske Emil ak Katya te kontan ? Poukisa ?

Aktivite 4 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.
-  **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.

Leson 135 Revizyon

Objektif:

Konprann yon devinèt
 Pwouvi mo ak fraz byen lizib nan kaye
 Jwenn sans mo pou fòm fraz
 Li istwa byen fò ak bon ton
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri, aloral



Materyèl:

Liv lekti, leson 135, paj 292 - 293
 Kaye egzèsis, leson 135, paj 249
 Kaye bouyon, kreyon, gòm


Premye pati leson an (29 mn)

Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

1. Devinèt



-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann ? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*


Mwen long.
 Pwofesè renmen sèvi avè m
 Pou trase kare, rektang ak liy.
 Menm elèv sèvi avè m nan lekòl pou yo trase liy .
 Kisa mwen ye ? (Repons : règ)

-  *Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay**

Aktivite 2 Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)

1. Lektè mo nan liv (8 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 292.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 292 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**




☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo marye yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 135 Revizyon



▲ vwayaj - bato - David - kapitèn - lanmè - Frederik - motè - pwason - dofen - anpil - dezyèm - orewa

● monte - chita - deplase - panche - vole - gade - rive - kondui

🔥 id monte bato a ak papa l.
Li chita bò kote kapitèn nan.
Bato a ale dous san li pa panche.

292 M ap li nèk ale 2 A.F.

2. Lekti fraz nan liv lekti (8 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 292.

☞ **Kounye a nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap fè lekti a 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche fraz yo epi li yo ak bon ton.

3. Ekri sa w panse (10 mn)

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou pwodui yon tèks ki genyen 4 oubyen 5 fraz pou dekri lekòl yo.

☞ **Pran kaye bouyon nou pou nou pwodui yon tèks pou dekri lekòl nou. N ap di ki jan lekòl la rele, ak ki koulè penti yo pentire lekòl la, ki klas nou ap fè, konbyen elèv ki nan klas la, epi ki koulè inifòm nou.**

☞ Bay elèv yo 3 minit pou pwodui tèks la.

☞ **Kounye a, nou pral li tèks nou sot pwodui a pou klas la byen fò. Kiyès ki vle li tèks li sot pwodui a pou klas la.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li tèks yo sot pwodui yo pou klas la byen fò. Korije tèks elèv yo pwodui yo ansanm ak klas la. Apre sa, afiche tèks yo nan klas la ak non chak elèv ekri anba tèks pa li a byen gwo.

Dezyèm pati leson an (44 mn)

Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, lekti mo ak lekti fraz. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon tèks.

Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa a (6 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «lanmè». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «lanmè»?
 - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
 - ☞ Lanmè se: Yon gwo kantite dlo sale ki separe zile yo.
 - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, touche mo a sou tablo a pou elèv yo li epi eple l.
 - ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo sa a pou klas la?
 - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, mande elèv yo ekri yon fraz ak mo «lanmè» nan kaye bouyon yo.
 - ☞ Kounye a, chak elèv pral fòme yon fraz ak mo «lanmè» nan kaye bouyon li.
 - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a. Epi mande kèk elèv li fraz yo fòme a pou klas la.
 - ☞ Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak mo «lanmè» a?
 - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo fòme ak mo «lanmè» a. Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap li fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Korije fraz yo pou elèv yo si nesèsè epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

Leson 135 Revizyon

1-Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo.

1-Kijan kapitèn bato a rele?


2-Ki kote David chita?

3-Kisa David te mande kapitèn nan?

Leson 135

M ap li mèl ale - 2 A.F. 249

Leson 135 Revizyon



vwayaj - bato - David - kapitèn - lanmè - Frederik - motè - pwason - dofèn - anpil - dezyèm - orevwa

monte - chita - deplase - panche - vole - gade - rive - kondui

Id monte bato a ak papa l.
Li chita bò kote kapitèn nan.
Bato a ale dous san li pa panche.

292 M ap li mèl ale 2 A.F.

Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 249 pou fè egzèsis #1 an. Fè elèv yo ekri repons kesyon ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo.
- ☞ Nou pral reponn kesyon sou istwa a alekri. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 249 pou fè egzèsis # 1 an. Nou pral byen li kesyon yo epi ekri repons yo sou liy ki anba yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri repons kesyon sa yo dapre istwa nou sot li a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Nou mèt kòmanse.
 - ☞ Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou reponn kesyon yo, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
 - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li kesyon yo epi di klas la repons li jwenn yo dapre istwa a?
 - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pataje ak klas la repons yo jwenn yo.


2. Vizyalizasyon (7 mn)

Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral dekri desen. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 292. Gade desen an byen pou nou ka reponn kèk kesyon.

 *Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sou desen an.*

☞ **Ki kote nou wè moun yo ye? Ki kote nou wè bato a? Kisa nou wè nan lanmè a? Ki jan kapitèn bato a abiye? Kisa nou wè nan desen an ankò?**

 *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon yo. Si yo gen difikilte, chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn repons yo.*

Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di ki sa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di ki sa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou ki sa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 *Ekri non chak elèv bò kote repons li bay la sou tablo a.*

3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (20 mn)

Li istwa

 *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, fè elèv yo li tout istwa a 2 pa 2 epi fè elèv yo li kèk fraz nan istwa a.


- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li fraz nan istwa a youn pa youn.

- Ansuit, chwazi kèk elèv pou li tout istwa a pou kont yo youn (1) pa youn (1).

- Alafen, li tout istwa a pou elèv yo.

Lekti istwa a 2 pa 2

☞ **Nou pral li yon istwa, pran liv lekti nou an, ouvri l nan paj 293 pou nou ka li istwa a. Pou n kòmanse, nou pral li istwa a 2 pa 2. Pandan premye elèv la ap li istwa a, dezyèm elèv la ap suiv ak dwèt li ansilans. Si premye elèv la sote oubyen bliye yon mo, dezyèm elèv la ap montre epi li mo a anvan premye elèv la kontinye li istwa a.**

 *Fè yon modèl pou tout klas la. Apre sa, mete elèv yo 2 pa 2 pou li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Lè elèv yo fin li istwa a 2 pa 2 fè yo li l youn pa youn byen fò pou tout klas la.*

Yon vwayaj nan bato (2)

David monte bato a ak papa l. Li chita bò kote kapitèn nan. David di: "Waww! Lanmè a bèl. Ki jan bato a fè deplase pou kont li?" Frederik reponn: "Bato a gen yon motè deyè l". David di: "Bato a ale dous san li pa panche. Gade pwason k ap vole nan lanmè a"! Papa David reponn: "Pwason sa yo rele dofen. Se konsa yo jwe nan lanmè a". David di: "Waaawww! Yo bèl anpil". Frederik di: "David, gade!" David di: "Oooo! Nou gentan rive papa! Gade bèl kay!" Papa David reponn: "Wi pitit mwen. Dezyèm kay la se pou frè m nan". David di: "Mwen fè yon bèl vwayaj. Orevwa kapitèn! Ou te byen kondui bato a".

Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Kijan kapitèn bato a rele?
3. Ki kote David chita?
4. Kisa David te mande kapitèn nan?
5. Kisa Frederik te reponn?
6. Kisa David te wè nan lanmè a?
7. Ki jan pwason sa yo rele?
8. Kisa pwason sa yo renmen fè nan lanmè a?
9. Èske David te fè yon bèl vwayaj?
10. Èske ou konn vwayaje nan bato?



M ap li mèl ale 2 A.F.

293



Yon vwayaj nan bato (2)

David monte bato a ak papa l. Li chita bò kote kapitèn nan. David di: "Waww! Lanmè a bèl. Ki jan bato a fè deplase pou kont li?" Frederik reponn: "Bato a gen yon motè deyè l". David di: "Bato a ale dous san li pa panche. Gade pwason k ap vole nan lanmè a"! Papa David reponn: "Pwason sa yo rele dofen. Se konsa yo jwe nan lanmè a". David di: "Waaawww! Yo bèl anpil". Frederik di: "David, gade!" David di: "Oooo! Nou gentan rive papa! Gade bèl kay!" Papa David reponn: "Wi pitit mwen. Dezyèm kay la se pou frè m nan". David di: "Mwen fè yon bèl vwayaj. Orevwa kapitèn! Ou te byen kondui bato a".


Lekti fraz nan istwa a youn pa youn

-  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  Ankouraje epi felisite elèv yo.



Lekti tout istwa a youn pa youn (9 mn)

-  Fè elèv yo li tout istwa a youn pa youn pou klas la. Lè w ap fè sa :
 - Itilize griy lekti youn pa youn nan pou ka kontwole konbyen mo chak elèv rive li nan yon 1 minit
 - Pran mont ou oubyen telefòn ou, mete l sou kwonomèt.
 - Chwazi elèv yo youn apre lòt pou li nan plas yo byen fò pou klas la. Fè lòt elèv yo suiv ak dwèt yo san pale.
 - Kontwole konbyen tan chak elèv pran pou yo li istwa a.
 - Note konbyen mo elèv yo rive li nan yon (1) minit. Si yon elèv pran plis pase 1 minit pou li tout istwa a, make nan ki dènye mo elèv la rive nan griy la lè minit la fini pandan w ap kite elèv la fin li istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a youn pa youn. Kiyès nan klas la ki ka li tout istwa a byen fò ak bon ton pou klas la ?**
-  Chwazi 10 elèv (5 fi/ 5 gason). Sonje chwazi plis elèv ki genyen difikilte yo anvan lè w ap fè aktivite lekti a. Felisite epi ankouraje tout elèv.


Lekti modèl pou reponn kesyon

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.**
-  Li istwa a pou elèv yo byen fò ak bon ton, bon rit pou yo ka reponn kesyon yo. Pandan w ap li istwa a, fè yo suiv ansilans pandan y ap touche mo yo ak dwèt yo.

4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)




- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**
-  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn.

5. Reponn kesyon (10 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
 1. Ki tit istwa a ?
 2. Kijan kapitèn bato a rele ?
 3. Ki kote David chita ?
 4. Kisa David te mande kapitèn nan ?
 5. Kisa Frederik te reponn ?

6. Kisa David te wè nan lanmè a ?
7. Ki jan pwason sa yo rele ?
8. Kisa pwason sa yo renmen fè nan lanmè a ?
9. Èske David te fè yon bèl vwayaj ?
10. Èske ou konn vwayaje nan bato ?

Aktivite 4 Evalyasyon (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte istwa yo te li nan leson an ak pwòp mo pa yo.*
-  **Kiyès ki ka rakonte istwa nou te li jodi a pou klas la ak pwòp mo pa li ?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a.*

